# МАХ ДУГ



1

2026

*Нæ Иры зæхх,*
*Дæ тугдадзин нæ сысы,*
*Уым не ‘нцайы аланты ‘хсидгæ туг, –*
*Йæ уынæр мæм фæндыры цагъдау хъуысы,*
*Аланты тугæй иу æртах – мæ уд.*

***ХОДЫ Камал***





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2026

# МАХ ДУГ

**1**
2026

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ӔМӔ ӔХСӔНАДОН-
ПОЛИТИКОН ӔРВЫЛМӔЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТӔГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ӔЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГӔБӔРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2026

# НОМЫРЫ ИС:

**РЕДАКТОРЫ НЫХАС** .......... 5

**ЦÆГОЛТЫ Васили: 105 азы**

ЦÆГОЛТЫ Васили. Æхсæв хæхты. *Радзырд* .......... 8

ГЕТЪОТЫ Ларисæ. Цæголты Василийы фæдисхъæр. *Уац* .......... 15

КАСАТЫ Батрадз. Æз хæсджын дæн Цæголты бинонтæй .......... 22

**ХОДЫ Камал: 85 азы**

ХОДЫ Камал. Фæндагыл ныфс цы нæ ратдзæн лæгæн! *Æмдзæвгæтæ* .......... 24

ХУЫГАТЫ Сергей. Ходы Камал. *Мысинæгтæ* .......... 31

Камалы тыххæй загътой. *Мысинæгтæ* .......... 49

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**ПОЭЗИ**

ЦОЦИТЫ Емзар. Дæ фæлгонц мæ хъуыдыйæ иуварс нæ хизы. *Æмдзæвгæтæ...* .......... 51

**ПРОЗÆ**

ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат. Кæрцæй хæдон хæстæгдæр у. *Радзырд-æцæг хабар...* .......... 57

**ÆРТÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ**

ÆЛБОРТЫ Беллæ .......... 75

**АИВ ДЗЫРДЫ ХÆЗНАДОН**

ГУСАЛТЫ Барис. Дзырд-Хуыцау дугæй дугмæ .......... 78

**ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ**

ГÆДЖЫНАТЫ Дианæ. *Дыуунæ радзырды* .......... 90

**КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ**

ДЖИОТЫ Раисæ. Поэтикон æмæ æмбæстагон æхсар. *Уац* .......... 98

**АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН**

МАЙРÆМЫХЪУАТЫ Фатимæ. Активон æмæ интерактивон методтæ ирон æвзаджы урокты. *Уац* .......... 101

**БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН**

ТОХСЫРТЫ Къоста. *Æмдзæвгæтæ* .......... 116

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**

Хуры чызг. *Таурæгъ* .......... 124

Хæйрæджыты хабæрттæ. .......... 138

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** .......... 143

# РЕДАКТОРЫ НЫХАС



## АДÆМЫ ФАРН БИРÆ У!

Хæрзгæнæг, дам, хорз никуы ссары, фæзæгъынц. Бæгуыдæр ссары! Цардивæнтæ, дугивæнтæ сæхæдæг уымæн – æвдисæн. Лæгау лæджы ном хæссæгæн судзины бырынчъы йас хорздзинад фæу, æмæ йæ цæргæ-цæрæнбонтæм нæ ферох кæндзæн. Æвзæрмæ дæр абон куынæ бахъара дæ хорздзинад, уæд æм искæд уæддæр хæццæ кæндзæн, йæ зондахастыл сахаддзæн.

Хорз хæрзгæнæгмæ фæстæмæ кæй здæхы, уый у царды æцæгдзинад, æмæ мæ бузныджы ныхæстæ зæгъын фæнды ирон журналы хæрзгæнджытæн. Фыццаджыдæр, уыдон сты нæ журналкæсджытæ, нæ автортæ æмæ, æрвылаз журналыл йæ уды фарн æмæ дзыппы бæркадæй чи ауды, уыцы адæм: РЦИ-Аланийы Парламенты депутат Уататы Зелим, амалхъомтæ Хуыгаты Ростислав, Джуссойты Альберт, Æгъуызарты Руслан, Кочынаты Эдуард, Горæтгæрон районы сæргълæууæг Гаглойты Алан, Ирон театры аивадон разамонæг Уалыты Гиви, Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты ректор Тедеты Вадим, Мæскуыйы ирон æхсæнады разамонæг Абайты Алан, лæвæртты æмæ чингуыты

дукани «Книги»-йы директор Абайты Ларисæ, Олгинскæйы цæрджытæ, Цхинвалы 9-æм скъолайы ахуыргæнджытæ сæ директор Зассеты Зарæимæ, пенсиисæг Хъайтыхъты Риммæ. Æмткæй райсгæйæ, Уæрæсейы посты æмæ Хуссар Ирыстоны Саулохты Зойæйы уылты журнал рафысджытæн се ‘ппæтæн дæр зæгъæм бузныг, йæ царды фылдæр бонтæ ирон журналы редакцийы кусгæйæ чи арвыста, дзырдаивады дæснытæй ирон журналæн æмæ ирон литературæйæн йæ цард чи снывонд кодта, ирон дзырд цæра, ирон журнал цæра, зæгъгæ, уыдонæй се ‘ппæты номæй дæр.

Хæдзаронтæгæнгæ мæ фæнды уе ‘ппæт къонатыл дæр æрзилын, ног азы сæрæвæрæн бонты уæ фæрныг къæсæрты сæрты арфæтимæ бахизын, зæрдæйы фæндиæгтæ уæ алкæуыл дæр байуарын! Дарддæр та уе ‘ппæтыл дæр Нафийы ногазон куывд æрцæуæд: «Ног бонтæ æрцыдысты æмæ уын ног амæндтæ æрхæссæнт! Мæ сæрыл цал æрдуйы ис, уæ хосы мæкъуылты цал хиталæджы ис, уал амонды уæ уæд! Уæ фидæнабонтæ хуыздæрæй æййафут! Уæ зайæгхал фос цыппæргæйттæ бауæнт, уæ чындзытæ – лæппуты мæдтæ! Фидæнабонмæ уæ сæнычча хъус дæр ма фæхъæуæд, йæ къухы алгъæй дæр уæ мачи схъæрзæд! Бон æгуыст макуы фæут, æхсæв – æгъуыссæг! Уæ алы бон дæр уæнгрог æмæ зæрдæрухсæй батонут! Уæ цард цингуыст æмæ æнцойвидыцæй арвитут! Æхсинæджы базырау уын аив куыд уа, мады рæвдыдау – адджын, армытъæпæнау – фæлмæн!»

Æхсызгонæй хъусын кæнæм, ацы аз кæй расидтыстæм журнал «Мах дуг»-ы дунеон преми, ныридæгæн кæй æнхъæлмæ кæсæм авторты ног уацмыстæм. Уый дæр æххæстгонд цæуы ирон æвзаг æмæ литературæйыл ауджыты руаджы.

Хорздзинад æнусон у, хæрзгæнæг – арфæйаг! Йæ зæрдæйы уæ чи цы хорз фæндиæгтæ сныв кодта йæхицæн æмæ йæ дзыллæйæн, уыдон царды куыд сæххæст уой, уыцы арфæ Хуыцау ракæнæд!

*ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ*

# ЦÆГОЛТЫ ВАСИЛИ: 105 АЗЫ



**(1921 – 2004)**

*Хаттæй-хатт ахъуыды кæнын дæр хъæуы, цивилизацийы хæрзтæ исгæйæ, нæхи удварнæй бирæ цыдæр ахсджиагдзинæдтæ кæй сафæм, ууыл дæр...*

*ЦÆГОЛТЫ Васили*

# ÆХСÆВ ХÆХТЫ

*Радзырд*

Хур, цыма йæ нæ фæндыд, уыйау йæ фыццаг тынтæ зивæггæнгæ сдардта фæсхохæй. Нырма сыгъзæринхуызæй сфæлыстой митæмбæрзт æфцæджыты, стæй, хохрагъы æмдзæхгæр тигътыл бынмæ тындзгæ, сæхи æруагътой зæххыл.

Чабæхан каст, бынтон æвваxс æнхъæл кæмæн уыд, уыцы хæхты 'рдæм. Уырдæм æй хъуыд цæуын, кæмдæр комы арынджы чи нымбæхст, уыцы Хуссарыхъæумæ – уым кусдзæн æмæ цæрдзæн…

Чабæхан Хуссарыхъæумæ бахæццæ изæрмæ хæстæг. Æнахуырæй афтæ бафæллад, æмæ йæ æрулæфыны мондагæй йе уæнгтæ зæхмæ æлвæстой. Хъæуы иугай хæдзæрттæ барухсдзыд сты, афтæ Чабæхан дæр, йемæ йын кæй рарвыстой, уыцы гæххæтт радта хъæусоветы сæрдармæ. Уый гæххæтт аратил-батил кодта, стæй йæ йæ разы æрæвæрдта æмæ йæ къухæй алæгъз кодта.

– Уæдæ горæтаг дæ, и? – бафарста йæ сæрдар æмæ, бæстондæр дзуапп райсгæйæ, дарддæр, тагъд нæ кæнгæйæ, ныхас кодта йæхиимæ дзурæгау. – Нæ нæм фидар кæнынц дохтыртæ. Чи бæрзонд бынатыл не 'рцахуыр вæййы, чи та… Чызг-дохтыр та нæм фыццаг хатт фæзынд.

Йæ хъæлæсыуагæй бæрæг уыд, чызджы фæхъыг кæнын дæр æй кæй нæ фæндыд, æмæ тыхсгæ дæр кæй кодта.

«Цæй, ныр дын цы акæнон? – хъуыды кодта сæрдар. – Нæлгоймаг уæддæр нæлгоймаг у, цафонфæнды дæр ацæудзæн, йæ сæр кæм бахъæуа, уырдæм, йемæ цæуыл аныхас кæнай, уый дæр ис. Демæ та мæ пъæззы сбырсдзæн».

Сæрдар йе 'рфгуыты бынты бакаст чызгмæ. Къæсхуыртæгонд, сæртæг, цыма ныртæккæ скæудзæн.

– Мæ кусæн бынат уал куы фенин.

– О, о, ныр бадгæйæ цы баззадтæн! Кæд уал, мæ чызг, махмæ бахсæвиуат кæнис, æхсæвæр бакæнын дæр дæ хъæуы. Хæдзары нæм бирæ бынат ис.

– Нæ, нæ. Мæхи бынатыл мæ сæмбæлын кæн.

«О, мæ зæрдæмæ цæуын райдыдтай», – ахъуыды кодта сæрдар.

Уадидæгæн æй бафæндыд, чызгмæ бацæуа æмæ йæ фыдау йæ хъæбысы æрбакæна.

Чабæхан медпункты къæсæрæй куы бахызт, уæд æй йæ уæлныхты фелвæста, уымæй размæ рынчындоны практикæ цæугæйæ кæй банкъардта, уыцы тыхстдзинад. Фæлæ йын уæд йæ алы фезмæлдмæ дæр сæ цæст дардтой дохтыртæ, йæ рæдыд-иу ын бараст кодтой, амыдтой йын. Ныр та алцæй тыххæй дæр йæхи хъæудзæн дзуапп дæттын.

– Мæнæ ам кæндзынæ кусгæ, уæртæ дын уыцы хатæн та уыдзæн цæрæнуатæн. Ды уал æрбынатон у, æз та Мария Петровнæмæ бауайон, – медицинон хойæ нæм кусы.

Чабæхан йæ хæссинæгтæ мидæмæ байста, уайтагъд йæ хуыссæнгæрзты æлхынцъбаст райхæлдта, хъæбæр диваныл тæнæггомау гобан æрæвæрдта, гобанæмбæрзæн ыл айтыгъта, стæй йæ хъæццулы бын фæкодта æмæ йыл уæле баз авæрдта.

– О, ныридæгæн куы æрбæстон дæ! Бæдæйнаг, дохтыр!

Чызг цæхгæр фæзылд:

– Мария Петровнæ?

– Уый дæн.

Чабæханы раз лæууыд, иу-дыууиссæдз азы кæуыл цыдаид, ахæм бæрзонд нарстгомау сылгоймаг, хуымæтæджы цæсгомæвæрд ын, йæ цæстытæ – худæндзаст. Медицинон хо уыцы зæрдиагæй бавнæлдта сæ хъæуы, адæмы тыххæй дзурынмæ, равдыста йын скъоладзауы къухæй нывгонд картæ.

– Хъæутæ бирæ сты, дæ бæрны цы хай ис, уый дардыл у – æнæхъæн европæйаг паддзахад. Кæд рæстæгмæ цæрынмæ не 'рцыдтæ, уæд тагъд æрцахуыр уыдзынæ. Ды ма æвзаг зоныс, æз та райдианы бынтондæр ницы æмбæрстон. Ардæм æрбафтыдтæн туристон балцæджы фæрцы æмæ иу азы фæстæ æрбацыдтæн Агаты Хамбийы бинойнагæй. Хорз адæймаг у, фендзынæ, дæ зæрдæмæ куыд фæцæудзæн. Дыууæ хатты мæм йæхæдæг ныццыд Полтавæмæ. Нæ фырттæй иу фæндзæм къласы ахуыр кæны, иннæ та тагъд институтмæ бацæудзæн. Цæй, хæрзæхсæв у. Райсом дæм раджы æрбауайдзынæн, ацæудзыстæм нæхимæ, ходæн скæндзыстæм, стæй алцы дæр йæ гаччы сбаддзæн.

Мария Петровнæ ацыд, æмæ Чабæхан иунæгæй баззад. Гом рудзынгæй хæххон сыгъдæг уæлдæфимæ хатæнмæ ивылд цæугæдоны æнæрæнцой уынæр. Чабæхан фæтæгенæй судзгæ цырагъы фителыл

ӕрхӕцыд ӕмӕ схуыссыд. Фӕлӕ йӕ сӕр базыл дӕр нӕма авӕрдта, афтӕ уынгӕй ӕрбайхъуыст кӕйдӕр тыхст хъӕлӕс:

– Петровнӕ, кӕм дӕ? Ахбол дӕн.

Чидӕр ӕнӕрлӕугӕйӕ хоста рудзынг, стӕй ныссабыр. Бӕрӕг уыд, Чабӕханы уынгӕй кӕй суыдта, цалынмӕ уый рудзынг бакодта ӕмӕ барӕджы федта, уӕдмӕ.

– Ӕмӕ Мария Петровнӕ кӕм ис?

– Цы ‘рцыди? Ӕз дохтыр дӕн.

– Уӕдӕ ӕз цӕуылнӕ зонын дохтыры?

– Нырма абон ӕрбацыдтӕн.

– Зынцъары ӕрцыд ӕнамонд хабар, тынг мигъ уыд. Ӕххуыс хъӕуы!

– Цавӕр ӕххуыс?

– Лӕг былӕй ахауд.

– Банхъӕлмӕ мӕм кӕс, ӕз ныртӕккӕ.

Иу минуты фӕстӕ Чабӕхан, йӕ къухы чысыл чумӕдангонд, афтӕмӕй разгъордта уынгмӕ.

– Кӕдӕм хъӕуы цӕуын? Фӕндаг мын амон, – загъта йын.

Барӕг ӕм уӕлейӕ бынмӕ ныккаст, стӕй ӕрхызт бӕхӕй.

– Дӕ чумӕдан мӕнмӕ ӕри. Искуы бӕхыл бадтӕ?

– Бафӕлвардзынӕн, – дзуапп ын радта Чабӕхан.

Ахбол аххуыс кодта чызгӕн бӕхмӕ схизынӕн.

– Фидар хӕц.

Ахбол ахӕцыд бӕхы идоныл, ӕмӕ фӕндагыл ахӕрд кодтой уӕлӕмӕ. Цыдысты сындӕггай. Чабӕхан ӕнӕхъуаджы архайдта размӕ кӕсыныл – ахӕм мигъ ныббадт, ӕмӕ дыууӕ къахдзӕфы бӕрцмӕ дӕр фенӕн ницы уыд. Хатт-иу райхъуыст ӕнӕзӕрдӕхцон хъыррыст: ӕфсӕн цӕфхӕдтӕ бырыдысты дурвӕндагыл. Рӕстӕгӕй-рӕстӕгмӕ-иу бӕх йӕ раззаг къӕхтыл ӕрхауд, чысыл-иу аулӕфыд, цӕмӕй сӕ фӕндаг дарддӕр кодтаиккой. Ӕмӕ Ахбол иу хатт дӕр нӕ равдыста йе ‘нӕразыдзинад; ӕмбаргӕ хайуан, барӕг ыл схъӕр кӕна, уымӕ-иу нӕ банхъӕлмӕ каст, афтӕмӕй-иу адарддӕр кодта йӕ фӕндаг.

Чабӕханӕн ахӕм ӕндыгъд бадтӕй бандзыг сты йӕ къӕхтӕ, йӕ фӕсонтӕ цыма йӕхицӕй дӕр нал уыдысты.

– Дохтыр, – ӕппынфӕстаг фехъуыста Ахболы хъӕлӕс, – ардыгӕй уӕлӕмӕ тӕссаг у. Цӕуын хъӕуы фистӕгӕй.

Уый Чабӕханӕн баххуыс кодта бӕхӕй ӕрхизынӕн, стӕй саргъӕй

райхæлдта бæндæн æмæ иудзæвгар джихæй алæууыд. Чызг ницы ‘мбæрста, Ахбол цы сфæнд кодта, уымæн. Уый бæндæны кæрон дыууæ тыхтæй æрбабаста Чабæханы астæуыл. Стæй саргъ систа, рафтыдта идон дæр æмæ сæ иуварс кæдæмдæр ахаста. Фæстæмæ куы ‘рбаздæхт, уæд йæ иу къухæй бæхы бæрзæй адаудта æмæ йæ рог бацавта.

Цыдысты æнæдзургæйæ. Чабæхан йæ къæхтæ кæрæдзийæ фæдыл иста зæрдаивæй. Иуафон йæ къах дурыл бацавта, æмæ йын фæрыст. Сæ къахдзæфтæ кодтой уæззаудæр æмæ цыбырдæр, йæ иннæ кæрон Ахболмæ кæмæн уыд, уыцы бæндæн ыл арæхдæр райдыдта размæ æнцайын, æмæ уæд Чабæханмæ афтæ кæсын райдыдта, цыма йæ ехсæй цæвынц. Талынг æй фæлмæцын кодта йæ бæзджын тарæй, йæ фæллад ыл тæфсын райдыдта къахдзæфæй-къахдзæфмæ, фæндыдис æй, йæ цæстытæ бацъынд кæнгæйæ, зæххыл ныххауын. Йæ зæрдæйы цавд æнкъардта суанг йæ къæмисæнтæй дæр, нæргæ зæлыд йæ хъусты.

– Ахбол, бирæ цæуын ма нæ хъæуы? – бафарста Чабæхан.

Уый йын дзуапп уайтагъд нæ радта.

– Кæд дохтыр бафæллад, уæд йæ бон у баулæфа.

Чабæхан скуыдта фыр маст æмæ фæлладæй, фæлæ зæгъгæ ницы кодта. Рацыдаид ма иу-дæс минуты. Æрлæууыдысты.

– Мæнæ гъе ам баулæфдзыстæм.

Чызг фестъæлфыд.

– Мæнæн мæ бон цæуын у, цас бахъæуа, уыйбæрц, – цæхгæр загъта уый.

Дзуаппы бæсты фехъуыста сабыр, æнкъард хъæлæс:

– Мæ хо… Хæстæг-ма ‘рбалæууу. Дæ ном куыд хуыйны?

– Чабæхан.

– Ныккæс-ма, Чабæхан, уыныс, далæ бынæй арт кæм судзы? Уым ис адæймаг.

– Иунæгæй?!

– Цæмæн иунæгæй? Йæ цуры сты йе ‘мбæлттæ…

– Цæуын хъæуы!

– Нæй гæнæн, бонрухсмæ банхъæлмæ кæсын хъæуы.

– Чи у?

– Фыййау. – Ахбол Чабæханы бакодта, зæххæй сау чи дардта, ахæм дзаумайы цурмæ. – Уыныс?

– Цы у уый?

– Лебедкæ. Фарон æй сæвæрдтой. Ацы æлгъыст бынат... – Ахбол бæласы зæнг къухæй бацавта. – Фæндыд сæ уæлæмæ йæ сисын, фæлæ нæ хистæр фыййау Тасо бар нæ радта. Цыма йæ зыдта… – Фæстаг дзырдтæ Ахбол загъта ныллæг хъæлæсæй, йæхиимæ дзурæгау.

– Бонмæ нырма бирæ ис, – загъта чызг, – ныр хъæуы бафæлварын бынмæ ныххизын, æнхъæлмæ кæсæн нæй.

Ахбол ницы дзырдта. Уый хъуыды кодта ууыл, æнæзонгæ чызг кæй нæ фæтарст йемæ æхсæвыгон цæуыныл, ныр та, йæ удæн нæ тæрсгæйæ, домы ахæм цыдæр, кæцыйыл алы нæлгоймаг не сразы уыдзæн. Фæлæ уый дæр зыдта, æмыр талынг кæй æмбæхсы æнахуыр арф сæрсæфæны, æмæ Чабæхан нæ уыны, цæуын æй кæдæм хъæуы, уый. Чи йæ зоны, райсом та куыд дардзæн йæхи, алцы дæр куы фена, уæд. Фæлæ уæддæр Ахбол ахъуыды кодта: «Уадз йæхæдæг аскъуыддзаг кæнæд».

– Нæ, дохтыр, нæй гæнæн.

Чабæхан æм хæстæгдæр балæууыд.

– Цæмæн хъæуы, хъуыды куыд нæ кæныс, афтæ дзурын? Цы уыдзæн райсом?.. Æз хъæбатыртæм куынæ хауын, Ахбол.

Уый ацагуырдта чызджы къух æмæ йын æй тынг нылхъывта.

– Баулæф, мæ хо…

– Нæ, нæ, – дзурын æй не суагъта Чабæхан.

Ахбол иннæрдæм азылд, йæ армытъæпæнтæй ауондарæн ацарæзта æмæ ныхъхъæр кодта талынджы:

– Гъей-гъей!..

– Гъей-й-й… – йæ хъæр нæргæ азæлыд комы.

Стæй сæм фехъуыст дзуаппон хъæр:

– О-о-о!

Чабæхан нырма ныр бафиппайдта, сæ фале цавæрдæр рухс кæй ферттив-ферттив кодта.

–Тасо рацæуы, – загъта Ахбол.

Чысыл фæстæдæр талынджы разындысты æртæ нæлгоймаджы.

– Æрбакодтай?

Чабæханмæ йæ хъæлæс фæкаст тызмæг, карз.

– Чызджы æрбакодтон, ног дохтыры.

Ахбол кæимæ дзырдта, уый йын дзуапп нæ радта, æмæ Чабæхан бамбæрста, Ахболы ныхæстæ йын йе уæнгтæ кæй амардтой.

– Чызджы, Тасо, нæ фæнды боны рухсмæ æнхъæлмæ кæсын. Нæ, дам, хъæуы рæстæг сафын, – ныллæг хъæлæсæй дзырдта Ахбол.

Райхъуыст кæйдæр уæззау улæфт, æвæццæгæн, Тасо уыдаид. Уый лæууыди разæй, иннæ дыууæ та – йæ фæстæ. Чабæхан хатыд, Тасо хъуыдыты кæй аныгъуылд.

– Ныфсхаст чызг, – фæсус хъæлæсæй загъта уый, бацыд Чабæханмæ, йæ рухсгæнæныл бæрзонддæр схæцыд. – Алæ-ма, бакæсон дæм, мæ чызг. Чи зоны, искуы сæмбæлдыстæм, гæнæн ис, кæрæдзийæн хиуæттæ дæр разынæм…

Тасо лæмбынæг ныккаст чызджы цæсгоммæ.

«Ис дыл зæрдæ дарæн ахæм хъуыддаджы?» – фарста йæ йæ миднымæры, æргомæй та загъта:

– Æмæ ды, мæ чызг, зоныс, кæдæм цæуыс, уый? Уым тынг арф у, – Тасо къухæй ацамыдта сæрсæфæны ‘рдæм.

Чызг бафæрæзта зæронд лæджы тызмæг æмæ домæг цæстæнгасæн.

– Æз зонын, уым кæй ис, баххуыс кæнын кæмæн хъæуы, ахæм тыхст адæймаг.

Тасо ма иудзæвгар æнæдзургæйæ фæкаст чызгмæ, стæй йæ рухсгæнæн бынмæ æруагъта æмæ загъта:

– Дæ ныййарджытæ дæ хурæй бафсæдæнт.

Стæй Тасо бацыд лебедкæйы цурмæ æмæ дзæвгар рæстæг цыдæртæ архайдта, хъуыст дзы цавæрдæр уынæртæ. Ахбол æмæ иннæ дыууæ, зæронд лæгимæ чи æрбацыд, уыдон лæууыдысты йæ цуры. Иуæй дæр сæ ныхас нæ райхъуыст.

– Ахбол! – фæсидт æм Тасо.

– Мæнæ дæн.

– Дæхи бацæттæ кæн.

Чабæхан федта, зæронд лæг Ахболыл фæтæн рон куыд баста, стæй йæ кæдæмдæр бафидар кодта, æмæ уайтагъд лебедкæйы хъыррыст райхъуыст æнæсæрст уæрдоны цалхау. Цалынмæ Чабæхан Тасойы бардзырд фехъуыста, уæдмæ йæм минуттæ фæкастысты æнусы дæргъæн.

– Сисут чъыбыла.

Зæронд лæг иуварс алæууыд. Чабæхан ын уыдта æрмæстдæр йæ гуыбыргомау уæнгтыконд æмæ рæстæгæй-рæстæгмæ йæ сурдымæнæй схъиуæг зынджыты. Уый лæууыд æнæдзургæйæ, цыма дзы чызг рох фæци. Чъыбылайы къуырма уынæр фескъуыдта Тосойы хъуыдыты хал. Уый бацыд Чабæханмæ æмæ йын йæ цонгмæ бавнæлдта.

– Цом, – цыбырæй загъта уый æмæ йæ лебедкæйы цурмæ бакодта.

– Ныххиз, мæ чызг. Афтæ гъе. Сбад, сбад, лæугæ ма кæн. Мæнæ уыцы цæггондыл хæц. Афтæ гъе…

Чабæхан йæ чумæдан арæхстгай æрæвæрдта чъыбылайы бынил æмæ æрбадт, йæ фæсонтæй анцой кодта уазал хъæдæрмæгыл. Йæ къухтæ фыр адæргæй ныддæвдæг сты уыцы цæггондыл, афтæ йæм каст, кæй ницыуал тых сæ раскъуындзæн. Йæ зæрдæ йæ фæдисы рæхуыст кодта.

Æвиппайды йæм афтæ фæкаст, цыма фæхицæн æппæтæй дæр æмæ фæхауы сæрсæфæнмæ. Зыдæй ма сулæфыд уæлдæф, фæлæ уыцы рæстæг йæ хæдсæрмæ фехъуыста Тасойы хъæлæс:

– Ныртæккæ дæ, мæ чызг, райдайдзыстæм бынмæ уадзын.

Зæронд лæджы хъæлæс Чабæханы цадæггай йæхимæ æрцæуын кодта, æмæ фæхатыд, ауындзæгæй кæй аззади уæлдæфы, стæй кæй райдыдта бынмæ хаuын. Цыдæр тас ын йæ зæрдæ сæлхъывта… Стæй чъыбыла цæуылдæр бандзæвыд, æвæццæгæн айнæджы тигъыл, æрлæууыд йæ хауынæй æмæ та ногæй хохы фахсы гранит дуртыл йæхи хафгæ бынмæ афардæг. Чабæхан йæ улæфт баурæдта, афтæ йæм каст, цыма ныртæккæ трос аскъуындзæн, æмæ смидæг уыдзæн сæрсæфæны æнæбын хъæлæсы… Уæдмæ фехъуыста рог гуыпп, йæ уæлвæд – Ахболы хъæлæс:

– Æрхæццæ стæм, дохтыр.

…Къуырийæ фылдæр фæцис Чабæхан рынчыны цур сæрсæфæны бын. Йемæ уыдисты Ахбол æмæ Тасо дæр. Уыцы рæстæджы дæргъы Ахбол уæлæмæ схызт цалдæр хатты хостæ æмæ хойрæгтæм. Стæй, рынчын куы фæхъæддыхдæр, уæд уый дæр систой уæлæмæ, æмæ æрмæстдæр уæд базыдта Чабæхан, рынчын Тасойы фырт кæй уыд.

Бирæ бонтæ æмæ æхсæвтæ арвыстой рынчыны сынтæджы уæлхъус Чабæхан æмæ Мария Петровнæ. Уый ныридæгæн къахыл слæууыд. Фæлæ раздæрау Чабæханы арæх уыд фенæн Тасойы хæдзары.

Зæронд лæг æрæджы фæхуыдта уазджыты. Бирæ адæмы фаг бынат разынд йе стыр хæдзары. Уыцы изæр Тасо Чабæханы схуыдта йæ фыртты хо.

Æмæ Ахбол та… Дзырдтой, зæгъгæ, Ахбол Чабæханмæ каст уарзтæвдылд цæстытæй. Фæлæ нæ хъусдзыстæм адæмы ныхæстæм, цæмæн нæ хъæуы хъуыддæгтæн сæ разæй фæуын? Кæд сын чындзæхсæв уа, уæд дзы мах дæр æнæмæнг уыдзыстæм.

*Уырыссаг æвзагæй ГÆБÆРАТЫ Юрийы тæлмац*

*ГЕТЪОТЫ Ларисæ*

# ЦÆГОЛТЫ ВАСИЛИЙЫ ФÆДИСХЪÆР

*Уац*

Прозаик, тæлмацгæнæг, публицист, Ирыстоны адæмон фыссæг, УСФСР-йы культурæйы сгуыхт кусæг Цæголты Васили хорзæхджын у Фыдыбæстæйы Стыр хæсты II къæпхæны орденæй, майдан «Ирыстоны намысæн»-æй, Болгарийы Фысджыты цæдисы «Никола Вапцаров»-ы майданæй. Уый æрмæст литературон бынтæ нæ ныууагъта, фæлæ ма хорз фæд дæр, йемæ кусын, хæларæй цæрыны амонд кæмæ æрхауд, уыцы адæмы мысæнуаты.

...Фæззыгон уымæл бон... Мах, Цæголты Васили, Баситы Михал æмæ ацы рæнхъыты автор, дидинджытимæ фæцæуæм Девлет Гиреевы ингæнмæ. Абон йæ мысæн бон у, мах та хæларæй бирæ азты фæцардыстæм. Фæндагыл нын Цæголы-фырт бирæ цымыдисаг цаутæ радзырдта сæ хæлардзинады рæстæгæй. Уый бафиппайдта, уыйразмæйы тыхдымгæйæ чи ‘рхауд, уыцы къалиуæй цыртдзæвæн иу ран кæй афаст. «Æз, уыцы бæстæм куы сфæнд кæнон, уæд мæ фыртæн ныффæдзæхсдзынæн, цæмæй дзы мраммортæ-йедтæ ма уа! – дзуры нын, цыртдзæвæн кæмæй афаст, уыцы къалиу иуварс ласгæйæ. – Иу дур æрласæд хæхтæй æмæ уый сæвæрæд мæ ингæныл!»

«Æххæст ын зырдур æрласын кæн, – хъазгæмхасæн ын дзуры Михал. – Æвæццæгæн, тæрсыс, уым дæр дæ зонд куы нæ æрцахсай, æмæ дæ уынгæджы куы уæм уырдыгæй дæр!»

Æмцахъхъæнтæ уыдысты, хæстон лæгтæ кæрæдзийы æнæ дзургæйæ дæр æмбæрстой, кæрæдзийы фелхыскъ кæнын сæ бирæ азты хæлардзинады æвдисæн уыд. Сæ дыууæ дæр худынц, æмæ уымæй фæззыгон хъуынтъыз бон фæрухсдæр. Цæголы-фырт арæхст цыфæнды уавæры дæр зæрдæйы равг фæрог кæнынмæ.

«Мæ фæндаг литературæмæ бирæ цардыуагон цæлхдурты сæрты цыд, – дзуры Цæголты Васили. – Фæлæ, цыдæриддæр сабибонты, ме ‘взонгады азты бавзæрстон, уыдон мын басгуыхтысты диссаджы хорз скъола. – Уый уыд, удыхъæд кæм æхсыст, ахæм куырдадз...

уыдон сты мæ университеттæ. Æвзонджы азты цы фæлтæрддзинад райстон, уый мын у цæрæнбонтæмы фаг. Æнæ уымæй фыссæг суæвæн нæй».

Чи зоны йæ хъысмæт фыссæг суæвынмæ разæнгард кодта, суинаг лæппуйæ хæхтæм геологтимæ куы цыдис, æрзæткъахæнты, завод «Электроцинк»-ы куы куыста, уæд. Цыдис Сау денджызы былгæронмæ, уыдис Фæскавказы, Астæуккаг Азийы, Донбассы.

1941 азы райдайæны ссис Красноводскæн рахицæнгонд донбынкъахæн «Степан Разин»-ы матрос. Уырдыгæй йæм æрсидтысты æфсадмæ дæр.

Уæззау фыдæвзарæнты æцæгæй чи рацыд, уыцы хæстонтау йæ зæрдыл арæх нæ лæууын кодта хæстон азтæ. Хæст æй æрæййæфта Нежины, фыццаг цæф та фæцис Киевы бынмæ, Голосеевскы хъæды. Хос кодта, фидаргонд æрцыд фæсауæрцы полкъмæ, уым арæзт цыдис, хицæн хæйттæм кæй æрвыстой, ахæм къордтæ. Цыма æртын фондз гæппы ракодта, уый йæхиуыл хæрз æнцонæй æрфысгæйæ, ист æрцыд, немыцы фæсчъылдыммæ десантæн кæй цæттæ кодтой, уыцы парашютон-десантон службæйы æфсæддон хаймæ.

«Æз та парашют уынгæ дæр никуы фæкодтон, – æрымысыд-иу уый. – Фервæзын мæ кодта иу фембæлд. Базонгæ дæн бакуйаг «æмзæххон» Алиевимæ. Куы йæ базыдта, æз парашютимæ кæй никуы рагæпп кодтон, уæд фыр адæргæй аджих, фæлæ мын уайтагъд баххуыс кодта парашют тухынæн, стæй мын бауынаффæ кодта: «Ды хъуамæ басæттай, кæй фæсайдтай, ууыл. Афтæ гæнæн нæй…» Фæлæ йын æз дзуапп радтон: «Никæд! Гæпп кæндзынæн!»

Чи зоны, Дунескæнæг хъахъхъæны ахæм «æнæсæрты», хæрзæбонмæ здæхт рог адæймæгты... Стæй архайдта Мæскуыйы бынмæ операциты, Ныгуылæнмæ адаргæ фæндагыл, немыцæгты фæсчъылдым парашютистты æрæппæрстыты. Фронты сси коммунист. Хæстæй æрыздæхт æрмæстдæр 1946 азы уалдзæджы.

Партион куыст кæнынмæ æрвыст æрцыд Мæхческмæ, 1956 азы онг уыд Æрæфы хуссарварс хайы Мæхческы райцентр. Цæголы-фырт кусын райдыдта Мæхческы партийы райкомы фыццаг нымæрдар Гетъоты Чичийы фырт Хъайсыны (ацы рæнхъыты авторы фыды) разамындæй. Уæдæй суанг сæ царды фæстаг бонты онг цардысты хæларæй, кæд-иу сæ цард, æндæр æмæ æндæр бынæттæм арвитгæйæ,

кæрæдзийæ фæхицæн кодта, уæддæр. Васили нæ ферох кодта мæ фыды хорздзинæдтæ, нымадта йæ йæ фæндагамонæгыл – уый кæддæриддæр æвдыста æргомæй, æгæрыстæмæй лæваргонд чингуытыл фыстыты дæр. Мысыд-иу: «Фыццаг нымæрдарæн докладтæ, хыгъдтæ арæхдæр цæттæ кодтон æз. Уыцы куыст æххæст кодтон стыр бæрндзинад æнкъаргæйæ, хатт-иу æнафонтæм дæр баззадтæн. Райсом-иу сæ бахастон Гетъойы-фыртмæ. Уый-иу тагъд-тагъд йæ цæст ахаста дыууæ-æртæ сыфыл, алцæй бынмæ дæр-иу бæзджын ахорæнæй бафыста: «Рацаразт æрцæуæд!» Æмæ та-иу æз намысджынæй фæбадтæн, фыстон сæ ногæй, стæй мæ сæры фегуырд: фыццаг сыф ногæй рафысдзынæн æмæ – къух фыссынмæ… Уый мын уыд ирвæзыны хос!»

Бæстæ æддæг-мидæг чи ауайын кодта, уыцы рацаразты тæккæ райдайæны мын Васили телефонæй ныхас кæныны рæстæг загъта: «Ныффыс-ма дæ фыды тыххæй. Бирæ нал сты уыцы фæлтæры адæм, кæцытæ сæхи хæрзæбоныл нæ хъуыды кодтой. Уыдоны фæрцы сырæзт æмæ дзæвгар рæстæг хъæддых лæууыд паддзахад».

Æз æй æмбæрстон, уый æрмæст мæ фыды тыххæй кæй нæ дзырдта – алкæй тыххæй, стæй – йæхи тыххæй дæр. Фæстаг фæдзæхст дæр уыд Гетъоты Хъайсыны ном арынæн, æмæ уымæй равдыста йæ фæлтæры царды фæндæгтæ.

Мæхческы фæстæ Цæголы-фырт дыууæ азы ахуыр кодта партион скъолайы, стæй кусын райдыдта газет «Социалистическая Осетия»-йы, йæхимæ йæ æлвæста журналистикæ. «Мæ хъысмæтыл тынг сахадыдта ирон литературæйæн бирæ саразæг критик, фыссæг Мæрзойты Сергей, – дзырдта-иу Цæголы-фырт. – 1950-æм азты уый уыд журнал «Мах дуг»-ы редактор, йæ хъус æрдардта мæ радзырдтæм, ратæлмац сæ кодта æмæ сæ мыхуыры рауагъта. Уыцы бонæй фæстæмæ сдæн профессионалон литератор».

1962 азы мыхуыры рацыд йæ фыццаг æмбырдгонд «Мой друг Бибо», уыдис дзы 12 цыбыр радзырды. Критиктæ бафиппайдтой. «Æмбырдгонд у Цæголты Василийы фыццаг бæрæгбæлвырд бавдыст фыссæджы бæрзонд ном райсынмæ».

Æртæ азы фæстæ рухс федта йæ роман «Послы гор». Фыст у XVIII æнусы уырыссаг-ирон ахастытыл. Автор-иу æрымысыд: «Тезгъо кодтам ме ‘мкъаимæ æмæ амбæлдыстæм профессор, историк Блиты Марки-

мæ. Йæ чиныг «Осетинское посольство в Петербурге 1749 – 1752» мыхуыргонд æрцыд 1961 азы, фæлæ фысджытæй ничи бацархайдта уыцы историон цаутæн аивадон комулæфт раттыныл. Не ‘хсæн цы ныхас рауад, уый мæ сразæнгард кодта. Темæ мæ йæ уацары бакодта, аныгъуылдтæн куысты…

Роман фыццаг хатт рухс федта 1966 азы. Уый фæстæ фæзынд дыккаг редакци, фæарфдæр дзы сты историон мотивтæ, стæй – æртыккаг – текстыл æнæ ‘рулæфгæйæ кусын. Афтæмæй фæаивдæр, фæлæгъздæр йе ‘взаг». Критик Девлет Гиреев уæд фыста: «Автор ссардта стыр социалон темæ раргом кæныны фæрæз, ирон адæмы уырыссаг адæмимæ бахæстæгдæр кæныны темæ равдисгæйæ».

Цæголы-фырт уæд нæма зыдта, уыцы темæ йæ йæхимæ кæй æлвасдзæн бирæ азты дæргъы. Трилоги дзы саразгæйæ («Послы гор», «Ожидание», «Месть»), æнусы цыппæрæм хайы размæ æрцæугæ цаутыл рæстæгон æмæ тыгъдадон цæстæнгас аххæссыны тыххæй критиктæ авторы схуыдтой «ирон литературæйы стыр историон романист». Хицæн романтæ та рацæуудзысты сæдæминон тиражтæй!

«Политикон, социалон æмæ националон уавæртæ хынцгæйæ, трилоги «Хæхты минæвæрттæ» актуалон у ныртæккæ дæр. Ацы уацмыс хъæуы ног, нырыккон цæстæнгасæй бакæсын æмæ йыл ногæй ахъуыды кæнын», – фыста журнал «Дарьял» 1998 азы 4-æм номыры.

1968 азы уагъд æрцыд Цæголты Василийы дыккаг роман «За Дунаем» – уый дæр историон, 1877 – 1878 азты Уырыссаг-туркаг хæсты рæстæг болгайраг адæмы фервæзын кæныныл тохты ирæтты архайды тыххæй. 1973 азы рæцæуæг роман «И мертвые вставали»-йы та фыссы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фыццаг афæдзы æмбисы цаутыл, кæцытæ фесты Мæскуыйы бынмæ немыцæгты ныддæрæн кæнынæй. Ацы хатт автор æрмæст архивон æрмæджытæй нæ пайда кодта, фæлæ фылдæр хæсты уыцы рæстæджы йæхи мысинæгтæй. «Уарзын истори, – дзырдта уый. – Зæрдиагæй фыссын уый тыххæй… Мæнæн сæйраг у райдайын, стæй мæ хъæйтартæ фæцæрынц сæхи цардæй, дзурынц, архайынц, æз сæм æрмæстдæр иуварсæй фæкæсын…»

Алы æмæ алы азты уый æнтыстджынæй архайы ирон фысджыты уацмыстæ уырыссаг æвзагмæ тæлмац кæныныл, активон у

æхсæнадон царды. Махмæ, Чиныгуарзджыты республикон æхсæнадмæ, Василийы æрбакодта правленийы фыццаг сæрдар Девлет Гиреев, æмæ уый йæ царды кæронмæ нымад цыдис нæ уарзондæр автортæй иуыл.



Тыллæг æфснайыны рæстæг Гуырдзыбеты Иринæимæ

Уыцы азты фысджытæ арæх æмбæлдысты фæсивæдимæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты, бирæнымæц уагдæтты кусджытимæ, хъæууон районты колхозонтимæ. Василийæн æнцонæй æнтыст цыфæнды аудиторийы æргом дæр йæхимæ раздахын. «Мæ зæрдыл лæууынц хицæн скъуыддзæгтæ алыхуызон сфæлдыстадон фембæлдтытæй, куыд-иу дис кодтон уымæ хъусгæйæ: куыд ис гæнæн ихсыдиударон темæтæн æнæ официозæй, афтæ æвæлхат æмæ ирдæй рæгъмæ рахæссæн?! Æрмæст нæм-иу правленимæ кæнæ газеты редакцимæ йе та рауагъдадмæ цæугæ æрбакодтаид, уый йеддæмæ-иу райдыдтаид цыргъзонддзинады турнир, йæ рухсхæссæг энергийæ æппæт тыгъдад ныррухс кæнгæйæ раст хуры æрбакастау», – бафиппайдта Гуырдзыбеты Иринæ, æрæджы нæм йæ кой куы ‘рхауд, уæд. Уый кæддæриддæр зыдта, цы ног чингуытæ рацыд, лæмбынæг байхъуыстаид дæ хъуыдытæм, цыфæнды чиныгæн дæр скодтаид профессионалон аргъ. Уыдис æм, бамбарын кæнæн кæмæн нæй, ахæм цавæрдæр зæрдæскъæфдзинад, æвæццæгæн-иу æй уый тыххæй бауарзтой бирæ сылгоймæгтæ æгæрон, дæргъвæтин уарзтæй. Цардбæллон, хæларзæрдæ, йæ бон нæ уыд адæймаджы фæхъыг кæнын.

Цæголты Василийы 75 азы юбилейы кадæн Чиныгуарзджыты æхсæнады кусджытæ бацæттæ кодтой литературон изæр. Сабырдзинады проспекты Фæсивæдон чиныгдоны кæсæн залмæ æр-

бацыдысты йæ чиныгкæсджытæ, йæ хæлæрттæ, сфæлдыстадон интеллигенцийы минæвæрттæ. Операцийы фæстæ йæхи хорз нæ хатыд, фæлæ æрбацыд. Арфæтæ исгæйæ, æрæмбырды уæвджыты раныхæстæм хъусгæйæ, цæстыты раз цыма æрыгонæй-æрыгондæр кодта, æмæ мæн фидарæй бауырныдта, фыссæгæн дыууæрдæм бастдзинад, чиныгкæсджытимæ лæгæй-лæгмæ æмбæлын куыд ахсджиаг у, уый. Бахъуыды кодтон, дуар-иу цал хатты байгом, уал хатты-иу йе ‘ргом кæй аздæхта уыцырдæм, æмæ мах æмбæрстам, кæмæдæр ма кæй æнхъæлмæ каст. Хъыгагæн, ирон литературæйы сæрхъуызойтыл кæй нымайынц, уыдонæй ничи æрбацыд уыцы изæрмæ…

Фыссæг Цæголы-фыртæн æнцон нæ уыдысты рацарæзты дуджы цаутæ. Уый зыдта хæрзæгъдаудзинады æргъадты системæ, сайдæй йыл никуы рацыд, æмæ уыцы рæстæг бамбарын, цы цыдис, уыдæттæ рафæлгъауын, йæ хъуыдытæ – æппæт уыдон разындысты йæ фæстаг уацау «У порога небытия»-йы. Автор æргомæй дзуры уæды азты риссæгтыл, чиныгкæсæгимæ дих кæны йæ зæрдæйы рыст: «Реформæтæ йæ хуыдтытæ сыхæлдтой цæттæ паддзахадæн… Иутæ ныххæррæтт кодтой, фæлтæртæ сæ тугæй, хидкалæн, æвæллайгæ куыстæй кæй скодтой, уыцы адæмон фæрныгад фæсарæнтæм амидæг кæнынмæ...» Уацауы сæйраг хъайтар, литератор Хъæрæугомты Хадзысмел дзуры социалон уæгъдибардзинады, бæстæйы трагикон ивддзинæдты тыххæй. Уæрæсе æмæ Ирыстон кæрæдзийыл иу хъысмæтæй баст кæй сты, уый нымайгæйæ, уæддæр æмæ уæддæр риссы, «стыр уылæн кæй фæбынæй кодта, уыцы чысыл райгуырæн бæстæйыл…»: «Мæлы наци. Æвзаг мæлы… Йæ фесæфынмæ бирæ нал хъæуы, ныхъхъуыды кæнут… Нæ цæстыты раз йæ уд исы ирон фысгæ ныхас… Иу историон уысм ма – æмæ йæ кæрон æрцыд. Ног паспортты «нацийы хатт» нысангонд кæй нал цæуы, уый æнæхъуаджы куынæ у, мыййаг». Уыимæ агуры риссаг фарстатæ аскъуыддзаг кæныны фадат: «Цæмæй Уæрæсе тыхджын уа, уый тыххæй хъуамæ уа донæфсæст, хъуамæ цæугæдæттæ иууылдæр цæуой уырдæм… Интернационалондзинад, куыд æмбæлы, афтæ нæ бамбæрстой: уый националон характерон миниуджыты батайын кæнын кæнæ сивайын нæу, фæлæ у нациты æмбар æмдзæринад, наци цал сæдæ кæнæ цал милуан адæймаджы скондæй у, уымæ

æнæ кæсгæйæ, уый у æмбардзинады æмвæзадмæ исын...» Æрмæстдæр йæ уидæгтæ, йæ Райгуырæн бæстæ зæрдæйы тæккæ рæбынмæ чи уарзы, ахæм адæймаг ныхъхъæр кæндзæн афтæ: «Куывдты бæрзонд уæлтæмæны ныхæстæ кæнын, чи не 'мбæлы, ахæм хъазт у! Фынгæгъдауы зæронд регламентмæ гæсгæ иууыл зæрдиагдæр куывдтытæ дæр Хуыцаумæ нæ хæццæ кæнынц; хъæуы, зæрдæйæ кæй ныффæрсудзай, ахæм ныхæстæ агурын, цæмæй алы дзырдæй дæр лæдæрса удæгас туг. Дон нæ – туг...»

«Зындгонд аххосæгтæм гæсгæ Цæголты Василийæн нæ бантыст ирон литературон æвзагæй пайда кæнын, – фыссæг Гибизты Руслан фыссы уацау «У порога небытия»-йы тыххæй уацы. – Фæлæ уый тох кæны, риссы, мæстыгæр æмæ рæстагæй дзуры æвзаджы цадæггай, æгъатыр сæфтыл... Уымæн ис, адæймагæн йæхимидæг чи равзæры, ахæм фидар психологон фæразондзинад, кæцыйæн йæ уидæгтæ сты арф, адæмы мидæг, сæ цардыуаджы, сæ миниуджыты, сæ традициты, сæ зарджыты... Уацау-удсыгъдæггæнæн, уацау-фæдзæхсæн, дæлдзиныг паддзахады куывд, химæлвасæг психологи бакæсгæйæ кæсæг байгомыг… сæмтъеры. Уый æппæт уыдæттæ зыдта кæнæ зыдта ахæм цыдæртæ, фæлæ сæ нæ банкъардта ахæм æндыгъд, æмдзыгуыр формæйы. Уый у фæдисхъæр».

...Йæ уæлион дунейæ цæугæйæ фыссæгæн йæ бон баци, æрмæстдæр уый бон кæй бауыдаид, ахæм сæйраг цыдæр саразын. Зæрдæмæхъарæг интонацитыл «зæрдæйæ фæрсыгъд» уацауæн нымайæн ис фæстаг, хæрзбоны фæдзæхстыл, кæцы хъæр нæ кæны, фæлæ – хъæрахст нæ уæвынады иууыл ахсджиагдæр цæйдæрты тыххæй, уымæй Цæголты Василийы удрæбынмæ национ фыссæгæй æвдисгæйæ.

# ÆЗ ХÆСДЖЫН ДÆН ЦÆГОЛТЫ БИНОНТÆЙ

Ивгъуыд æнусы 80-æм азты райдайæны нæ цалдæр лæппуйæ истой Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисмæ. Уыцы рæстæг Фысджыты цæдисмæ бацæуыны, ног уæнгтыл схъæлæс кæныны фæтк Цæдисы уыд фидар æвæрд. Æмбырды фаг уæнгтæ куынæ уыдаид, уæд ын йæ уынаффæ хорзыл нæ банымадтаиккой. Мах тыхстыстæм, фаг адæм куынæ ʻрбацæуа æмбырдмæ, зæгъгæ. Нождзы ма хъуыстам, чидæртæ фысджытæй фæрынчын.

Æз уæд куыстон газет «Рæстдзинад»-ы хистæр уацхæссæгæй. Цæголты Македоны фырт Васили та – зындгонд фыссæг, йæ романтæ «Послы гор», «За Дунаем», «И мертвые вставали», «Ожидание» æмæ иннæ уацмыстæ зындгонд уыдысты бæстæйы чиныгкæсджытæн. Газет «Социалистическая Осетия»-йы йæ цыргъзонд критикон уацтæ æхсызгонæй кастысты газеткæсджытæ.

Фысджытæ æрбамбырд сты. Фæстагмæ æрбацыд Васили. Æмбырд нæма райдыдта, афтæ хъæрæй загъта:

– Хуысгæ рынчын дæн, фæлæ тыххæй рабадтæн æмæ мæхицæн загътон, Батрадзыл схъæлæс кæныны тыххæй мын æнæ цæугæ нæй æмæ мæнæ æрбацыдтæн.

Хæстæг зонгæ нæ уыдыстæм. Æз æнхъæл дæр нæ уыдтæн, зоны мæ, уый. Цыдæр хъазæн ныхæстæ ма загъта йе ʻмбæлттæн, æмæ сæ худынæй ницыуал райхъуыст. Уыцы бон мæ райстой Фысджыты цæдисмæ, фæлæ мæ абон дæр нæ рох кæны, Васили рынчынæй дæр мæныл схъæлæс кæныны тыххæй кæй æрбацыд, уый.

Йæ фырт Олег – зындгонд журналист, публицист – ивгъуыд æнусы 90-æм азты уагъта газет «Эхо». 2000-æм азты йæ сæвæрдтой рауагъдад «Ир»-ы сæйраг редакторæй. Мæ чиныг «Уды дзæнгæрджытæ» фынддæс азы бæрц лæууыд рауагъдады. Искуы ма рухс фендзæн, уый æнхъæл дæр нал уыдтæн.

Пенсимæ рацæуыны фæстæ ногæй кусын райдыдтон газет «Рæстдзинад»-ы. Иубон мæ телефоны дзæнгæрæг ныццагъта. Систон æй æмæ хъусын:

– Æз Олег дæн Цæголты, мæнæ рауагъдад «Ир»-ы сæйраг редактор. Базонгæ дæн дæ къухфыстимæ. Мæ зæрдæмæ тынг фæцыд, æмæ йæ пъланмæ бахастам. Иннæ аз хъуамæ рацæуа. Автортæй нæ къæсæртæ куы баихсыдысты, уæд нæм ды куыд никуы фæзындтæ?

Æмæ, æцæгæйдæр, чиныг рухс федта 2021 азы. Афтæ мын Цæголтæ фыдæй, фыртæй цыдысты ме сфæлдыстадон фæндæгтæ рухсгæнгæ, æмæ сæ мæхи нымайын хæсджыныл абон дæр.

*КАСАТЫ Батрадз,*
*УФ-йы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисты уæнг*

# ХОДЫ КАМАЛ: 85 АЗЫ



**(1941 – 2021)**

*Ирыстоны тæхгæ-нæргæ бæрзонд Дзуар,*
*Кæд ма хæрзгæнæг хæхты цотæн дæ, –*
*Нæ удтæ нын кæрæдзимæ æнгом дар,*
*Нæ цауды кæйттæ ма хъуысæнт æддæ.*

*ХОДЫ Камал*

# ФÆНДАГЫЛ НЫФС ЦЫ НÆ РАТДЗÆН ЛÆГÆН!

## О АДÆМ!

**1**

Æз дæн æргомдзырд.
Хурмæ комкоммæ кæсгæйæ,
Мæ цæстытæн нæ тæрсын.
Тæлфы зæххы къори мæ риуы,
Йæ цин дæр – мæн,
Йæ хъыг дæр.
Æз нал фæзонын хатгай:
Кæцы у мæ зæрдæ,
Стæй кæцы у зæххы къори...
Вулканæй сысхъиуæг сырхзынг дур
Фæстæмæ зæххыл бахæцинаг у.
О адæм, адæм!
Æз разы дæн бæгуы бæллæхтыл,
Æрмæст уæ фыдæх
Макуы баййафæд мæ сæр.
Сæумæрайсом
Куы сцæйлæгæрды хур,
Уæд уый тынтæ
Нæ сыхы рудзгуытæй куыд кæсынц,
Раст афтæ
Мæнмæ уæ цæстытæй
Мæ цардамонд фæхуды.
О адæм!
Уе ‘хсæн дæн чысыл,
Фæлæ сымахæй кæм дæн, уым
Мæ ныфс – мæ Иры хæхтау барджын.
Адæм!
Сымах

Ӕрдзау –
Рагон.
Хæссын мæ цæст æз замантыл фæлтæргай,
Уынын:
Тох кодтой генитæ,
Сæ удæй цагътой арт.
Ныр уыдон
Сау мæры хуыссынц,
Стъалытау кæсынц уæ цæстытæй.
Фæлæ
            хуыссынц
                        генитæ
                                    авдæнты –
Ӕнусондзинады æвдисæнтæ.

**2**

Ӕз
Зæххы къори мæ армыдзыхъмæ райстон.
Судзы мын мæ къух.
Фæлæ мын у æхсызгон:
Уадз макуы,
Макуы ысуæд уазал!
Уадз макуы ахуыссæд нæ зæххыл
Цардамонды зынг!
Адæм!
Афтæ тынг уæ уарзын,
Ӕмæ, иу поэты загъдау,
Арвæй уе ʻхсæн
Байтындзин
Мæ риу!
Афтæ тынг уæ уарзын,
Ӕмæ мæнæ
Ацы рæнхъытæ фысгæйæ
Сусæгæй кæуын...

Уæ, байхъусут-ма,
Адæм!

Ма хъазут зынгæй!
Æз – уæ мад, уæ фыды уазæг,
Ма хъазут уæ зæххæй!
Уый уын цард куы радта,
Фæстæмæ йæ куынæ фæнды йæ айсын,
Уæд ын цæмæн кæнут тыхми?

## АРМУКЪАЙЫ УЫНÆРÆЙ СКЪУЫДДЗАГ

*Кæсагуæйгæнæг:*
– Кæй ма хъæуы кæсæгтæ?!
Сæрджынты кило – сомырдæг!
Æнæсæртæ та – сом!..

## МАДИМÆ НЫХАС

Фæндагыл ныфс цы нæ ратдзæн лæгæн!
Æмыр комæй йæм рухсы цæст ысзындзæн...
Дæуæй зынаргъдæр ницы ис мæнæн, –
Ды радтай мæн, ды дæ мæнæй тыхджындæр.

Æрдæвдз-ма мæ кæн дард балцмæ, æррæвдз,
Ныр нал сисдзынæн æз мæ къух мæ фæндыл.
Хъæуы мæ ‘ууæнк – мæн тохæн радта æрдз, –
Æмæ дæуыл мæ Хуыцауау æууæндын.

Æгæрон арвыл сау мигъы бындзыг
Нæ расайдзæни къæвдайы гæрæхтæм...
Фæндæгты рыг мæ уæхсчытыл нындзыг
Уыдзæн. Мæ къах мæ нал хæсдзæн мæ хæхтæм...

Ныббар-иу мын, куы айрох уай ды дæр,
Мыййаг, куынæ уон искæдбон мæ чемы, –
Дæуæй цы сонт уарзт фембæхстон кæддæр,
Куы уарон уый æддагæттæн таучелæй...

Ныббар-иу мын... Цæмæй зоныс, цæмæй,
Мæ царды æз фыццаг хатыр кæй курын!

Уыдис мæ балцы райдиан дæуæй
Æмæ уыдзæн йæ кæрон дæр дæ цуры.
Дæ фæстаг уарзт – дæ зæнæджы кæстæр –
Дæ разы ʽрлæудзæн, бахаудзæн дæ риуыл,
Дæ хъарм куатæйы ануæрддзæн йæ сæр
Æмæ кæудзæн
Хæкъуырцгæнгæ
Йæхиуыл...

## КÆМДÆР ТА МЫСЫНЦ МÆН

Кæмдæр та мысынц мæн...
Æвæццæгæн, Бæтæхъойыхъæуы
Цæлхæмбырдæй мæ хорз æмгæрттæ бадынц,
Кæнынц сæ зæрдиаг ныхæстæ
Æмæ мæ ном бырцджын арахъхъæй арынц.

Кæмдæр та мысынц мæн...
Æвæццæгæн,
Æрхæндæг саурæсугъд чызг,
Кæддæр мæн чи уарзта
Æгæрон уарзтæй,
Уый бады мæйрухсмæ йæ уаты
Æмæ фæлдахы ме ʽнарæхст фыстытæ.

Кæмдæр мæ мысынц...
Кæд, мыййаг,
Мæ ʽнæсæттон поэт-æрдхæрдтæй исчи
Бахауд сау хъыджы уацары
Æмæ кæсы
æххуысæнхъæл
мæнмæ...

Кæмдæр мæ мысынц...
Кæд мæ мад
Мæйдар æхсæв хуыссæджы цъынд нæ уыны,
Хæрдмæ фæхауы куыйты рæйдмæ

Æмæ йæхинымæр фæзæгъы:
«Куыннæ фæзынди а къуыри мæ хъæбул?..»
Кæмдæр та мысынц мæн...
Кæд, чи зоны, кæддæр
Мæн чи фæсайдта зонгæ-зонгæ,
Рæстæй мæ чи бафхæрдта науæд,
Уыдонмæ æрхъардта
Æнафоны фæсмон...

Ныббар сын æй,
Мæ Хуыцау!

## НОМАРÆН

Дуар-иу гомæй ныууадз – æз зындзынæн.
Фурды астæу нæй уылæнæн баззайæн.
Æз зындзынæн!
Зындзынæн!
Зындзынæн!
...Ды кæндзынæ Хуыцауау фынæй.

Фурды астæу нæ баззайдзæн уылæн.
Былгæронмæ
Фæдисы цæуæгау
Цæудзæн.
...Куыдз мыл кæрты ысрæйдзæн,
Стæй фыр цинæй ныхъхъыллист кæндзæни,
Уый дæ уатмæ мæ фæдыл бырсдзæн.
Йæ фисты ныссуйтæ уыдзысты
Мæйрухсы тынтæ...

Дуар-иу гомæй ныууадз –
Æз зындзынæн...

* * *

Фæраз, поэт, нынныхъуыр-иу дæ хъæрзын:
Æвдис дæ цин, ныгъуылдæй дар дæ маст...

Хуымæтæг лæг æхцон уаргъау цы хæссы,
Дæуæн уый у сырхзынг æфсондзау раст!
Нæу алкæй хай рæстдзæф хъуыдыйæн йе ‘рттывд...
Уæдæ дæ зæрдыл ацы фæтк лæууæд,
Куы ракæсой амалджын сæудæджертæ
Былысчъилæй дæ буц рæнхъытæм, уæд.

Ныббар дæ ус, дæ тугæйгуырд хъæбултæн
Æбузн æмæ пайдамондаг ныхас...
«Ремонтытæ», «серванттæ», «гарнитуртæ»
Бырæттæ сты!
Поэзи та – æгас!

Фæраз, кæд дын æнæфæлтæрд уæнгуытæ –
Дæ кæстæртæ –
Нæ рог кæной дæ хæс...
Поэт, дæ мастæй ратæдзæг рæнхъытæй
Дæ бафхæрджытæн удæнцой æрхæсс!

Ызгъæллаггом цæрæнбонты æхсыныс,
Фæлæ нæ ахсы иуæн дæр йæ зонд,
Къæйных æрмæст дæ бакастæй кæй зыныс,
Æнæуи та дæ уд кæй у тæссонд...

## НОГБОН

Дис мæхæдæг дæр фæкодтон
(Афтæмæй та федтон цард):
Саузым ахаста, ‘мæ Ногбон
Уыд æвидыц, уыд æнкъард.

Сабитæ уал хъазынц кæрты,
Фæлæ нæу нывыл сæ хъазт...
Заз дæр пака-армæй уæртæ
Арвмæ митæнхъæл нымдзаст.

Райсут, сабитæ, мæ арфæ:
– Дардыл анæрæд уæ зард,

Мит куыд рауардзæнис, афтæ
Сомбон райдзаст уæд уæ цард!
...Хур бæрзонд арвы бæстастæу
Зæххæн цардамонд хæссы...
Ногбон, сабитæ ‘мæ зазтæ
Арвмæ митæнхъæл кæсынц...

## РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ ПАДДЗАХАДОН ГИМН

Зæрин хур йæ тынтæ нывæнды фæлмæн
Нæ фыдæлты рагон уæзæгыл рæдауæй...
Арвы бын калы фæрдыгау тæмæн
Ирыстон йæ адæмты фарнæй.

Заманты тарæй æрттивы зынгау
Дæ уидаг – нæ Ивгъуыд, нæ Абон, нæ Фидæн...
Барвæсс нæ куывдыл, Хуыцæутты Хуыцау!
Уастырджи, рафæлгæс, табу – Дæхицæн!

*Базард:*
Кад æмæ радимæ фидæнмæ кæс!
Амондæй абузæд ронгау дæ цард!
Амонд мысайнагау фидæнмæ хæсс!
Дæ кæстæр дын басгуыхæд кард æмæ уарт!

Фæлтæрæй-фæлтæрмæ фæцæуæд дæ фарн!
Рын æмæ сонæй дæ хизæд хъысмæт!
Хистæры намыс, кæстæры ‘хсар
Хурау дын царды цырагъдарæг уæнт!

*Базард:*
Кад æмæ радимæ фидæнмæ кæс!
Фарнимæ абузæд ронгау дæ цард!
Амонд мысайнагæн адæмтæн хæсс!
Уастырджи, рафæлгæс!
Табу – дæхицæн!

*ХУЫГАТЫ Сергей*

# ХОДЫ КАМАЛ

*Мысинæгтæ*

Йæ ном стæм кæй уыди, Хуссары дæр æмæ ам, Цæгаты дæр, æндæр Камал кæй нæ уыди, уый тыххæй афтæ тагъд айхъуыст, æвæццæгæн. Æниу æй æнæуи дæр æнæ базонгæ нæ фæуыдаиккой. Цыдæр æнахуыр хъуыдытæ уыд йæ фыццаг æмдзæвгæты, цыма цæмæйдæр разы нæ уыд адæмæй, сæ гæнæнтæ бирæ кæй сты æмæ се 'ппæтмæ кæй не 'вналынц сæ гæнæнтæн, уый тыххæй. Газеты рацыдысты уыцы дыууæ æмдзæвгæйы. Æз сæ ахæм рæнхъ бахъуыды кодтон: «Иу къухæн дыууæ харбызы бирæ сты!» Уый хуызæн цæхгæр-мæхгæр хъуыдытæ кæм æмбæлдаид, ахæм æмдзæвгæтæ арæх нæ уыди нæ поэзийы, æмæ, литературæмæ йæ хъус чи дардта, уыдон кæрæдзийы фарстой: «Чи у?»

Мæн Дзаболаты Хазби бафарста:

– Чи у?

Æз æй нæ зыдтон æмæ загътон:

– Нæ зонын.

Æмæ ма уæд загъта Хазби:

– Поэт у, чидæриддæр у.

Стæй йæ базыдтам. Æмæ нæ уый дæр базыдта.

Телеуынæнмæ бамбырд стæм: Хазби дæр уым куыста, æз дæр, Камал дæр, Васо дæр, Шамил дæр. Æхсар та радиойы куыста. Телерадиойы сæрдар Æгъуызарты Æхсарбег-иу кæд куысты фæдыл хъæрæй сдзырдта махмæ дæр, уæддæр ныл йæ арм кæй дардта, уый æмбæрста махæй алчи дæр. Фæстæдæр сындæггай хæцыдыстæм нæхиуыл фæйнæрдæм: Камал ацыди «Мах дуг»-мæ, Васо – Мæскуымæ уæлдæр литературон курсытæм ахуыр кæнынмæ. Шамил уæдмæ зонæдты кандидат сси, æмæ йæ университетмæ акодтой. Æхсар дæр радиойæ æрбаивта «Мах дуг»-мæ, æмæ Камалимæ байдыдтой иумæ кусын. Æз уал баззадтæн телеуынæны, Хазби дæр. Æз дзы æхсæз æнæхъæн азы бакуыстон. Уæдмæ Васо æрыздæхт Мæскуыйæ, æмæ йæ чиныгуадзæны аив литературæ æмæ сывæллæтты литературæйы иугонд редакцийы сæргълæууæгæй сæвæрдтой. Стæй дзы редакторы бынат фæзынд,

æмæ Васойы хъæппæрисæй мæн уырдæм айстой. Афтæмæй æз дæр чиныгуадзæны балæууыдтæн.

Камал æмæ Æхсар иу уаты бадтысты: Æхсар – поэзийы хайады хицау, Камал – критикæ æмæ библиографийы хайады хицау. Æмзонд-æмхъуыды уыдысты, афтæмæй Билары ныхмæ цыдæр гæххæттыл сæ къухтæ куы бавæриккой. Гæххæтт ацыди Мæскуымæ æмæ-иу куыд уыди, афтæ фæстæмæ æрыздæхти. Йæ къух ыл чи бавæрдта, уыдоны рафæрс-бафæрс байдыдтой. Билар, дам, йæхæдæг бафæдзæхста, лæппуты, дам, мацæмæй бахъыгдарут. Фæлæ, Билары цæрайæ чи царди, уыдон йæ цæстмæ Биларæн йæхи ныхасы сæрты дæр ахызтысты. Систой сæ дыууæйы дæр сæ куыстæй. Раст уæд Камал машинæ куы балхæнид. Сæхи, Рахизфарсы районæн, цы машинæтæ радих кодта республикæйы хицауад, уыдонæй иу Камалы фыццаг скодтой. Уый хæсты бацыд, фæлæ балхæдта машинæ. Æхсармæ хабар диссæгты-диссагдæр фæкасти. Уæдæ дын куыст ма уæд, æхца дæм ма уæд, афтæмæй хæс æхцайæ машинæ балхæнай æмæ йыл дæ зæрдæйы дзæбæхæн рацу-бацу кæнай! Камалмæ та æппындæр диссаг нæ касти уый. Уыцы хъуыддаг цыма цæуылдæр дзурæг у сæ дыууæйы тыххæй дæр, стæй, чи зоны, иу цæуылдæр нæ, фæлæ цалдæр цæуылдæры тыххæй дæр. Уымæй бирæ нæ рацыд, æмæ Камал мах куысты куы балæууид, чиныгуадзæны, æз уæдмæ хистæр редактор кæм уыдтæн, уыцы редакцийы. Æмæ бынтон баввахс стæм кæрæдзимæ. Кусгæ бон дæр-иу куыд нæ абадтаин уыцы урс-урсид машинæйы, фæлæ æнцой-бон у, уæд-иу фæсаходæн нæ тæккæ дуармæ æрлæууыд. Æмæ-иу мæм базырдта Камал:

– Цом, азилæм.

Æмæ-иу азылдыстæм. Афтæ-иу азылдыстæм, æмæ-иу изæрмæ нæ банцадыстæм нæ зилынæй. Æмæ-иу кæм нæ балæууыдыстæм. Цас дзæбæх адæмы базыдтон уыцы рæтты!

Камал йæ фæтк нæ хæлдта, фынгыл афтæ бадти, цыма иу машинæ дæр не скъæры æмæ иннæ дæр. Æнæуи дæр ахæм уагыл хæст уыди – хæдзар хъуæгтæ æйййафы-не ‘ййафы, уæддæр уымæн хъуамæ йе ‘хцадоны æхца уыдаид, æмæ, йæ сæр кæм бахъуыдаид, уым таучел гом бакодтаид йе ‘хцадон.

Фынгыл хорз фидыдта Камал: кувын зыдта, зарын зыдта, уæлдайдæр хъырнын. Камал дын бахъырныдта, уæд, куыдфæнды азар,

сфидыдтаид дæ зард. Æцæг кафын нæ зыдта. Æниу кафын æппæтæй дæр ничи зыдта. Æхсар-иу йæ хъуыр-хъуырæй нал æмæ нал æнцад, мæ фыд, дам, къахфындзтыл кафыд, æз та, дам, хуымæтæг хонгæ кафт дæр нæ зонын. Васо дæр нæ зыдта ирон кафт кæнын. Шамилы дæр никуы федтон кафгæ, стæй мæ цæстытыл дæр нæ уади, Шамил куыд фæцæйкафид, уый.

Уæд Тахъазты Харумы юбилейы куывды уыдыстæм, æмæ дын иу сылгоймаджы хъазтмæ æрбакодтой, уый, дам, йæ мадыхо у Харумæн, æмæ кадджын уазæгимæ ракафыны бар Камалмæ куы æрхауид. Камал, æвæццæгæн, йе 'мдзæвгæтæй уыйбæрц фыдæбон никæуыл фæкодта – йæ цæсгомыл бæрæг уыди, цин æмæ йыл тыхст æмызмæлд кодтой: куы-иу цин сабухта цæсгомыл, куы – тыхст. Кафт куы фесты, уæд мæ разы æрлæууыд Камал, худти, цыма æрмæст мæнæн худти, афтæ:

– Куыд уыди?

Æмæ йæм æз дæр бахудтæн:

– Куыд уыди, куы зæгъай, Хуыцау дын хорзы бацæуа, уæд дæ дыууæ къахæй фæндыры улæфтыл иу дæр никуы аныдзæвди.

– Афтæ уыди? – хъæрæй мæ бафарста æмæ ныххудти.

Уыцы бонты æмæ уыцы азты тынг рахон-бахон кодтой Камалы. Алкæй дæр фæндыди, йæ фынгыл Камал куы бадтаид, уый. Уыцы заманты ахæм изæр бирæ нæ баззад, Камал хуынды кæд нæ бахауд. Æмæ мæм мæ зæрдæ куыд дзуры, уый пайдайы хос нæ уыди йе 'нæнизæн. Фæстæдæр цы низтæй байдыдта хъæрзын, уыдон уæд фæныхдзæф кодтой Камалы æнæниз. Æмæ йын цал æмæ цал операцийы скодтой, фыццаг ам, нæхимæ, стæй Мæскуыйы! Йæхæдæг йæ зæнгты низ уыцы операциты аххос кодта.

Мæнæн та-иу æм мæ зæрдæ йæ зæрдæйы тыххæй æхсайдта. Хъуыддаг афтæ уыд, æмæ æфсады кæронмæ нæ баслужбæ кодта – раздæр æй рауагътой. Æз бахъуыды кодтон, куыд æй сфыстой, уый куыд радзырдта, афтæмæй: булкъон, дам мæ, ома дохтыр булкъон, – æвæццæгæн æм дохтыртæ сæ гуырысхотæ бахастой – бирæ фæрауын-бауын кодта, фæрайхъус-байхъус, дам мæм кодта, стæй, дам, загъта:

– Все ясно.

Æмæ, дам æй афарстон:

– Что ясно, товарищ полковник?

– Ясно то, что Вам дальше служить нельзя.

Уыцы хабар куы ракодта, уæд ма йæм бафтыдта йæхицæй хъазгæмхасæнты:

– Зæрдæйæ рынчынтæн иу хæрзæбон лæвæрд цæуы Хуыцауæй: йæ рынчын дæргъвæтин нæ хæссы.

Фæлæ дзы никуы фехъуыстон, йæ зæрдæйæ мæнæ-мæнæ хъаст кæна, уый. Уыцы иунæг хатт мын рахабар кодта:

– Уæд дын мæ мæ зæрдæ ралхъив-балхъив куы сисид куысты мидæг. Рацыдтæн æмæ нæхимæ балæууыдтæн, хохаг арахъхъ нæм уыд (йæ каистæ хохаг сты, уартæ Стыркоймаг), æрæвæрдтон дурын мæ разы æмæ дзы фондз сыкъайы бануæзтон. Æмæ дын сойыл цæуæгау куы ауадзид йæ куыст, а зæрдæ чи у, уый.

Æмæ йæм æз дæр бадзырдтон хъазгæйæ:

– Æмæ йын афтæ цæуылнæ загътай: нæ-ннæ! Ам дын йед нæй!

Фæлæ йæ зæрдæ фидар разынди, фыдбылыз йæ зæнгты уыди æмæ йæ къæхты. Æмæ сын цы хостæ нæ фæкодта! Далæ ма Дыгургоммæ дæр фæцыди, уым, дам, иу ацæргæ сылгоймаг йæ къухтæй дзæбæх кæны ахæм низтæ. Фынддæс хатты йæм фæцыди, æнхъæлдæн. Цыдæр ныфсы нысæнттæ-иу фæзынди йæ цæстыты, фæлæ та-иу рæхджы æрхуыссыдысты. Телефоны-иу сæм куы бадзырдтон, уæд-иу хætæл йæ бинойнаг Валя систа, йæхæдæг-иу кæд æмæ кæд æрбахæццæ телефонмæ, фæсмон дæр-иу мæм æрцыд, кæй йæм бадзырдтон, уый тыххæй. Нафийы фæстæ куы ацыдыстæм Чъребамæ, уæд бынтон диссаг фесты йæ къæхтæ. Дзурджытæ кæцæй дзырдтой, уырдæм куыд схызт, уый нæ федтон, фæлæ фæстæмæ куы хызт, уæд йæ къæхтæ æппындæр йæ коммæ нал кастысты, сæ бынæттæй цыма сисын нал куымдтой, афтæ зынди, æмæ йæм адæм ныккастысты. Куыддæрты ма æрхызти кæйдæрты æнцæйтты. Зæххыл куы æрлæууыд, уæд загъта – хъæрæй нæ, цыма йæхицæн дзырдта, афтæ:

– Мæ цыдтытæ фæдæн.

Мæнæн зын уыди уыцы ныхас фехъусын. Æмæ мæм уыцы æнкъард хъуыдытæ фæйнæрдыгæй æрбавнал-æрбавнал систой: уæдæ уыцы къуырф æмбырдты нал ралæудзæн ныхас ракæнынмæ? Уæдæ уыцы хъæлдзæг фынгтыл иу худæг хабар нал ракæндзæн кæнæ иу куырыхон куывд? Никæйуал зарæгæн бахъырндзæн? Æмæ тæригъæд нæу уыцы æмбырд, æмæ тæригъæд нæу уыцы фынг, æмæ тæригъæд нæу уыцы зарæг?

Нал ӕрхызт кӕртмӕ дӕр уыцы боны фӕстӕ, цы дыккаг уӕладзыджы царди, уырдыгӕй. Мах хӕдзары дӕр никуыуал уыди. Афтӕмӕй-иу нӕм раздӕр арӕх уыд. Ӕмӕ-иу бахъӕлдзӕг и нӕ хӕдзар. Ӕфсин-иу бынтон байради. Ахӕм рӕстӕджы-иу Камал йе 'хцадонмӕ дӕр бавнӕлдта.

– Наташӕйӕн къаффеттӕ не 'рбахастон, ӕмӕ йӕхӕдӕг балхӕнӕд, цыхуызӕн къаффеттӕ уарзы, ахӕмтӕ.

Ӕмӕ-иу бадтыстӕм ӕмӕ-иу куывтам ӕмӕ-иу худтыстӕм. Ӕмӕ-иу цынӕхуызон анекдот радзырдтаид! Ӕмӕ куыд дзӕбӕх дзырдта уыцы анекдоттӕ! Хӕлӕг ӕм куы кодтой, чи йӕ уарзта, уыдон дӕр ӕмӕ йӕ чи нӕ уарзта, уыдон дӕр, дзурынмӕ афтӕ хорз кӕй арӕхсти, уый тыххӕй.

Ӕмӕ, дам, фыййау йӕ фосы фӕдыл ӕрцӕйцыди – уӕд ма Бӕтӕхъойыхъӕуы цардысты – ӕмӕ, дам ӕй фездӕхтам нӕ фынгмӕ. Фынг – цы иугай пъамидортӕ ма ссардтой цӕхӕрадӕтты уыцы ӕрӕгвӕззӕджы, уыдон иу цинк къусмӕ скарстой. Ӕмӕ дзулы джипп. Сӕ цӕст пъамидортӕй хӕрын нӕ уарзта, ӕмӕ-иу чи ануӕзта, уый-иу йӕ къӕбӕр пъамидортӕн сӕ доны атылдта. Фыййау цайцымӕн агуывзӕ бануӕзта, стӕй дзулы карстӕй ӕрбасӕрфта пъамидортӕ ӕмӕ сӕ дзулӕй-пъамидорӕй йӕ дзыхы атъыста, йӕ былтыл ма сӕ цы муртӕ аззад, уыдон дӕр йе 'нгуылдзӕй йӕ дзыхмӕ бакалдта, йӕхӕдӕг лӕппутыл йӕ цӕстытӕ ахаста ӕмӕ загъта ӕууилгӕ-ӕууилын:

– Ӕз, лӕппутӕ, нуӕзтимӕ закъушкӕгӕнаг дӕн, закъушкӕ!

Уыдон ӕнкъардӕй сӕ афтид къусмӕ кастысты.

Уӕд сӕм Гусалты Барисимӕ бацыдыстӕм – абӕрӕг ӕй кӕнӕм. Мӕхимидӕг цин кодтон, абаддзыстӕм, ахуддзыстӕм – Камал нӕ йӕ бирӕ худӕджы ӕвӕрӕнтӕй ма бахъӕлдзӕг кӕна, афтӕмӕй куыд рауадздзӕн?! Фӕлӕ мӕ цинтӕ дзӕгъӕлы фесты. Камал хъӕлдзӕг нӕ баци фынгыл, куыд-иу кодта, афтӕ, фӕлӕ ӕрӕнкъард. Ӕз ыл бабустӕ кодтон:

– Мӕнӕй цас кӕстӕр дӕ, уый зоныс?

Уый мӕм ӕрбакаст ӕмӕ загъта:

– Ды сӕрӕндӕр дӕ.

Ӕмӕ бӕркады рӕгъ кувынмӕ фӕдӕн, афтӕмӕй нырма кӕм уыди бӕркады рӕгъ!

Къӕсӕры онг рацыди нӕ фӕдыл. Уымӕйдӕр цыма йӕ алы къах-

дзæф дæр хицæн уыд, цыма йæ къахдзæфтæ кæрæдзимæ ницы бар дардтой.

Нæхимæ æнкъардæй цыдтæн. Цыма хъуыдытæ кодтон, афтæ зынд, фæлæ хъуыдытæ нæ кодтон – мæ бон нæ уыди хъуыдытæ кæнын. Æрæджиау кæддæр мæ зæрдыл æрбалæууыд уыцы изæр. Уый раздæр уыди, бирæ раздæр уыди уый. Уæд чындзæхсæвы уыдыстæм «Владикавказ»-ы. Камал дæр дзы уыди, стæй дзы бирæ чидæртæ уыд нæ зонгæтæй. Фынг куы райхæлди, уæд ма æз афæстиат дæн чындзæхсæвгæнæгимæ – мæ хæлар уыди, мæ раздæры сыхаг. Æддæмæ куы рацыдтæн, уæд уарын райдыдта. Машинæ уромынил ацархайдтон – нæй, ничи урæдта. Фистæгæй цæуæн нæ уыд – иуæй, дæрддзæф цардтæн, иннæмæй, хуылыдз кодтон. Æмæ уæд æрхъуыды кодтон: цæй æмæ Камалтæм бацæуон æмæ уыдонæй адзурон таксимæ – Камалæн, уымæй бирæ раздæр нæ уыд, уæд радтой фатер, «Владикавказ»-мæ хæстæг цы рæсугъд хæдзар сарæзтой, уым.

Уайтагъд сын сæ дуарыл бахæцыдтæн. Адджын цинтæ кæнын нæ уарзтам кæрæдзийыл. Фæлæ уыцы хатт Камалы цинтæн кæрон нал уыди. Кæй сæм бауадтæн, уый йын афтæ æхсызгон уыд, æмæ-иу æм кæсгæйæ баззадтæн. Афтæ зынд, цыма йæ цæстытæй цин лæсæнтæ кодта йæ рустыл.

– Цы хорз уыди, кæй фездæхтæ, уый! Уый, а хæдзар хионыл кæй нымайыс, уыцы хъуыды ахсын уым, æмæ мæ уымæй хуыздæр ницы хъæуы.

Æз кастæн Камалмæ – кæд ыл нуæзт фæзынди! Кæд уымæн бафæлмæн и. Фæлæ хорз куы зыдтон, æмæ йæ канд æз куынæ зыдтон: Камалæн ахæм ануæзтытæ, куыд фæзæгъынц, арсы хъуыны – мæлдзыг. Æмæ-иу исты бадтæй рацыдаиккам, Камал-иу мæн баласта нæхимæ; куыд-иу мæ баласта, кæуылты-иу мæ баласта, цафон-иу мæ баласта, райсом-иу уыдæттæ нал хъуыды кодтон. Камал-иу машинæ сæвæрдта æхсæвдарæны, йæхæдæг-иу сæхимæ ацыди. Афтæмæй-иу – дзырдтон ма йæ – фынгыл Камалæй цыма рох уыди, машинæ скъæрын æй хъæудзæн, уый.

Валя нын фынг авæрдта æмæ ма, цас бадынмæ хъавыдыстæм, уымæй дзæвгар фылдæр фæбадтыстæм. Стæй мын машинæмæ фæдзырдта, мемæ æрхызти кæртмæ, шофырæн æхца радта æмæ мæ рафæндараст кодта.

Ныр ӕрмӕст къӕсӕрмӕ рацыд нӕ фӕдыл, алы къахдзӕф дӕр цыма хицӕнӕй кодта, афтӕмӕй.

Кувгӕ хорз чи кӕна, уый дзургӕ дӕр хъуамӕ хорз куыд нӕ кӕна! Стӕй, хъуыды кӕнын ӕмӕ дзурын кӕрӕдзийы ӕддӕг-мидӕг уагъд сты – хорз хъуыды кӕнай ӕмӕ ӕвзӕр дзурай, уый гӕнӕн нӕй, ӕвзӕр хъуыды кӕнай ӕмӕ хорз дзурай, уый гӕнӕн куыд нӕй, афтӕ.

Уӕд Къостайы райгуырӕн бон уыд, ӕмӕ Къостайы цыртдзӕвӕны раз куыд нӕ бамбырд уыдаид адӕм! Ныхас кодта Камал, ӕмбырд гомгӕнӕн ныхас: уый фӕстӕ дзурдзысты, кӕндзысты Къостайы царды хабӕрттӕ, кӕсдзысты йын йе 'мдзӕвгӕтӕ, сӕхи ӕмдзӕвгӕтӕ. Йӕ тӕккӕ дзурынил куы уыди, уӕд мӕ рӕзты ӕрбауади Шамил, цы ӕнӕвдӕлон цыд-иу кодта, уыцы цыдӕй, иу мӕсты дард мӕм фӕкодта йӕ цӕстытӕ ӕмӕ мӕм ӕрбахъӕр кодта:

– Ӕмӕ, дам ӕй раивӕм! Уӕд ӕй, цымӕ, кӕмӕй ивынмӕ хъавынц?!

Уый-иу, афтӕтӕ чи дзырдта, ома, дам, бирӕ кусы сӕрдарӕй Камал ӕмӕ, дам ын афон у раивынӕн, уыдоны кой кодта Шамил.

Уӕд та Абайты Васойы фӕндараст кодтам. Театры фӕзы къух бакӕнӕн нал уыд адӕмӕй. Дзырдтой хицауады кусджытӕ, зонадон кусджытӕ, ӕмӕ сӕ, куыд фӕзӕгъынц, сӕр бахъуыд – чи хуыздӕр зӕгъа уыцы сыгъдӕгуд ӕмӕ стыр ахуыргонды тыххӕй. Ныхас кодта Камал дӕр. Ӕмӕ уайтагъд ӕрыхъусын кодта йӕхимӕ адӕмы. Мӕнӕ цыма дуар ссардта Васойы ӕхгӕд дунемӕ, уӕдӕй нырмӕ йӕ рӕзты дыууӕрдӕм кӕмӕн кодтой, фӕлӕ уынгӕ дӕр кӕй нӕ фӕкодтой, уыцы дуар. Йӕ ныхасыхъӕд – фидар. Йӕ хъуыдыйад, – сыгъдӕг ирон улӕфт кӕмӕй цыди, ахӕм. Ӕмӕ сфидыдта йӕ ныхас Васойы номимӕ.

Уый фӕстӕ хъӕумӕ куы бацыдтӕн, уӕд мӕ хистӕр ӕфсымӕртӕ Исахъ ӕмӕ Лаверимӕ фынгыл бадтыстӕм, ӕмӕ дын уым Камалы раныхасӕй ӕппӕлын ма райдайой! Ӕвӕццӕгӕн, телевизоры ӕвдыстой, уыцы бон театры фӕзы цы стыр ӕнкъард ӕмбырд уыди, уый. Ӕмӕ, Камал иннӕ дзурджыты куыд амбылдта, уый дзурынӕй нал ӕфсӕстысты. Камалы хорз зыдтой нӕ бинонтӕ – нӕ цинтӕм дӕр цыд, нӕ зиантӕм дӕр. Уӕдӕ-иу ӕнӕуи дӕр куыд нӕ бафтыдаид мемӕ Тарскӕмӕ. Стӕй, се 'ппӕлӕн ныхӕстӕ куы фесты, уӕд йӕ цӕрӕнбоны рӕгъ рауагътой Камалӕн.

Ӕмӕ ма иронау – о! Ирон ныхасыл схъомыл, фӕлӕ уырыссагау

дæр афтæ хорз дзырдта. Зонгæ хорз кодта уырыссаг æвзаг, фæлæ йыл, мæнмæ гæсгæ, дзургæ хуыздæр кодта, зонгæ йæ куыд кодта, уымæй. Фыццаг хатт ыл уæд бадис кодтон. Мæздæджы уыдыстæм. Уым нын фембæлд уыди районы рухсады кусджытимæ сæ библиотекæйы. Адæмæн сæ фылдæр – ирæттæ нæ, æмæ февнæлдта уырыссагау дзурынмæ Камал, æмæ, куыд фæзæгъынц, мæ цæстытыл ныххæцыдтæн. Кæддæр йæхæдæг афтæ загъта, Грис, дам, строфа куы сараза, уæд, дам æй сарт æмæ дзæбугæй куы фæкъахай, уæддæр, дам дзы дзырд нæ раппардзынæ. Ныр уыцы ныхæстæ æрхъуыды кодтон. Камалы ныхасмæ бавнал – иу дзырд дзы иннæрдæм азил æмæ йын йæ бынатмæ æндæр дзырд æрбазил, уыцы гæнæнæй хызт уыди уыцы раныхас. Æмæ йæм куыд дзæбæх хъуыстой адæм! Уæдæ æмдзæвгæтæ куыд бирæ зыдта! Æвæццæгæн, фысджытæ се ‘ппæт уыйбæрц нæ зыдтой. Æмæ кæй ратæлмац кодта, кæй бакаст – йæ зæрдæмæ фæцæуæд, æндæр дзы нал ферох уыдаид.

Боцъо фыццаг Камал рауагъта. Адæм ын куы федтой йæ боцъо æмæ куы базыдтой, Камал боцъоджын у, уæд Æхсар дæр куы рауадзид. Æмæ Æхсар нал уыди, уыди ма Камал. Æмæ ноджы Камал. Æмæиу худти Камал æмæ-иу дзырдта: «Æхсар фесæфти, æмæ йын афтæ хъуыд – цæй боцъо уагъта!» Кæддæр нæм Мæскуыйæ уазæг уыд, æмæ йæ æхсæвиуат кæнынмæ Мотелы уазæгдонмæ аластой Æхсар æмæ иннæтæ. Камал нæ уыди семæ. Æмæ, дам, уазæгдоны хицау фæсидти кусджытæм æмæ, дам сæ бафæдзæхста:

– Дзæбæх бынат ын скæнут. Камал æй йæхæдæг сласта.

Уый Æхсар йæхæдæг дзырдта, Камал æй фенхъæлдта хицау.

Ацы хабарæн та мæхæдæг уыдтæн æвдисæн. Уæд уыдыстæм кæмдæр профтехахуыры ахуыргæнæндоны. Бирæ уыдыстæм. Æмæ разæй бадтыстæм сценæйы. Æмæ нæ ахуыргæнæндоны директоры хæдивæг зонгæ кодта ахуыргæнинæгтимæ. Нымадта нын нæ мыггæгтæ æмæ нæ нæмттæ. Æхсар мæ цуры бадт, æмæ йæм куы æрхæццæ хæдивæг, – хæрзхуыз, хæрзарæзт сылгоймаг – уæд загъта: «Ходы Камал». Æхсар сыстад, акуывта ахуыргæнинæгтæн, стæй бадзырдта сылгоймагмæ: «Хъодзаты Æхсар». Уый йæм æнæрвæссоны каст фæкодта æмæ йыл бабустæ кодта:

– Хынджылæг ма кæн!

Мах арæх худтыстæм, мæнæ зарын чи сахуыр вæййы иумæ, афтæ

сахуыр стæм иумæ худын. Худгæ – ницы-мацытыл, фæлæ-иу афтæ адджын уыди уыцы ницы-мацытыл худт, æмæ нын дзы бафсис нæ уыд. Диссаг – Камал исты ницы-мацы зæгъынмæ хъавы, уæд æй зонын, бахудыны тыххæй йæ дзуры, уый, æмæ-иу мын мæ худын мæ хъæлæс ахгæн-ахгæн кæнын райдыдта. Уæдмæ-иу бабæстон кодта йæ ныхас, йæ худæг-иу бынтон куыд разындаид, афтæ, æмæ-иу уæд уый дæр райдыдта худын. Иннæтимæ дæр куыд нæ худтыстæм! Æмæ-иу уым дæр худæджы цырв Камал уыд.

Чидæр кæмæйдæр æппæлыд, дзæбæх æмдзæвгæтæ, дам, ныффыста сывæллæттæн: «Нæ дыргъдон – нæ гагадон».

Камал иу цыбыр худт бакодта, бакæсгæйæ, æнæрвæссонхуыз чи уыд, ахæм худт, стæй загъта:

– Ныр ма фæнды фыссæд, фæнды – ма, уæддæр гагахæссæн поэзийы бындурæвæрæг мæхæдæг дæн.

Цæвиттон, уый размæ иу æмдзæвгæ ныффыста сывæллæттæн, æмæ дзы ахæм рæнхъ уыди: «Камал та уын æрхæсдзæни гагатæ». Ацу æмæ ма бахуд!

Хæмыцаты Албегмæ ахæм æгъдау уыд – йемæ фæцæуыс æмæ йæм исты дзуринаг ис, уæд дын хъуамæ дæ дысмæ бавнæлдтаид æмæ дæ æрурæдтаид æмæ дын æй афтæмæй загътаид. Æмæ дзы Камал загъта: «Албег нæ уромæг у. Фæлæ нæ дарæг нæу».

Æхсар ныффыста æмдзæвгæ, æмæ дзы ахæм рæнхъ уыди: «Зæрдæ риссы, риссы Хиросимæйау». Камал уыцы рæнхъ «баредакци» кодта: «Зæрдæ риссы, риссы нæхи Симæйау». Симæ – Æхсары бинойнаг.

Æнæуи, цыма афтæ бæстон нæ хъуыста дзурæгмæ, афтæ зынд, фæлæ-иу дзурæгæн исты худæг æртау кæм фæзынд йæ ныхасы, уырдæм-иу февнæлдта æмæ-иу æй разынын кодта, иннæтæ дæр æй куыд федтаиккой, афтæ.

Уæдæ искæй афæзмынмæ дыккаг ахæм зын ссарæн уыд, кæд ын уæвгæ ссарæн уыди, уæд. Арæх нæ фæзмыдта, хъæуа-нæ хъæуа, уæддæр. Мæн-иу хатын дæр бахъуыди. Афæзм-ма! Уæддæр-иу кæнæ сразы, кæнæ – нæ. Æвæццæгæн, уавæртæ хъæуы фæзмынæн дæр. Зæрдæ хъæуы, фæзмын дæр аивад у, æвæццæгæн. Арæхдæр-иу æнæнхъæлæджы райдыдта æмæ-иу Асæхæй райдыдта арæхдæр – Асæх телеуынæны дзырдта, Алихан Дæргъæвсгомы маевкæ куыд сарæзта, уый тыххæй.

– Уым маевкæ сарæзта, Дæргъæвсы, маевкæ!..

Байхъус æм, æмæ бынтондæр – Асæх, йæ хъæлæс дæр – Асæхы хъæлæс, йæ интонаци дæр – Асæхы интонаци, йæ къухы батылд, йæ амонæн æнгуылдзы ныттынг – Асæх æмæ Асæх! Бакæс æм, æмæ – Камал! Фæлæ-иу Грисы фæзмын куы райдыдта, стыр диссаг уый уыди. Грисы фæзмын – уый йæ фæзмæндоны рæбинаг æвæрæны æвæрд уыди.

– «Сослан Цæразон» куы фыстон, уæд цыппарфондзыссæдз чиныджы бакастæн, – райдыдтаид, – æмæ мæ цæстытæй ницыуал уыдтон. У меня же глаукома. Уæддæр ма мæ зæрдæ Сомихы стыр аргъуанмæ æхсайдта, мæнæ йæ Эчмиадзин цыдæр куы хонынц. Уым, дам, стыр чиныгдон ис, æмæ дзы, зæгъын, кæд истæуыл фæхæст уаин. Фæлæ йæм бацæуæнтæ æхгæд сты. Йæ алыварс æртæ цæгæй лæууынц хотыхджын салдæттæ. Уæддæр мын дзы Нафи цыппæрдæс чиныджы рахаста!

Уый та, цæмæй Нафи нæ цæсты ноджы фæкадджындæр уа, уымæн дзырдта. Æниу, кæд уыдæттæ Грис æппындæр никуы дзырдта, кæд сæ Камал йæхæдæг æрхъуыды кодта, уæддæр ацу æмæ ды базон! Фæлæ уæд афтæ куыд бадтаиккой Грисыл уыцы хабæрттæ æмæ уыцы ныхæстæ?! Афтæ сæ дзырдтаид, æмæ лæджы нæ фæндыди, Камалы æрхъуыды уой, уый. Афтæмæй йыл æууæндгæ дæр нæ кодта лæг.

Уæд та нæ афтæ бафарста Грис – уый æцæг уыд:

– Хæдивæг кæй равзæрста мæ хæрæфырт? – Камалæн йæ фыд уыди Плиты хæрæфырт. Фæлæ йын Грис йæхи хуыдта йæ хæрæфырт.

– Хаблиаты Сафары, – загъта махæй чидæр.

Æмæ йæ сæрыл фæйнæрдæм арахæц-бахæц кодта Грис:

– Нæ, фæлæ йе ‘мпысылмоны куыд æрбахæстæг кодта йæхимæ!

Уый онг раст уыди Грисы ныхас. Фæлæ йæ Камал ууыл уагъта?!

– Пысылмæттæ уыдысты бынтондæр Бæтæхъойыхъæуы цæрджытæ. Фæлæ, хæст куы фæци, уæд Исай (Иссæйы Грис Исай хуыдта) йемæ иу полкъ ракодта æмæ сæ, цыдæриддæр уыдысты, иууылдæр ныббыгъуы кодта æмæ сæ чырыстон динныл бафтыдта уыцы ран.

Ма йæм кæс – Грис, кæс – æмæ Камал, æмæ Камал дзуры, уый федтаис, уæддæр ма фæгуырысхо уыдаис, ууыл зын бауæндæн уыд.

Æмæ Эльбрусы куыд фæзмыдта, уый та! Чи зыдта Эльбрусы, уыдон æй хъуыды кæндзысты: уыцы хæрзхуыз æмæ хæрзарæзт лæджы, филологон наукæты дохтыр. Фыста радзырдтæ, æмдзæвгæтæ, тæлмацтæ дæр кодта. Гæстæны фыд Бесланы цард, æмæ уыдонмæ

уыдысты. Иуцалдæрæй фынгыл бадтысты. Ныр-иу Васо чи уыд, уый йæхи арахъхъæй фæтылиф кæныны тыххæй куы цæй æфсон рауади æддæмæ, куы – цæй. Æмæ, дам, нал баурæдта йæхи Эльбрус:

– Уæллæй, Æмзор, ацы Васо чи у, ацы Васо, уый махыл уæлахиз кæны, уæлахиз.

Эльбрус бакастæй Камалы хуызæн нæ уыд, æппындæр нæ уыд Камалы хуызæн, йæ цармы нæ цыд, кæмæй фæзæгъынц, ахæм лæг уыди. Йæ цæсгом сырх дардта, уыцы стыр æмæ лæгъз цæсгом, фæлæ-иу Камал уыцы ныхæстæ куы загъта, уæд-иу цыма Эльбрусы хуызæн фестади, æндæр сын цыма зæгъæн нæ уыд уыцы ныхæстæн.

Кæддæр бакой кодтон Камалæн: цæй æмæ фæзмджыты къорд саразæм! Фæзмын чи зоны, – кæйфæнды дæр фæзмæд – уыдон æрæмбырд кæнæм.

Камал мæм æрбакаст, хъазгæ нæ кæнын, уый базыдта æмæ мæм æрбадзырдта:

– Хъазгæ нæ кæныс?

– Нæ кæнын. Ссарикам, дзæбæх чи арæхсы фæзмынмæ, ахæмты. Уартæ Ахуырбег Гулуты Андрейы куыд фæзмы, уый зоныс?! Стæй нодзы бирæ кæйдæрты. Гæджынаты Римæ Шамилы куыд фæзмы! Афтæ йæ фæзмы, æмæ зæхмæ мур нæ уадзы Шамилы ныхасæй. Билары дæр куы фæзмы чидæр, фатер дæр ма куы раттын кодта кæмæндæр уыцы чидæр – Билары хъæлæсæй йæм куы бадзырдта. Иу нæ, фæлæ йын дыууæ фатеры дæр куыд нæ ратгæ фæци уыцы чидæр уыцы кæмæндæр! Кæнæ Бабле Брежневы куыд дзæбæх фæзмы, уый зоныс? Æрæмбырд сæ кæн. Сæхимæ гæсгæ текстгæ сын ныффыс, стæй сын иуцалдæр репетицийы скæн!

Нæй, ницы рауади мæ фæндæй, афтæмæй цы дзæбæх фæнд уыди!

Цалдæр мæйы рацыдаид, Камал махмæ кусын куы райдыдта, уæдæй, æмæ Мæскуыйæ æрцыд гæххæтт: Мæскуыйы чиныгуадзджыты дæсныйад фæбæрзонддæргæнæн курсыты чи нæ уыд, уыдонæй иу хистæр редактор æмæ иу редактор куыд рарвитат. Уыцы курсытæ иудадзыг куыстой, æмæ сæм куы редакторты æрвыстой, куы корректорты, куы хынцæндоны кусджыты. Ацы хатт мах рад æрхауд, æмæ Мæскуыйы балæууыдыстæм Камалимæ. Хицæн уаты æрцардыстæм дыууæйæ, далæ кæмдæр, Михайловский проезд æй хуыдтой, уым зæронд æмдзæрæны дыккаг уæладзыджы. Цæрынтæ байдыдтам

уыцы мигъæмбæрзт стыр горæты – мæ зæрдæ цы зæгъы, уымæй æгас мæйы дæргъы хуры цæст нæ разынди. Бон бадтыстæм лекциты, изæры нæ æмдзæрæны бæгæны нуæзтам – нæ тæккæ рахизæны уыд æхгæд гуыффæгонд, æмæ дзы бæгæны уæй кодтой, ахъаззаджы бæгæны, – куы та-иу æй хъæбæрдæр фæкодтам. Афтæмæй дын куы ныффæнд кæниккам: цæй æмæ хъæдур сфыцæм.

Хъæдур алы зест кастрункæйы фыцæн нæй, стæй махмæ зест кастрункæ дæр нæ уыди, æмæ уыцы æнцойбон фæцыди Камал аг æлхæнынмæ. Æрæгмæ цыди фæстæмæ, фæлæ уæддæр иуафон æрыздæхт, уæдæ цы кодтаид! Къæсæрыл куы 'рбалæууыди, уæд йæ цæсгомæй ницыуал зынди худынæй. Йæ къухæй хæцыд иу цæгбыд сеткæйы къубалыл, йæ мидæг сеткæйæн уыд, иу хъугдуцæн бедра æмæ æрдæг кæм бацыдаид, ахæм цугун. Æдде йæ сау фыр сауæй æрттывта, мидæгæй йæ урс цæстытæ хъыдзы кодта. Сеткæйæ йæ сæфтыдтам, уаты астæу æй æрæвæрдтам, æмæ, цыма йæ фæрстæ уыцы тымбылæй фæйнæрдæм афтæ кæй фæцыдысты, уымæй тынг разы уыди, уый лæуд кодта. Мах дæр лæууыдыстæм, кастыстæм æм æмæ худтыстæм. Цугун æгæр стыр кæй рауади, ууыл худтаиккам, æмæ уым уа худæгæй ницы уыди – стыр цугун ничи балхæны?! Фæлæ уый æгæр стыр кæй уыди, мах – æгæр цъус, æвæццæгæн, ууыл худтыстæм. Кæнæ, уыцы кæфтæй кæсæгмæ горæты уымæй къаддæр мацы ссар – уый дæр куыд нæ уыд худæг. Стæй ма дзы, чи зоны, цыдæр уыди, æмæ нæ, чи зоны, уыцы цыдæр худын кодта. Фæлæуу, æмæ Камал цалынмæ аг æлхæнынмæ нæ ацыд, уæд дæр худгæ куы кодтам. Худтыстæм, фысджытæ, мах Мæскуыйы кæй уыдыстæм, уый тыххæй цы дзырдтаиккой æмæ куыд дзырдтаиккой, уыдæттæ фæзмыдтам. Иуæй, ницы-мацытæ уыдысты, иннæмæй – нæ уыдысты, афтæмæй сыл худтыстæм. Æмæ ныр Камал куы æрбаздæхт уыцы цугунимæ, йæ худын йæ цæсгомыл куыд хъазыд, афтæмæй, уæд цыма æрдæбон нæ худын уымæн баурæдтам, цæмæй йæ ныр адарддæр кæнæм. Афтæмæй, цæуыл худтыстæм, уымæн йæ кой дæр никуы уыд фысджытæм, дзургæ нæ, фæлæ мах ацыдыстæм искуыдæм, уый дæр сæ бирæтæ нæ зыдтой.

– Цугун, дам, балхæдтой, цугун!

Уый æз загътон, æмæ мын Максимы хъæлæсæй загъд куыд æрцыди, уымæн ницы базыдтон.

Камал мæм исдуг кæсгæйæ баззад, стæй хъæрæй ныххудти.

– Бынтондæр ын куыд æрцахстай йæ интонаци!

– Кæй интонаци æрцахстон?

– Максимы, æндæр кæй!

Æмæ мæ цæстытыл уади Максим, уыцы ныхæстæ куы дзырдтаид, уæд куыд худтаид, афтæмæй – худтаид, æмæ кæй худы, уый цыма йæ сæрмæ нæ хастаид. Уый фæстæ уынгты дæр, бынаты дæр архайдтон, уыцы хъуыдыйад ма, уæд æй куыд загътон, афтæ куы зæгъин Максимы хъæлæсæй – цыма мæ цæмæн бахъуыди?! – фæлæ нæй, йæ тæфтыл дæр нал ацыдтæн. Уæд æм уæд, нæ цугуны уæлхъус лæугæйæ, куыд фæкомкоммæ дæн?

Æниу мæм, чи зоны, йæхæдæг фæкомкæммæ ис уыцы æнахуыр хъуыдыйад.

Стæй мæ нал фæндыд уыцы ницы-мацытыл хъуыды кæнын. Фæлæ мæ сæхæдæг нæ уагътой æмæ мæ нæ ныууагътой, цалынмæ мæм Максимы хъæр райхъуыст йæ къабинеты гом дуарæй, уæдмæ:

– Рацæут-ма, уыцы повестыл аныхас кæнæм. Уæуу мæнæ!

Максим «уацау» нæ дзырдта, «повесть» дзырдта. Æмæ мæм мæ зæрдæ афтæ дзуры, фыццаг æй Хуссары кæй райдыдтой дзурын,




Бицъоты Грис, Цæрукъаты Алыксандр, Нафи, Хъодзаты Æхсар, Камал æмæ Айларты Чермен. 1974 аз

уымæн æй нæ дзырдта – Максим Хуссар нæ уарзта. Диссаг, фæлæ æцæг у – Хуссар Ирыстоны зæххыл йæ къах никуы æрæвæрдта.

Уæд æз «Мах дуг»-ы куыстон. Максим – редактор, Дауыт – йæ хæдивæг, Саукуыдз – бæрнон секретарь, Зинæ – хайады хицау, æз – хайады хицау. Æмæ уыцы мæйы дæргъы æмбырд æмбырды фæстæ кодтам Гæстæны уацау «Фæстаг бæх»-ы тыххæй. Райсом-иу куыддæр æрбадт йæ парахат кабинеты, афтæ-иу йæ гом дуарæй рахъæр кодта:

– Рацæут-ма, аныхас кæнæм уыцы повестыл. Уæуу мæнæ!

Максимы нæ фæндыд, уацау рацæуа, уый, æмæ æфсæнттæ агуырдта. Нæ ардта æфсæнттæ æмæ тыхсти.

Дауыт-иу рæбынæй абадт æмæ-иу дзурынмæ фæци:

– Ницы дзы и, бæхы расур-басур кæнынц. Æндæр дзы ницы и.

Максим-иу йæ уæззау къухтæ уæлиау systa æмæ-иу сæ стъолыл æрæппæрста, сæ гуыпп-иу фæцыд стъолыл, æмæ-иу загъта:

– Омæ йæ цы расур-басур кæнынц?!. Уæуу мæнæ!

Æз нæ кастæн «Фæстаг бæх» æмæ цы загътаин! Æнæуи йæ ном мæ зæрдæмæ нæ цыд, ирон ныхасы ад мын нæ кодта. Фæлæ уый дæр нæ загътон. Бадтæн-иу æмæ-иу хъуыды кодтон, Максимæн Дауыты ныхас куыд æхсызгон уыд, ууыл. Æмæ-иу йæ къухтæ стъолмæ кæй æрæппæрста æмæ-иу афтæ кæй ныууынæргъыдта, уыдæттыл æй Дауыты ныхæстæ æфтыдтой – цин кодта Дауыты ныхæстыл æмæ-иу нæ æмбырд дæр уымæн æркодта, цæмæй та Дауыт зæгъа уыцы ныхæстæ, æмæ та йæ къухтæ æрæппара стъолыл æмæ та уынæргъгæ дæр ныккæна.

Нæ цугун уым баззад, уыцы иунæг хатт дзы сфыхтам хъæдур. Кæцæйдæр цыдæр лыстæг урс хъæдур æрбахаста Камал. Æмæ фæци. Æниу куыд фæци! Алы бон йæ кой кæнынæй куынæ 'фсæстыстæм æмæ-иу ыл худæгæй нæхи куы схастам.

Æмæ-иу фысджытæй чи цы дзырдтаид, мах Мæскуыйы кæй стæм, цы митæ дзы кæнæм, уыдæтты тыххæй, уæд разæй Камал цыд – уый, «Калм æмæ бæлон» зæгъгæ, уыцы сæргондимæ цы цалдæр æмдзæвгæйы ныффыста, уым иттæг хорз разынд, ахæм хъуыддæгтæм куыд арæхсы, уый. Газеты фыстой, кæмдæр фæсарæнты иу сырддоны калмæн удæгас бæлæттæ куыд æппарынц йæ бынатмæ хæрынæн, уый тыххæй. Æмæ нæ разагъды поэтты сæр бахъуыди – чи куыд равдисид уыцы æбуалгъ хабар. Æмæ сæ Камал алкæй хуызы дæр бацыди.

Хъайтыхъты Георги афтæ ныффыстаид æнæмæнг:

*Æз йе скастмæ*
*Хурæн куыд бæллон,*
*Куыд агурон*
*Абон хæдзар?*
*Зын раны, дам,*
*Бахауд*
*Нæ бæлон.*
*Фæзын æм*
*Æххуысмæ,*
*Хæлар!*
*Фæлæ йын*
*Нæ уыдысты*
*Барæй –*
*У калм дæр*
*Цæрæг уд*
*Ай-гъай.*
*Уæ къухтæ*
*Уын исын*
*Хæларæй,*
*Нæ бæлон,*
*Нæ сау калм,*
*Нæ май!*

Уæдæ Цырыхаты Михал афтæ ма ныффыстаид:

*Уый уады къуыс-къуыс сау ирдгæ нæ хæссы,*
*Уый рындзæй коммæ н‘ алæбырд рæдзæгъд,*
*Уый залымæн йæ зынæфсис хъæлæсмæ*
*Æнæазым бæлоны туг тæдздзæн.*

Малиты Васо та афтæ ныффыстаид:

*Цæй карз дæ, о,*
*Ды карз фыдæхы карздæр,*
*Æнæхин бæлон.*
*Дун-дунейы уаздæр,*

*Йæ базыр уыд*
*Зæды базырау рог.*

Хъодзаты Æхсар та афтæ ныффыстаид:

*Уæззау уаргъау мæ фын*
*Æз фынæй рахастон,*
*Æмæ æрцыд...*
*Ох, зæрдæ дзы ныккæрзы,*
*Куыд ма уæм, дзыцца,*
*Газеты куы бакастæн,*
*Кæмдæр, дам, калм*
*Цæрдуд бæлæтты ‘вдæрзы.*

Джыккайты Шамил та афтæ хъуамæ ныффыстаид мæнæ:

*Æвирхъау калм, куынæгмæ нæ тæрдзæн...*
*Бæлоны рухс фарн рафтдзæни уæлæуыл.*
*Кæмдæр та цъуйæ сау цæссыг тæдздзæн,*
*Хъуыдалыйы сыф разайдзæн мæнæуыл.*

Дзырд дæр ыл нæй, ацы поэтты æрмдзæф чи нæ зона, уымæн цæвиттонтæ ницæй ад скæндзысты. Цæмæй сын сæ диссагыл фæхæст уай, уый тыххæй зонын хъæуы поэттæн се сфæлдыстады бацæуæнтæ.

Йæ фыдыфсымæры лæппу Тамерлан Мæскуыйы бын Одинцовойы цæры Камалæн. Ныр кусгæ нал кæны, Мæскуыйы ирæтты ‘хсæн дзæбæх змæлы, уæд та стыр фæлхасадон дуканийы директоры хæдивæг уыд. Уыдыстæм сæм Камалимæ. Йæ уырыссаг бинойнаг нын ахæм ирон фыдджын скодта, æмæ йæ Ирыстоны ничи базонид кæнын, æнгом æхгæд уæлцъары бын йæхи тæфы афтæ афыхт, æмæ дзы лæг хæрынæй не ‘фсæсти. Ноджы стыр – иу-авд лæджы фаг уыдаид. Иннæ хатт та сæм иунæгæй ацыд Камал æмæ йемæ æрбахаста, иу-фондз килæйы бæрц чи уыдаид, ахæм дзидзайы хай. Мах æй, бигæ сеткæ чи уыд, уым нытътъыстам æмæ йæ, рудзынгæн æдде цы æхгæнæн уыд, ууыл æрцауыгътам. Райсоммæ йыл ахæм их æрзад – ставд æмæ даргъ. Ноджы фыры сыкъатау уырынгтæ бадт, æмæ йын уый æнæбасæттонхуыз лæвæрдта ихæн.

Ныр лæууыдыстæм æмæ йæм кастыстæм. Стæй мын цыдæр цин


Хъесаты Валодя, Цыбырты Людвиг, Камал æмæ Фидараты Булат. 1998 аз


Камал, Гæбæраты Юри æмæ Хуыгаты Сергей. 2007 аз

бакъуырдта мæ зæрдæ – дзидзайы цин нæ, ихы цин, æмæ худынмæ фæдæн. Æмæ, цыма æгæр куы аразæй уон, уымæй фæтарст, уый кæлкæл ныккодта Камал. Кастыстæм, их куыд æрдаргъ ис, уымæ, æмæ худтыстæм.

Стæй-иу изæры куы æрцыдыстæм курсытæй, уæдмæ-иу йæ их батади. Мах-иу æй æристам, физонæджы фаг-иу дзы æрлыг кодтам, иннæ-иу фæстæмæ сауыгътам. Афтæмæй дзидза къаддæрæй-къаддæр кодта. Æмæ ууыл уыйас нæ тыхстыстæм, йæ их куыд гыццылдæр кодта, ууыл куыд тыхстыстæм. Диссаг уый уыди, æмæ, кæй тыхстыстæм, уый нæ худынæй кæй æвдыстам. Фæстаг физонæг ма дзы цы изæр кодтам, уыцы райсом йæ их афтæ гыццыл сси, æмæ зæрдæйыл æнкъард æфтыдта йæ гыццылæй. Бирæ йæм фæкастыстæм, уаты астæу лæугæйæ, стæй æнæдзургæйæ ацыдыстæм нæ курсытæм.

Æнæуи, мæнæ сау куыст кæй хонынц, уый афтæ æхсызгонæй нæ кодта Камал. Дзырдта-иу, арæх-иу дзырдта:

– Гъеныр ам бад æмæ искæй фыстытæ рæстытæ кæн, уый цас хорз куыст у!

Стæй мæм иухатт куы уыд, уæд хæстæг æрбабадт.

– Цæй, æмæ æз куыстæй ацæуон, Езетханы роман ратæлмац кæнон. Уадз æмæ йæ Иры фæсивæд иронау дæр кæсой. Сфидаудзæн ирон æвзагыл.

Мæн нæ фæндыд, ацæуа, уый, фæлæ йæ куыд баурæдтаин?!

Аванс ын рафыстам. Ацыди. Иу авторон сыфы бæрц дзы ратæлмац кодта, «Мах дуг»-ы йæ рауагъта æмæ ныллæууыд. Авансы æхца фæстæмæ æрбахаста. Уый фæстæ йæ куыстытæ ивгæ ацыд – Ирон театры директор, Мыхуыры комитеты сæрдар, Фысджыты цæдисы сæрдар.

Æрæджы йæ фыны федтон. Иу кæмдæр ныхæй-ныхмæ фæцæйцыдыстæм. Кæрæдзийы куы федтам, уæд скуыдтам – фыццаг уый скуыдта, стæй та æз. Кæрæдзимæ нал цыдыстæм. Лæууыдыстæм æмæ куыдтам. Кæддæр-иу худгæ куыд кодтам, афтæ. Æцæг-иу худгæ куы кодтам, уæд-иу æввахс лæууыдыстæм кæрæдзимæ.

*Февраль, 2024 аз*

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



# ХÆХТЫ МИНÆВАР...



Васили йæ мадимæ



Æрыгонæй



Радиокомитеты кусгæйæ



Дзæуджыхъæуы Педагогон институты рауагъдонтæ. 1950 аз



Йæ фырт Олегимæ



Газет «Социалистическая Осетия»-йы бæрнон секретарь Рубен Манукян æмæ зарæггæнæг Хъуылаты Елхъанимæ



Болгарийы





Цæгат Ирыстоны культурæйы декадæйы бонты рæстæг Мæскуыйы





ЦИПУ-йы студенттимæ



Радиокомитеты



Колхозы



Фембæлд фермæйы кусджытимæ




Мæскуыйы интеллигенцийы минæвæрттимæ

















# КÆМДÆР ТА МЫСЫНЦ МÆН...



Камалы бинойнаг Валя. 1969 аз



Ходы Камал. 1967 аз



Камал æмæ Валяйы чындзæхсæв. 1970 аз



Уататы Бибо, Дзиуаты Анатоли æмæ Камал адæмон ансамблимæ. 1990 аз



Тимофей Ефимцов, Хъодзаты Æхсар, Хостыхъоты Зинæ æмæ Камал.
Фысджыты съезд Мæскуыйы. 1970 аз



Фысджытæ æмæ нывгæнджытимæ



Пушкины номыл скверы



Сланты æфсымæрты судзæггаг зианты уæлхъус.
Галиуæрдыгæй рахизæрдæм: Плиты Грис, Тедеты Ефим, Цæрукъаты Валодя, Булкъаты Михал, Чеджемты Æхсар, Камал æмæ Малиты Васо



Цæгæраты Гиго, Камал æмæ Хъайтыхъты Геор. 1979 аз



Уататы Бибоимæ Турчы. 1994 аз



Хъазиты Мелитон æмæ Нафиимæ



Битарты Вячеслав æмæ Хъазиты Мелитонимæ. 2020 аз



Хъайтыхъты Азæмæт æмæ Дзасохты Музаферимæ. 2013 аз



Дзауы. 2010 аз



Æз хъулон уарзт куынæ кæнон дæ хæхтæ, –
Йæхимæ мæ нæ райсдзæни дæ зæхх дæр.
Нæ уыдзынæн нæ Иры фырт, нæ Ходы, –
Сæ дыууæ дæр мыл бакæндзысты хъоды.

# КАМАЛЫ ТЫХХÆЙ ЗАГЪТОЙ

Æмбал кæмæн нæй Иунæг Хуыцауау, ахæм лæг дæр æмæ дзы ахæм поэт дæр кæд Камалæй не скодта Йæхæдæг Дунесфæлдисæг, уæддæр дзы æндæр лæгау лæгтимæ æмæ поэтау поэттимæ æнæфæивддзаг æмæ поэт рауад.

Æмæ йæ сæйрагдæр фæдзæхст зæрдиагæй æмæ иттæг ахсджиагæн ымаинаг у:

*Цы адæм ысвæййынц*
*Уæлæхох Поэтыл,*
*У ахæм адæмæн*
*Йæ фидæн æлгъыст!*

Стæй йæ абоны бон дæр!

*ГУСАЛТЫ Барис*

Камал у Ирыстоны аккагдæр фырттæй иу. Рæстдзинад зæгъынæй никуы тарст, никуы æрхаста йæ сæрмæ фæсмойнаг хъуыдытæ.

*БЕДОЙТЫ Шалва*

Ходы Камалы поэтикон сфæлдыстад зынгæ бынат ахсы ирон дзырдаивады мидæг. Сыгъдæгзæрдæ æмæ уæздан адæймаг, курдиатджын поэт æмæ йæ æнувыд æхсæнадон кусæгæй зонынц Ирыстоны дзыллæ. Йæ цард æмæ йæ куыст фæзминаг сты сфæлдыстадон фæсивæдæн. Йæ поэзи у дуджы айдæн – ирдæй дзы зынынц рæстæг, цард æмæ æхсæнады сагъæстæ, цинтæ, бæллицтæ æмæ хъынцъымтæ.

*ХОЗИТЫ Барис*

Камал у поэт, драматург, публицист, тæлмацгæнæг æмæ критик. Камал йæ фылдæр хъарутæ снывонд кодта йæ уарзон мадæлон æвзагæн, стыр æвæрæн бахаста ирон литературæйы къæбицмæ. Камал æлхæны чиныгуарзджыты зæрдæтæ йе ‘рттиваг курдиатæй, йæ аивадон уацмысты арф мидисæй, йе ‘нæнхъæлæджы рæсугъд арæзт фæлгонцтæй, æххæст литературон сурæттæй, ног вазыгджын хъуыдытæй æмæ цымыдисаг сюжеттæй.

Ходы-фырт йæ мадæлон æвзагимæ йæ цард баиу кодта, æмæ, ирон æвзаг цалынмæ цæра, уалынмæ йæхæдæг дæр уыдзæнис.

*СКЪОДТАТЫ Эльбрус*

*Дæ бон хорз, Камал-огъли!*

*Æмæ дæ уалдзыгон æрвнæрды фыццаг гыбар-гыбуры хорзæх уæд! Дæ зæронд тугдадзинты дын поэзи æмæ æвзонджы цъæх арт суадзæд!*

*Нал дзурыс, нал фыссыс, ныхъхъус дæ. Мæнæй ма, дæхион дæхи ‘рдыгæй фæци, куыдз, æмæ ма дæ Бестау æмæ Зинæйы мæт ис! Дæ хабæрттæ ма мын кæд Мысырхан адзуры, æндæр сæ кæцæй зонон? Æндæрæбон мын загъта, Нафиимæ, дам, æрцæуинаг дæ. Баздæх-ма, уæдæ, домбай, æмæ Нафийы дæр фæтагъд кæн, ам нæ йæ сæр тынг хъæуы, æмæ нын ды дæр дæ хурдзæсгом равдис рагацау, Хаджийы загъдау. Валяйы æз рагæй нæ федтон, фæлæ, куыд зæгъынц, афтæмæй сæгуыты хуызæн у, æрмæст æй, æнхъæлдæн, цыдæр сусæг сагъæс домы, кæйдæр галы къæлæты йас цæстытæ, дам, йæ сæнтты йæ фæдыл сагъуыдысты æмæ йын æнцой нæ дæттынц.*

*Æхсары куыдзæн мæ номæй бузныг зæгъ, «Мах дуг»-ы цы лæгау лæджы стихтæ ныммыхуыр кодта, уыдоны тыххæй. Заирæйæн та, – хорз æй кæй хонынц, уый тыххæй! Æрмæст-ма йæ бафæрс: Зинæйыл мæ цæмæн сардыдта? Æз æм йæ номæй 8 мартъийы арфæйы гæххæтт барвыстон, зæгъын, æвæццæгæн, йæхицæй ферох, уый та Зинæйæн, – куы ницы, дам дæм арвыстон! Уæвгæ уæддæр рахъæр уыдаид: иуæй, – къухфыстæй, Сæлимæтæн æй ныффыссын кодтон, иннæмæй, – «мартъи»-йы бæсты къуыдайрагау «март» ныффыстам.*

*Цы ма дæм афыссон? Саламттæ уым нæ лæппутæн! Уыцы нымæцы Нафийæн – лæппуты хистæр æмæ зæрæдты кæстæрæн!*

*Мæнæ Руставелийæ иу гæппæл æрвитын, кæд истæмæн бабæзза, уæд. Дыууæ æндæр æмæ æндæрхуызон ритмы дзы кæй ис, «ныллæг» æмæ «бæрзонд» шаири, уый оригиналмæ гæсгæ кæй у, уый бамбарын кæн дæ редакцийы. Кæд уæ зæрдæмæ нæ фæцæуа, уæд уæхи ма бафхæрут. Кадæджы тæлмац фæуд кæны, æмæ йæ, чи зоны, искуы исчи рауадза.*

*Цæй, домбай у! Хабæрттæ нæм хъусын кæн!*

*Дæхи Бестау.*
*18.03.1970 аз*

*ЦОЦИТЫ Емзар*

# ДÆ ФÆЛГОНЦ МÆ ХЪУЫДЫЙÆ ИУВАРС НÆ ХИЗЫ…

## НАНА

Нана, дæ рухс фæлгонц та мæнæ
Дæ фыдуаг сау лæппумæ ‘рцыд...
Дæ уарзон цæстæнгас мæ уæлæ,
Æнкъарын де ‘гъуыстаг рæвдыд...

Æруадз дæ фæлмæн къух мæ сæрыл, –
Куыд тынг мæ хъæуы ныр йæ хъарм...
Лæууын мæ зымæджы къæсæрыл,
Уæддæр мæ тынг хъæуы дæ фарн...

Дæ рус уымæл уыди цæссыгæй,
Дæ зынтæн ранымайæн нæй...
Уæддæр дæ фæлмæн уаз рæвдыдæй
Æфсæстдæр чи уыди мæнæй?..

Дæ удварн фидар уыд цæнгæтау,
Нæ уыди роггæнæг дæ уаргъ...
Лæвæрдтай дæ хъарутæ æнæвгъау,
Фæхастай сидзæргæсæй мах...

Уæддæр дæ фæлмæн худт нæ тади, –
Цы тых дæм уыд æмæ кæцæй?..
Дæ удварн мах тыххæй фæцарди,
Дæ уарзтæн абарæнтæ нæй...

Дæуæй æгæрон лæггад дарын,
Дæ фарн нæ амæлдзæн, æмбар.
Нæй, нæй дæ аккаг дзырд, нæ арын…
Фæлæ дæ хъæбулæн ныббар!..

## ДОНЫ БЫЛ

Кæддæрау та иунæгæй доны был лæууын,
Йæ уылæнты хъазтмæ лæмбынæг кæсын...
Кæддæрау цъæх айнæгыл уæртæ тыхсынц,
Стæй дарддæр фæуайынц – кæдæмдæр тындзынц...
Кæддæрау мæ донмæ æркæны мæ уарзт,
Кæддæрау æхцон у йæ уылæнты хъазт...
Фæлæ мæм тæркк уылæн лæмбынæг скæсы,
Мæ кæддæры хæлар цыдæр мæ æмбæхсы...
Стæй мæм кæддæрау æрбазылдта йе 'ргом,
Йæ риуы æмбæхст хъуыды иу уысммæ фергом:
– Кæддæры цæхæрцæст лæппуйы фæзмыс, –
Дæуæн ныр æндæр у, æндæр у дæ хуыз.
Йæ сау бецыкк уымæн куыд фидыдта зулмæ,
Дæуæн та æрттивы дæ халас сæр хурмæ.
Йæ фезмæлд уыд уымæн æхсæрдзæнау рог,
Дæу афтæ бынтондæр нæ хæссы дæ уæнг...
Йæ бакаст уæздан уыди, уарзтæвдылд уæд,
Дæуæн та дæ ныхыл – фыдтымыгъты фæд.
Сымахæн, æцæгæй, æнгæс зæгъæн нæй,
Кæддæры лæппуйы цы фæзмыс ныр, цæй?
Лæмбынæг-ма афæдзы афонтæм кæс, –
Æрæгвæззæг никуы у уалдзæджы 'нгæс...
Куыд зæгъон æз донæн, цы 'рцахсдзæн йæ зонд?
Кæддæры зынг зæрдæ нæ комы зæронд...

## ÆМБИСОНД

Кæддæр, дам, дагъы тигр 'мæ цъæх хæрæг
Ысхæцыдысты бонрæфты быцæуыл...
Сæ быцæуы сæр разындис цъæх кæрдæг,
Фæлæ йын никуыд нал зыдтой йæ фæуын...

Сæ иу дзырдта: «Кæс-ма, æрвхуыз у кæрдæг».
Уæд иннæ: «Кæрдæгхуыз у бæлвырд...»
Фæлæ ныффæрск, нæ разы кодта хæрæг,
Æмæ йын никуыд басæттæн нæ уыд...

Сæ быцæудзинад сахъ домбай æвзæрста,
Йæ рæстдзинадыл алчи дæр хæцыд...
Уæд дын домбай нæ цъæх хæрæгæн загъта:
«Рæстаг дæ ды, кæн дарддæр дæр дæ цыд...»

Уæд тигр дæр фæцæйцыди – æнкъардхуыз,
Фæлæ йæ домбай æрурæдта æргом...
«Ды раст уыдтæ – цъæх кæрдæг у кæрдæгхуыз,
Цæрæнбонты дæ ‘мбаргæ ‘мæ уæндон...

Фæлæ-ма зæгъ, хæрæджы ‘мкад куыд ысдæ?
Дæ кад, дæ зонд куыд радтой уымæн бар?..
Цъæх хæрæгмæ куыд батылдтай дæ дыстæ?
Гъе уый тыххæй æййафыс ды ивар...

Домбайы тæрхон ма рахон фыддзинад,
Дымгæ цæуæнты не ссудзы цырагъ...
Фæлывд, хивæндæй макуы дом рæстдзинад, –
Дæ домынæдтæн – сау капекк сæ аргъ...

## ИРОН ДЗЫРД

Нæ фыдæлты хæзна – нæ фыдæлты æвзаг,
Кæуыл дзырдтой рагон скифтæ, алантæ...
Кæй тыххæй нæ цагъта кæддæрты знаг,
Уый махæн цыбыр у, æвæрæм ыл фаутæ...

Кæддæр уый нæрыдис стырдæр бæстæты,
Кæддæр ын нæ уыдис дунеты æмсæр...
Ныр абон йæ фæдон – нæ иры кæстæртæ –
Гъе уыцы æвзагæй хуыздæр хонынц æндæр...

Ирон дзырд – тырыса, ирон дзырд – гæнах.
Хуыцау нын рæдауæй цы радта лæвар,
Гъе ууыл былысчъилтæ ма кæнæм мах,
Гъе уымæн дæлæмæ куыд уадзæм йæ фарн?..

Темырболат Турчы ирон фын уыдта,
Ирон нæмттæ дуне фидауын кæнынц...
Къоста дæр йæ лирæ иронау фыста,
Фыдæлты хæзнамæ нын адæм бæллынц...

Ирон дзырдты мæсыг ысфæлынд рæсугъд,
Ирон дзырд дæ цард у, йæ цæрайæ цæр...
Ирон дзырд дæ ном у, дæ зæрдæ, дæ уд,
Æмæ йæ дæ царды зынгæ ран æвæр!..

* * *

Уар, сæрдыгон къæвда, уар,
Ды мæ зæрдæйæн зынаргъ дæ…
Зар, хæххон цæугæдон, зар,
Ды мæ бæллицты цырагъ дæ…

Æнусон цъититы фæстытæ
Хурмæ разынынц уæздан...
Рог æхсæрдзæны хъæстытæ
Зæрдæйыл узæлынц хъарм...

Фæныкхуыз тар мылазон арв,
Æрдз фæтызмæг ис, фæтар...
Уар, сæрдыгон къæвда, уар –
Сусæны мæйы лæвар...

Кæрдæг дон зыдæй нуазы,
'Рыхсы хус фæндæгты рыг...
Зæхх сæрдыгон къæвда уарзы,
Нуазы мигъты цин цæссыг...

У сæрдыгон къæвда хъарм,
Ног садзæнтæ та – æлутон...
Уар, сæрдыгон къæвда, уар, –
Æрдзы фæзындтæй æнусон...

* * *

Чысангом, Чысангом, мæ рагбонты авдæн,
Дæ фæлгонц мæ хъуыдыйæ иуварс нæ хизы…
Ды дæ, ды, æвдисæн мæ æнæлаз уарзтæн,
Дæу мысгæйæ, зæрдæ фыр цинæй нырризы…

Чысангомы 'рдхæрæн, цæргæсбадæн хæхтæ,
Уæ хъæбысы баззад æвзонгады кадæг...
Хъуынавæрд мæсгуытæ, цъæхбазыр уæлвæзтæ,
Тæхуды, сымахыл куы снывæндин зарæг.

Уæздандзинад хæхтæй скодта цагъартæ,
Нæ кæмтты лæдæрсынц рыст, цины цæссыгтæ.
О Лехура, хъал дон, уыдыстæм хæлæрттæ,
Куыд арæх фæмысын дæ фæлмæн хъæбыстæ...

Ды аргъæутты дуне, зæдбадæн дæ Дзимыр,
Ам Хъелы цад хæхты уæлбазыр æрæнцад...
Чысандоны зарæг цин уафы мæ циныл,
Рæубазыр æвзонгад мæ риуы куы æрцард...

Чызгаимæ донмæ куыд арæх цыдыстæм,
Йæ уылæн-иу уарзты мелодитæ цагъта...
Мæй, стъалытæ – 'вдисæн, куыд уарзтмонц уыдыстæм,
Нæ къах нæ йæ цурæй нæхимæ нæ хаста...

* * *

Æз кæлæнгæнæг цæстытæ федтон,
Æмæ уый фæстæ скуыддæр мæ цард...
Æз мæ зæрдæйæ ме 'нцойад фехстон,
Æмæ нал зонын хуыссæджы ад...

О, хъуызгæйæ мæм кастысты уыдон,
'Нæбын денджызау – ирд æмæ арф...
Æз сæ мидæг мæ бæллицтæ федтон,
Æмæ ссыгътой мæ зæрдæйы арт...

Мæн æлвæстой, æлвæстой сæхимæ,
Æмæ тагъди мæ рохст риумæ цин...
Фат æхситгæнгæ фехстой мæ риумæ,
Æмæ фергом хъуызгæ касты хин.

Æз кæлæнгæнæг цæстытæ федтон,
Æмæ уый фæстæ скуыддæр мæ цард...
Æз мæ зæрдæйæ ме 'нцойад фехстон,
Æмæ нал зонын хуыссæджы ад...

* * *

Сæумæйы хур æрзылди хæхтыл,
Йæ рухсæй цъититæ æрттивынц...
Сæумæйы 'ртæх ныппырх ис нæууыл,
Æмæ зæрдæхъæлдзæгæй худынц...

Кæс-ма, чындзæхсæв кæнынц мæргътæ,
Чысыл къохы скодтой хъазт...
Рæсугъд бæрæгбонхуыз у бæстæ,
Æрдз хурмæ ракалдта йæ уарзт...

– Дæ райсом хорз, – зæгъынц нæ хæхтæ,
Сæ мидбыл бахудынц уæздан...
– Уæ райсом хорз, мæ хорз хæлæрттæ,
Дæттæд уын Сфæлдисæг Йæ фарн…

ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат

# КÆРЦÆЙ ХÆДОН ХÆСТÆГДÆР У

*Радзырд-æцæг хабар*

– Абон хуыцаубон у, æмæ нæхи уæддæр ныддасæм, науæд бынтондæр хъæддæгты хуызæн систæм, – йæ домбай уæнгтæ æхсызгонæй айвæзта, уæйлаг нымæт йæ уæлæйæ аппæрста, афтæмæй сдзырдта Чермен. Фæлæ йын Мераб ницы дзуапп радта. Æнæдзургæйæ бадт суадоны был æмæ арф хъуыдыты аныгъуылд. Уыцы иухуызон æнкъардæй бадти æмæ, цыма суадоны арфы стыр диссæгтæ уыдта, уыйау дзы йæ цæстытæ атонын нал куымдтой.

– Къуырма бадæ, Мераб? – ногæй та йæм сдзырдта Чермен, – абон, зæгъын, хуыцаубон у, æмæ нæхимæ иучысыл базилæм, науæд нæ адæм фæтæрсдзысты, – æмæ йæм айдæн бадардта. Мераб айдæнмæ йæхимæ бирæ фæкаст. Йæ цæсгом, æцæгæйдæр, схъуынджын, рустæ – фæлурс, цæстытæ арф бамбæхстысты сæ къуырфыты, къæмисæнтæ урс-урсид адардтой. Ферох дзы, фæстаг хатт ма мидбылхудты фæлм йæ цæсгомыл кæд ахъазыд, уый. Ныр цыппæрæм мæй цæуы, сæ райгуырæн хъæу Хелцуа сын гуырдзиаг экстремисттæ куы басыгътой, ууыл, æмæ уæдæй нырмæ, сæ хъæуы лæппутæй цы хицæн къорд сарæзта, уыдонимæ рахау-бахау кæны тархъæды. Ома лидзгæ нæ акодтой. Хъæуы ма цы хистæртæ, сабитæ, рынчынтæ баззад, уыдоны æхсæвæй-бонæй хъахъхъæнынц. Бирæ не сты – æдæппæт дыууадæс æмæ ссæдз лæппуйы. Фаг сæм нæй хæцæнгæрзтæ дæр. Фæлæ экстремисттæй бирæты барвыстой мæрдтæм. Æрæхгæдтой сын се 'рбацæуæнтæ. Æнæнхъæлæджы сын сæ хъæумæ куынæ æрбабырстаикккой уыцы гуырдзиаг фыдгæнджытæ, уæд ахæм бæллæхтæ бæргæ не 'руагътаикккой, фæлæ афоныл нæ фæцарæхстысты, æмæ... Мерабæн уæлдай зындæр та уый уыд, æмæ хъæуы зæрæдтæн дæр кæй нæ фæтæригъæд кодтой, нуцалдæры дзы кæй амардтой. Арт бафтыдтой Мерабæн йæхи хæдзарыл дæр, фæлæ ма сыхæгты æмæ æмгæртты æххуысæй йæ къухы бафтыд йæ фыдæлты къона бахъахъхъæнын. Æрмæст арты æвзæгты хай бацис, Афганистанæй службæйæ куы ссыд, уæд ын йæ мадыфсымæр Граф цы зынаргъ сау байраг балæвар кодта, уый. Судзгæ скъæтæй ма бæргæ феддæдуар кодта Мераб æнамонд хайуаны. Фæлæ байрæджы. Арт сирвæзт йæ буарыл. Æгасæй дæр

рызт æмризæджы æмæ амард тæригъæддаг мардæй. Ставд цæссыгтæ рахъардтой йæ сатæгсау хъоппæг цæстытæй. Уыцы æвирхъау нывмæ кæсгæйæ, йæхи цæстытæ дæр доны разылдысты Мерабæн. Фæлæ ныббыхста. Ахæм тугуарæн рæстæг æрмæст ууыл не скодта – æнæхъæн Хуссар Ирыстоны цæрджытыл. Æмæ ахæм карз рæстæг та хъæддых фæлæууынæй æмæ быхсынæй хуыздæр ницы ис. Зын сахат иугыццыл дæр куы фæцудай, уæд адæймаг бынтон æнæныфс æмæ æнæхъару кæны. Æхсар æмæ лæгдзинадæй та цух нæ уыд Мераб. Федта бирæ зындзинæдтæ, ахызт туджы зæйты сæрты Афганистаны душманты ныхмæ хæцгæйæ æмæ уымæн фидар разынд, йæ фыдæлты къона арты куы сыгъд æмæ йæ куы хуыссын кодта, уæд. Бедрайы дзаг дон-иу йæхиуыл æркалдта æмæ та-иу уайтагъд тохы бацыд арты æвзæгтимæ.

Æмзонд, æмхъаруйæ кæй архайдтой арты ныхмæ, уый фæрцы Мерабты хæдзар бынтон нæ басыгъд. Сæ хæдзары исбон ирвæзынгæнгæйæ, лæппу стыр хорзæхы хуызæн судзгæ арты æвзæгты ‘хсæнæй йæ роны рахаста йæ мад æмæ йæ фыды стыр хуызист дæр. Уыцы къам райста йæ ронæй, ныссæрфта йын йæ рыгтæ, йæ ныйййарджыты сурæттæм бирæ фæкаст, стæй арф ныуулæфыд æмæ загъта: «Рухсаг ут, мæ мад æмæ мæ фыд... Амондджын стут, раздæр кæй бацыдыстут уæ сыджыты хаймæ, уымæй. Æгайтма ацы æнамонд хъуыддæгтæ æмæ фыдбылызтæ нал федтат...»

– Цæй-ма, цы ныхъхъус дæ, нæхи дасæм æви нæ? – ногæй та йын йæ хъуыдыты хал фескъуыдта Чермены ныхас.

Мераб фестъæлфæгау кодта. Айдæн иуварс æрæвæрдта æмæ афтæ зæгъы:

– Æз мæхи нæма дасын, нæма исын мæ саутæ дæр, цалынмæ мæ райгуырæн Хуссар Иры зæхх гуырдзиаг фыдгæнджытæй ссыгъдæг кæнæм, уæдмæ. Хъус-ма, æз дын уый бæсты мæ фын радзурон, – Чермены уæхскыл йæ уæззау къух æрæвæргæйæ, загъта Мераб. – Нæй, нæ та бафынæй дæн дысон дæр хуызæнæн. Ницы мын феххуыс сты дæ фынæйы хостæ. Æрмæстдæр бонæрдæм иучысыл рæстæг æрцъынд кодтон мæ цæстытæ æмæ та уыцы уысм ногæй фестадтæн Афганистаны. Æмæ дзы цы федтон, зæгъдзынæ? Цæрæнбонтæм мæ зæрдæйæ цы æвирхъау ныв нæ хицæн кæны, уый та ногæй мæ цæстыты раз фестад.

Лæууын радон посты. Хъахъхъæнын, рæстæгмæ цы цатыртæ скодтам, уыдонæй хæрæндонæн кæй радих кодтам, уый. Салдæттæ

уыдысты сæ тæккæ сихор хæргæйæ. Кæсын, æмæ дын иу гыццыл хъоппæгцæст саулагъз цыппар-фондзаздзыд лæппу нæ цатырмæ хæстæг хъазы. Мæнæн мæ зæрдыл æрбалæууыд мæ сабидуг. Бацыдтæн æм хæстæгдæр. Уый мæ фыццаг фæтарст, фæлæ йæм æз фæлмæн куы бахудтæн, уæд тасдзинады фæд айсæфт йæ хурсыгъд цæсгомæй, йæ цæрдæг цæстытæ скафыдысты. Йæ хъазæн машинæйæ иста кубиктæ æмæ сæ змисы ныгæдта. Æз ын йæ къæбæлдзыг сæрыхъуынтæ цалдæр хатты фæлмæн æрсæрфтон æмæ дарддæр мæ хъахъхъæныны куыст кодтон. Саби дæр хъæуы ‘рдæм фæцæуæг. Йæ ацыдыл иусахаты ‘рдæг рацыдаид, афтæ дын æваст зæхх мæ къæхты бын куы нырризид. Цавæрдæр уылæн мæ дард фехста. Рынчындоны цалдæр боны фæстæ мæхимæ æрцыдтæн. Ам фехъуыстон, нæ салдæттæй ма ноджы æртæйæ кæй фæмардысты. Æрмæстдæр рынчындоны бамбæрстон, уыцы саби йæ хъазæн машинæйæ цы кубиктæ æвдæлон кодта æмæ змисы кæй ныгæдта, уыдоны хуылфы кæй уыдис ræмудзæн æрмæджытæ. Душмантæ йæ махмæ барæй барвыстой, мах та йæм нæ хъус не ‘рдардтам.

Гъемæ дын дысон мæ фыны ногæй уыцы сабийы куы фенин, цыма та ногæй нæ цурмæ æрбацыди æмæ та хъазы йæ гыццыл машинæйæ. Æз æм хæстæгдæр бацыдтæн. Æмæ дын ног диссаг: саби уайтагъд стыр лæг куы фестид. Йæ къухты йын ауыдтон цалдæр минæйы. Мæнæн мæ маст рафыхт, æмæ йыл уайтагъд мæхи ныццавтон. Минæтæ йын йæ къухтæй скъахтон, фехстон сæ дард, дыууæйæ дæр зæххыл ахуыссыдыстæм æмæ уайтагъд райхъуыст цалдæр тыхджын срæмыгъды.

Уыцы æмыр гуыппытæм суанг бонмæ нал бафынæй дæн. Фæхуыссæгхъæлдзæг дæн. Рæхуыстой мæ мæ зæнджы цæфтæ. Цалдæр хатты рацыдтæн æддæмæ дæр. Мæ мад мын-иу куыд амыдта, хуыссæг дæ куынæ ахса, уæд, дам-иу стъалытæ сабыргай нымай æмæ ногæй афынæй уыдзынæ, зæгъгæ, уыцы амынд дæр бæргæ сæххæст кодтон – иу минмæ æввахс стъалытæ фæнымадтон арвыл, фæлæ мæм уæддæр хуыссæг æмгæрон не ‘рцыд. Мæ сæрæй иу хъуыды нæ хицæн кодта: «Ау, уыцы афгайнаг хъуымыздзых чысыл лæппу дæр ма йæ райгуырæн зæхх хъахъхъæнынхъом куы у, уæд махæй иуæй-иутæ афтæ стырзæрдæ цæмæн систы фыдæлты уæзæгыл? Куыд æнцонтæй йыл ауыгътой сæ къухтæ æмæ куыд стырзæрдæ разындысты? Зæрватык-

кæн сырддонцъиутæ йæ ахстон куы фæисынц, уæд дæр ма иунæгæй цалдæримæ карз тохы куы бацæуы. Йæ ахстон ныууадзыны бæсты фылдæрхатт райсы мæлæт. Нæ зонын, нæ зонын, иуæй-иутæн уæд цавæр дурзæрдæ вæййы сæ риуты, æмæ куыд æнцонтæй суæлæнгай кæнынц фыдæлты къона? Æз уыдоны адæймæгтæ нæ хонын. Сырд рахонæн дæр сын нæй. Æниу дын кæцы сырд ратдзæн æнцонтæй йæ цæрæнбынат? Иу дæр нæ!

– Мераб, дæ нуæрттæ иучысил фæсабыр кæн! – дзуры йæм Чермен, – бабæрæг кæнын афон у нæ лæппуты, базонæм, цы фæндæгтæ хъахъхъæнынц, уыдонил дысон гуырдзиæгтæй исчи æрбацыд æви нæ?

– О, раст зæгъыс, – йæ фондзæхстон йе 'ккойы баппæрста, æмæ, рæстæгмæ цы фæйнæджыты гæбæзтæй арæзт хæдзаргонды цардысты, уый дуар æхгæнгæйæ загъта Мераб.

Рараст сты хъæуы 'рдæм се 'мбæлтты бæрæггæнæг Чермен æмæ Мераб. Фæззыгон бур-бурид сыфтæртæ сын сæ развæндаг æхгæнынц. Сæ сыгъзæринхуыз цæстыты 'хсæнтæй æрттивынц сæууон æртæхтæ. Дыууæ 'мгары цæуынц æнæдзургæйæ, æнкъардæй. Мæнæ ныххæццæ сты, сæ хъæу Хелцуамæ фæндаг цæхгæр кæуылты базилы, уырдæм. Чысил фалдæр ауыдтой се 'мбæлттæ Отар, Сослан æмæ Нугзары. Сæ хъæдын хæдзаргонды сæрмæ тæмæнтæ калдта нæ рагфыдæлты – Аланты – тырыса. Дардæй сæм æрбайхъуыст Отары бæзджын хъæлæс:

–Тыхсгæ ма кæнут, дысон ауылты хъæуы 'рдæм иу цъиуызмæлæг дæр нæ бауагътам!

Мераб æмæ сын Чермен къухтæй ацамыдтой, ома бамбæрстам уæ, зæгъгæ, æмæ дарддæр сæ фæндаг дардтой.

– Уæддæр-ма мын зæгъ, Чермен, Райгуырæн зæххæй зынаргъдæр исты ис? – ногæй та йе 'мбалы бакъуыммæ кодта Мераб. Разыйы дзуапп ын радта Чермен:

– Мæнмæ гæсгæ, нæй.

– Ау, уæдæ уый куыннæ 'мбары, арвæй зæххы 'хсæн мын цы иунæг æфсымæр ис, уый, Гайозæй зæгъын? – ноджы мæстыдæрæй та сдзырдта Мераб. – Æз дзы уый æнхъæл никуы уыдтæн, æмæ афтæ сыстырзæрдæ уыдзæн йæ фыдыуæзæгыл. Ау, ацы æнæбайрайгæйы æхцатæ æмæ стыр мулк, адæймаг адæймаг цæмæй у, уыцы сыгъдæг æнкъарæнты сæ цъыф къæхты бын бынтон ныцъцъист кæнынц? Нæ йæ ахсы мæ сæр. Æз фидарæй зонын æмæ кæддæриддæр лæудзынæн ахæм зондахастыл:

ныртæккæйæ зындæр бонтæ никуыма скодта мæ уарзон, мæ мæгуыр Ирыстоныл, æмæ, цалынмæ ме уæнгты туг æнхъæвза, уæдмæ тох кæндзынæн йе ссæрибар кæныныл. Сæрæн, хъæбатыр лæппутæ та нæм бирæ ис. Гъе ‘рмæст мæ зæрдæмæ нæ цæуынц нæ хъæуы лæппутæй дæр иуæй-иутæ. Номæй-номмæ дæр дын сæ зæгъдзынæн. Райсæм-ма уартæ мæ сыхаг Амираны. Уый æдзухæй дæр йæхицæй æппæлыд, æз, дам, лæгæй-лæгмæ арсимæ хъæбысхæсты дæр бацæудзынæн. Ныр, цы фæци, уый зонгæ дæр ничи кæны. Гуырдзыйы экстремисттæ цы бон æрбабырстой, уыцы бон æрбадæлдзæх сты, сæ рог машинæты æд устытæ æмæ цот лидзæг фесты нæ кадылдзурæг хиппæлой лæппутæ Валодя æмæ Нодар. Ам судзгæ къæйыл ныууагътой сæ ныййарджыты дæр. Гъеныр уыдон ирон лæппутæ сты? Куыннæ стæй!

Уый æмæ дын, далæ хъæугæрон цы мадзура лæппу Баграт цæры, уый. Гуырдзыйы фыдгæнджытæ нын нæ хъæуы хæдзæрттыл арт куы ‘фтыдтой, уæд дзы йæхæдæг хъамайæ иуы амардта, иннæйы та уæнгхъуæгтæ фæкодта. Ахæм лæппуты фæрцы бауыдзæн нæ бон нæ райгуырæн къонатæ бахъахъхъæнын.

Мераб æмæ Чермен бабæрæг кодтой, хъæумæ бацæуæны иннæ фæндæгтæ чи хъахъхъæдта, уыдоны дæр æмæ, сæ зæрдæтæ куы ницæмæ фехсайдтой, уæд сæхи ныйистой хъæумæ. Хæцæнгæрзтæ сæ нымæтты бын бааууон кодтой, афтæмæй сæ фæндаг акодтой хъæууон скъолайы ‘рдæм. Раздæр цы дидинджытæ æртыдтой, уыдон сæвæрдтой, скъолайы кæрты гуырдзиаг экстремисттæ цы æрыгон лæппуты амардтой, уыдоны ингæнтыл. Цъусдуг цавд дуртау алæууыдысты сæ цыртдзæвæнты уæлхъус, уый фæстæ Мераб йе ‘ргом аздæхта сæ хæдзары ‘рдæм æмæ, сæ фарсмæ цы стыр æнгуз бæлас ис, уый цур фæкомкоммæ иу урс «Волгæ»-мæ. Базыдта, уый йе ‘фсымæр Гайозы кæй у æмæ Черменæн загъта:

– Ам мæм чысыл фæлæуу, æз уартæ ме ‘фсымæры фенон æмæ дæм ныртæккæ зындзынæн.

Гайоз æмæ йæ бинойнаг Олланæ цæхæрадоны тыдтой фæткъуытæ. Мерабы куы ауыдтой, уæд ыл дыууæйæ дæр ныццин кодтой. Фæлæ сыл ницы уыйас баузæлыд Мераб. Радта сын æнæбары салам æмæ мидæггаг уатмæ бахызт. Йæ фæстæ бахызт Гайоз дæр. Дыууæ æфсымæры æрбадтысты сæ фыды тъахтиныл фæрсæй-фæрстæм. Иуцасдæр рæстæг сæ ничи ницы дзырдта, стæй йæм Гайоз бадаргъ кодта

гуырдзиаг газеты иу фарс. Мераб дзы фемдзаст йæхи къаммæ. Йæ быны гуырдзиагау фыст: «Ацы фыдгæнæджы удæгасæй чи æрцахса, уымæн ратдзыстæм æртæ милуан сомы».

Мерабæн фыр мæстæй йæ дæндæгты хъыррыст райхъуыст, æмæ газет иуварс аппæрста.

– Мæ уарзон, мæ иунæг æфсымæр Мераб! Цæмæ бын кæныс дæхи дæр æмæ мах дæр?

– Æмæ сымах та цæмæй бын кæнын? – рамæсты йæм Мераб.

– Куыд цæмæй? Ме ‘фсымæр кæй дæ, уый зонынц æгас Тбилисы дæр æмæ мæнмæ дæр дæу тыххæй кæсынц знаджы цæстæй. Радтой мын дыууæ къуырийы æмгъуыд, æмæ уæдмæ дæу куынæ сразы кæнон дæ мыггаг гуырдзиаг мыггагæй раивыныл, сæ ныхмæ тох ныууадзыныл, уæд мæн дæр судзы дæ азар. Æмбарыс, цы мын кæныс, уый? Дæу тыххæй мæ стын кæнынц, Тбилисы мын цы дыууæуæладзыгон хæдзар ис, уырдыгæй. Ды не ‘мбарыс, æз ууыл цы стыр фыдæбæттæ фæкодтон, уый. Йæ бæллæх ма уый у, æмæ мын æй уæй кæнын дæр нæ уадзынц. Уыимæ йæ куыстæй фæхаудзæн Олланæ дæр. Цæмæй базарады скълады хицауы бынатмæ бацыдаид, уый тыххæй йын фондз æмæ ссæдз мины бафыстон. Уæдæ мын мæ куыст дæр хорз зоныс – къалбасгæнæн цехы хицау. Ныртæккæ, цæмæй ахæм бынатмæ бахауай, уый тыххæй æнæхъæн голладжы дзаг æхца фидын хъæуы. Æмæ сын ныр утæппæт хъæздыгдзинæдтæ æмæ бынтæ бынтон лæвар ныууадзон? Мæ бынаты ды куыд бакæнис? Ды зоныс, мæн сæрра кæнынмæ бирæ нал фæхъæуы, уый? Уæд мын цавæр дурзæрдæ æфсымæр дæ, цавæр? Куыннæ дæм хъары де ‘фсымæры зæрдæйы рис? Ау, уæд та дæ хистæр куы дæн, уæд мын аргъ цæуылнæ кæныс мæ ныхасæн? Гуырдзы æнæхъæн паддзахад у, цыппар милуанæй фылдæр сты. Уæд ды уыдоны басæттынмæ хъавыс? Ахъуыды кæн, мæ хур, бæстон æмæ лæмбынæгæй æмæ дæхи дæр ма бабын кæн æмæ мах дæр. Зæгъ, уалæ хъæдрæбын цы къулбадæг лæппутимæ сæмдзæхдон дæ, уыдонæн дæр, раттæнт барвæндонæй сæ хæцæнгæрзтæ æмæ ныууадзæнт сæ хъæддæг митæ. Сымах тыххæй бафтыдтой арт нæ хъæутыл дæр. Стæй дæ цæй командиры мæт ис, Мераб? Дæу иннæтæй фылдæр хъæуы? Кæд дæ фæнды, уæд дæ разы мæ зонгуытыл дæр æрлæудзынæн, Мераб, æрмæст нæ ма бабын кæн... – йæ цæстытæ доны разылдысты Гайозæн æмæ, куыддæр йæ зонгуытыл æрцæйлæууыд, афтæ йæм Мераб йæ

домбай къухтæй фæлæбурдта æмæ йæ зæхмæ æрзоныг кæнын нал бауагъта.

– Хъус-ма, ме 'фсымæр! Кæд лæг дæ, уæд ма худинаг кæн мыггаджы, стæй ирон лæджы цæсгом, бамбæрстай, ирон лæджы цæсгом! Цы сты æхцатæ æмæ стыр мулчытæ адæймагæн йе 'фсарм æмæ йе 'гъдауы раз? Æппындæр ницы! Мæнмæ стыр диссаг кæсы, иу мады зæрдæйы тугдадзинтæй куы равзæрдыстæм, иу авдæны нæ куы фæуызта гыцци, уæд нæ зонд та фæйнæхуызон цæмæн рауад? Абонæй тыхстдæр никуы у нæ фыдæлты зæхх, æмæ йæ мах куынæ бахъахъхъæнæм ныртæккæ, уæд нын нæ фæстæйы фæлтæртæ цы зæгъдзысты, ууыл никуы ахъуыды кодтай? Куыннæ дæм хъарынц нæ мадæлты зæрдæскъуынæн хъарджытæ æмæ нæ сабиты кæуын? Зын у, тынг зын у абон нæ ирон адæмæн. Фыдзонды азарæй сæ туджы мæцынц, сæ масты фыцынц. Гуырдзиаг фыдгæнджытæ ныл æмвæндæй рахаттысты. Судзынц нын нæ хæдзæрттæ, хъæутæ, исынц нын нæ исбон, æгъатырæй нæ æфхæрынц, сылгоймаг, хистæр, кæстæр не 'взарынц. Ахæм зын уавæрты ма æгæр фæразон дæр разындыстæм. Ды кæй дæлбар æрбадтæ, уыцы маргзæрдæ Звиад Гамсахурдиайы æрдонгтæ балбирæгътау гæрзифтонгæй, сæ донгæмттæй сæ сæт калгæ зилынц ирон хæдзæрттыл, ирон хъæутыл, арт æндзарынц ирон къонатыл. Цы сын кодтам, нæ уд нын гæркъайæ цæмæн ласынц, зæгъгæ сæ иу бафæрсæг нæй. Кæугæ-ниугæйæ мадæлтæ сæ цотимæ лидзынц Цæгат Ирыстонмæ зæйæ тæссаг хæхты сæрты се 'фсымæртæ æмæ хотæм.

Ды æмбарыс?! Мæнæн æнцон нæу уыцы хъизæмæрттæм кæсын, æмæ хæцæнгарз дæр мæ къухтæм уый тыххæй райстон. Æз фыдызнæгты ныхмæ тох кæндзынæн мæ фæстаг туджы æртахы онг. Ахæм хъуыды ис ме 'мбæлттæм дæр. Знаг та тынг æгъатыр у. Æндæрæбон гуырдзиаг лæгмартæ Дзауæй Цхинвалмæ хæххон фæндагыл срæмыгътой къæдзæх. Ууылты та нæм хæццæ кодтой хойраджы продукттæ, товартæ. Ныр автомашинæтæ æрдæгфæндагыл лæугæйæ баззадысты. Мæ лæппутæй цалдæры æвæстиатæй арвыстон уыцы фæндаг сыгъдæг кæнынмæ. Мæ зæрдæ сыл дарын, уыдон лæгмартыл кæй фæуæлахиз уыдзысты, уымæй. Дæуæн дæр бæргæ æмбæлы, ме 'фсымæр, уыцы сагсур фæсивæдæн феххуыс кæнын, фæлæ дæ хæмпус къухтæ рагæй нырмæ дæр кусын ахуыр не сты. Уыдонæн се стырдæр куыст у æхца нымайын, адæмы исбон ссивын. Æз та, мæ хур, ахæм

хъуыддӕгтыл ахуыр нӕ дӕн. Куы дын ӕй загътон, цалынмӕ мӕ райгуырӕн Ирыстоны зӕхх гуырдзиаг лӕгсырдты къӕхты бын хъӕрзы, уӕдмӕ ӕз не суадздзынӕн мӕ къухтӕй мӕ хӕцӕнгарз. Ӕгъатырӕй цӕгъддзынӕн гуырдзиаг фыдгӕнджыты хистӕрӕй, кӕстӕрӕй.

– Цӕмӕн, ацы змӕстыты ӕппӕт гуырдзы цы аххосджын сты? – йе 'фсымӕры карз ныхас ӕрдӕгыл фескъуыдта Гайоз.

– Фӕлӕ, мӕнмӕ гӕсгӕ, ацы карз хӕст чи ракъахта, уыдоны нымӕц чысыл нӕу. Азым хӕссын гуырдзыйы хистӕртӕм дӕр. Цӕуылнӕ бауромынц ӕмӕ фидар рӕхыстӕй цӕуылнӕ бабӕттынц сӕ хъӕхъхъаг куыйты? Лӕгмар цы мад ныййардта ӕмӕ схъомыл кодта, уый та ӕхсӕв куыд бафынӕй вӕййы? Ницы, ӕппындӕр ницы ахсы мӕ сӕр, сӕ ӕвирхъау митӕ сын куыд баурӕдӕуа, уымӕн. Цымӕ, цы аххосджын уыдысты цыппӕрдӕс-фынддӕсаздзыд лӕппутӕ Мӕргъиты Алим ӕмӕ Тъехты Леонид? Сӕ зӕрдӕйы дзӕбӕхӕн хъазыдысты хоккейӕ. Хъазт куы стынг, уӕд сӕ иу гуырдзиаг лӕгмар фӕрсӕрдыгӕй автоматӕй бахста, ӕмӕ дыууӕйӕ дӕр дзыхъмард фесты. Гъеныр-ма мын зӕгъ, цы аххосджын уыдысты уыцы дыууӕ рӕзгӕ лӕппуйы? Цӕмӕн сын аскъуыдтой се 'взонг цард? Науӕд кӕм фӕазымджын хӕрз ӕрыгон лӕппу Джиоты Сергей? Уый ахуыр кодта Ленинграды ӕмӕ, Хуссар Иры зӕххыл туджы зӕйтӕ ӕнхъӕвзы, уый куы фехъуыста, уӕд йӕ фӕстаг капеччытӕй афтекты балхӕдта цӕфтӕн алыхуызон хостӕ ӕмӕ ӕвӕстиатӕй ратындзыдта Цхинвалмӕ. Йӕ зӕрды уыд, чи фӕцӕф, уыдонӕн феххуыс кӕнын. Цхинвалы рынчындонмӕ фӕцӕйскъӕфта дзӕбӕхгӕнӕн хостӕ, фӕлӕ йӕ гуырдзиаг экстремисттӕ Хетӕгкаты Къостайы номыл театры агъуыстӕй сусӕгӕй рахстой. Ӕрыгон лӕппу ма сонтӕй бӕргӕ фестад, бӕргӕ ма хъавыд йӕ къӕхтыл фидар слӕууыныл, фӕлӕ... Ленинградӕй цы хостӕ фӕласта, уыдон йӕ къухты баззадысты. Сахуырстысты ӕвзонг лӕппуйы тугӕй. Йӕ хостӕ ницыуал баххуыс сты Джиойы-фыртӕн йӕхицӕн дӕр. Ноджыдӕр ма иу ингӕн фӕзынд Хуссар Иры ӕдзард хъӕбулты ингӕнты фарсмӕ.

Ӕмӕ ахӕм ӕбуалгъ хабӕрттӕ цас сты, чи сӕ фӕуыдзӕн нымад дӕр! Дӕу та, ме 'фсымӕр, ӕфхӕргӕ нал кӕнын. Сывӕллон нал дӕ. Уавӕр хорз зоныс. Гъемӕ ӕркӕс. Ахъуыды кӕн дӕ дарддӕры цардыл. Дӕ зӕрдыл дар нӕ фыдӕлты фӕдзӕхст: «Фыдбон ӕмӕ фыдлӕг бирӕ нӕ хӕссынц». Ацы ӕбуалгъ тугныккалды бонтӕн дӕр искуы кӕрон ӕрцӕудзӕн, ӕмӕ афтӕ бакӕн, сомбон нӕ хъӕубӕсты, нӕ кӕстӕрты

раз къæмдзæстыг цæмæй ма уæм. Уымæй æвирхъаудæр хабар ницы ис, æмæ зын рæстæг дæ адæмæй иуварс фæлидзай, дæ сæр бафснайай. Æз дæ бынаты куы уаин, уæд мæ адæмы раз фæхудинаджы бæсты райсин мæлæт. Дæуæн та нырма нæ хъæубæсты раз дæхи сраст кæнынæн фадат ис. Сыгъд сыл ссæуæд дæ уыцы æнæбайрайгæйы бынтыл, ныхъхъуытты сæ уадз, ма баком дæ мыггаг дæр гуырдзиагау раивын æмæ тæккæ райсом рацу мах къордмæ. Æз ма дæ хорз хъуыды кæнын, суанг ма скъолайы куы ахуыр кодтай, уæд дæр хорз арæхстæ топпæй æхсынмæ æмæ æхсаргардæй хæцынмæ. Бæхыл дугъты цалдæр хатты куы рауайай нæхимæ хæххон фæндæгтыл, уæд фæкъаддæр уыдзæн дæ гуыбын дæр. Ехх, ме 'фсымæр, уыцы хорз зонд дæм куы 'рцæуид, уæд мæнæй æппæт бæллæхтæ дæр бæргæ ферох уаиккой. Феппæлин дæ ме 'мбæлттæн, зæгъин сын, мæнæн дæр цы хъæбатыр æфсымæр ис, зæгъгæ. Ехх, æвæдза, ныр нæм дардæй гыцци куы 'рбакæсид, уæд, цымæ, йæ ныхас цæмæй райдаид? Хæрзаг зæгъид, мæнæ мæ хъæбултæ æнæ мæн цæй къæсхуыртæ систы. Дæуæй, чи зоны, нæ зæгъид, фæлæ мæнæй æнæмæнг зæгъид. Уымæн æмæ йæ мæхæдæг дæр хатын, тынг кæй смæллæг дæн, уый. Науæд ныртæккæ далæ уыцы къæсæрæй нæ фыд куы 'рбахизид, уæд, цымæ, уый та фыццаджыдæр цы зæгъид? Мæнмæ гæсгæ, нæ дыууæмæ дæр фæхæцид. Зæгъид нын æнæмæнгæй: «Гъей, цæй лæгтæ стут, цæй лæгтæ! Ай уын знаг уæ къонайыл арт бафтыдта, сымах та тæрхæттыл схæцыдыстут. Гъе, уæууæй, уæууæй…»

Исдуг дыууæ æфсымæры æдзæмæй алæууыдысты.

– Бирæ цæмæйдæрты раст дæ, Мераб, – сдзырдта æрæджиау, арф ныуулæфгæйæ, Гайоз, – фæлæ бирæ цæмæйдæрты рæдийыс. Дæуæй рох кæны уый, æмæ лæджы цард бирæ кæй нæу. Адæймаг а зæххыл цæрынæн райгуыры. Уый хъуамæ фыццаджыдæр мæт кæна йæхи цард æмæ йæ бинонтыл. Уый фæстæ та – йæ райгуырæн бæстæйыл æмæ афтæ дарддæр. Иу зондджын лæг хуымæтæджы нæ загъта: «Йæхи чи нæ уарзы, уый æндæр искæй дæр нæ бауарздзæн». Тынг раст сты ацы ныхæстæ. Гъеныр ды Афганистанæй цæфтæй ссыдтæ. Дæхæдæг дæр æй нæ зоныс, уым цæуыл æмæ кæй сæрыл хæцыдтæ, уый. Æфсадмæ дæ куы кодтой, уæд дæр мæм нæ байхъуыстай. Æфсæддон комиссариатимæ баныхас кодтон, зæрдæ сын бавæрдтон æхцайæ, цæмæй дæ ма акæной, фæлæ та ды ныццæхгæрмæ дæ, атардтай дæхи фæнд æмæ фæцыдтæ службæмæ. Гъемæ дзы цы рамбылдтай? Æппындæр ницы.

Дæ галиу зæнджы рагъ дзы ныппырх ис, афтæмæй ссыдтæ. Хуыцау хорз, æмæ дын гангренæмæ нæ асайдта, æндæр... Абон уын æгæр-мæгуыр адæмы ‘хсæн хуызæнæн кад дæр куынæ ис. Куы ссыдтæ, уæд æз æнхъæлдтон, нырцард иучысил бамбардзынæ, дæхи мæт кæнын дæр райдайдзынæ, зæгъгæ, фæлæ никуы æмæ ницы. Цы галиу зондыл хæст уыдтæ, уымæй баззадтæ. Уый нæ, фæлæ ма ноджы фыддæр фæдæ. Ныр дæм цал хатты æрбацыдтæн æмæ дын лæгъстæ кæнын, ныууадз уыцы къулбадæг лæппуты æмæ дæхи мæт бакæн. Кæимæ хæцут, уый нæ уынут?! Исчидæр ма арсимæ кæрдо цæгъды? Хорз æй куы уынут, уæ сæрыл Цæгат Ирыстоны йеддæмæ сдзурæг куынæ ис, æмæ уыдон дæр уартæ сæхæдæг дывыдон арты куы сты, уæд æппын цæуылнæ истæуыл ахъуыды кæнут?! Мераб, мæ иунæг æфсымæр, ды ныртæккæ мæнмæ куы байхъусис, уæд æгас хæдзарвæндагæй дæр цæриккам, куыд æмбæлы, афтæ – дзаджджын æмæ бæркадджынæй. Ницы хъуаг уаиккам æппындæр. Мæнмæ диссаг кæсы, цы дзы ссардтай ацы самандуркъул хæдзары? Цы цард дзы федтой нæ фыд æмæ нæ мад дæр? Тыхтонатæй дзы фервыстой сæ бонтæ. Уæдæ ма кæд уыдон кусгæ нæ кодтой, фæлæ кæм ис сæ фыдæбон? Цæуылнæ дæм ис дæумæ иннæтау рог хæдтулгæ машинæ, æрвылсæрд де ‘мбæлттимæ цæуылнæ ацæуыс дæ фæллад уадзынмæ Сау денджызы былмæ? Бæргæ ацæуис, бæргæ балхæнис хæдтулгæ дæр, фæлæ уыдæттæн стыр æхцатæ хъæуы, уæлдайдæр та ныртæккæ. Стыр æхцатæ та, мæ хур, сыгъдæг уды фæллойæ нæ бакусдзынæ. Уый куыннæ æмбарыс абоны онг? Гукк! Иу хатт ма дын зæгъын, адæймаг чысил рæстæг йеддæмæ нæ цæры æмæ цардæй хъуамæ йæ фарсчы хай ратона. Æз сымахмæ куы кастаин, уæд мæныл дæр, æвæццæгæн... Фæлæ афоныл бамбæрстон цард. Зонын ын йæ тæнджытæ æмæ йæ æрфытæ дæр. Мæн нæ фæнды искæй къæристæ хæрын, мæн дæр фæнды уæливыхæн йæ дзаджджындæр, йæ цæрвджындæр хæйттæй хæрын. Дæхæдæг æй зоныс, абоны онг цы сарæзтон, уыдон иууылдæр мæхи сæрæндзинады фæрцы бафтыдысты мæ къухы. Лæгыл царды алцы дæр æрцæуы. Æз абон æппындæр нæ тæрсын мæлæтæй. Адзал мæм цафонфæнды дæр куы фæзына, уæддæр мæ бинонтæн алы фадат дæр уыдзæн цæрынæн, æмæ абон æз мæ фыдæй разы куыд нæ дæн, афтæ æнæразы мæ мæ цот нæ уыдзысты. Цард куы бамбарой, уæд зæгъдзысты, нæ фыд лæг уыд æмæ йæ фæстæ дæр лæджы фæд ныууагъта, зæгъгæ.

Мераб, æз дын дæ цардыл тынг арæх фæхъуыды кæнын. Раст зæгъгæйæ, тæригъæд дæр дын тынг кæнын. Гъеныр, зæгъæм, чындзæхсæв кæнын дæ бахъуыд, уæд, цымæ, æнæ мæн феххуысæй цæмæйты базмæлис? Æрмæст кусæрттæгтæн дæ бахъæуид тынг бирæ æхца – дыууæсæдæ минæй фылдæр. Уæдæ дзаумайæн та? Бирæ, тынг бирæ æхца. Дæуæн та дæ рæбыны цы ис? Æрмæстдæр цалдæр фысы æмæ иуцалдæр та лыстæг маргъæй. Уыдон æдæппæтæй – де стыр бынтæ. Уæдæ хæдзар дæр ногæй ивинаг кæй у, уый хорз зоныс. Фæлæ аразæн æрмæг та кæцæй райсдзынæ æмæ цæмæй балхæндзынæ?.. Уыцы цъысымæй цæмæй фервæзай, уый тыххæй мæнмæ байхъус. Тæккæ райсом цом Калакмæ. Тæрсгæ ма кæн æппындæр. Мæнæн сæ хицауадæй бирæ зонгæтæ ис. Дæ паспорты дæ мыггагмæ гуырдзиаг кæрон бафтаудзынæ, дæ хæцæнгæрзтæ барвæндонæй ратдзынæ, æмæ дæм иу сдзурæг дæр нал фæуыдзæн. Æрмæст-иу дæхи фæнд ма тæр. Мæ хæдзар мын зоныс – æнæхъæн къазарматæ. Дæ фаг бынат дæр дзы разындзæн. Дзаума, æхца хъуаг нæ уыдзынæ. Ссардзынæн дын мæхи цехы хорз куыст дæр. Стæй дын бинонты хъуыддаг кæнын афон дæр у, дæс æмæ дыл ссæдз азы цæуы. Дæ ус курыны рæстæгæй хизгæ дæр акодтай. Дæ зæрдæ мыл дар, хæрдзтæ цы хъæуы, уыдон æз иууылдæр мæхимæ исын. Æрмæст дæхи æрæмбар. Алцæмæн дæр рæстæг ис.

– Уымæй раст зæгъыс, ме ’фсымæр, – алцæмæн дæр рæстæг ис, – Гайозы цæстытæм комкоммæ мæсты каст бакæнгæйæ, загъта Мераб. – Фыццаджыдæр дын бузныг зæгъын, дæ зæрдæ мын цы хорздзинæдтæ зæгъы, уый тыххæй. Фæлæ йæ фидарæй зон: æз цы фæндагыл æрлæууыдтæн, уымæй мæ æндæрæрдæм ничиуал аздахдзæн, суанг мæ мад æмæ мæ фыд мæрдтæй куы ’рцæуой, уæд дæр. Дыккагæй та зон: æз тынг хорз зыдтон æмæ абон дæр зонын, Афганистаны зæххыл цæй тыххæй æмæ кæй сæрвæлтау хæцыдтæн, уый. Уым дæр мæ тох уыд мæгуыр, фыдæбонгæнæг адæмы сæрыл, ам дæр хæцын гъе ахæм рæстуд адæмы сæрвæлтау. Зæхх фыдæй-фыртмæ дæр уый у, æмæ йæ кусгæ чи кæны, хинæй йыл чи нæ цæуы. Ныр ды зæгъыс, ныууадз ацы самандуркъул хæдзар æмæ Калакмæ фæлидз цæрынмæ, зæгъгæ. Фæлæ мæнмæ стыр диссаг кæсы, уыцы ныхæстæ дæ дзыхæй куыд æнцонæй схаудысты, уый. Ау, ам куы райгуырдтæ, уæртæ уыцы къæсæрæй куы ракодтай дæ фыццаг къахдзæфтæ, хуры фыццаг тынтæ раздæр уæртæ уыцы къаннæг рудзгуытæй куы федтай, уæд ыл ныр куыд æнцонтæй

исыс дæ къух? Бауырнæд дæ, Гайоз, ныртæккæ нæ мæгуыр хæдзары фарсмæ, мæнæ аргъæутты куыд вæййы, афтæ стыр уæладзгуытæ куы фестид, уæд дæр æз, кæм райгуырдтæн, уыцы хæдзар равзарин. Кæрцæй хæдон хæстæгдæр у, мæ хур. Нæ зонын, нæ зонын, Гайоз. Нæ ныхас кæрæдзийыл нæ бады, нæ зонд фæйнæхуызон у, нæ фæндæгтæ дæр цæхгæр алырдæмты сты, æмæ, нæ рæстæг дзæгъæлы куы нал сафиккам, уæд цыма хуыздæр уаид. Уадз дæхи зонд дæхицæн, æз дæр æй уадздзынæн мæхицæн, æмæ нын искуы фæлтæртæ скæндзысты аргъ, уыдон равзардзысты раст æмæ зылын дæр. Ныр та ма дын иу хатт бузныг зæгъын дæ «цæстуарзон» æххуысы тыххæй дæр. Цæр амæй фæстæмæ ды дæхицæн, æз та – адæмæн. Хъахъхъæн дæ мулк, дæ исбон. Кæд дæ мæн тыххæй æфхæрынц, уæд зæгъ дæ хицауадæн, æз де 'мтуг, де 'мстæг æфсымæр нæ дæн, зæгъгæ. Уæвгæ æцæг æфсымæртæ дæр кæцæй стæм, дæуæн дæ мыггаг – гуырдзиаг, мæнæн та – ирон. Ау, уыйбæрц нал зонынц де 'фхæрджытæ закъæттæ? Цæй, хæрзбон!

– Фæлæуу-ма иучысыл, – уромы йæ дуаргæрон Гайоз, – дæумæ афтæ кæсы, æмæ æз бынтондæр ирон адæмыл мæ къух систон? Нæ, уыцы зæрдæ дæ ма фæсайæд. Мæнæн дæр ме уæнгты, тугдадзинты мæ фыды туг æхсиды, фæлæ ныртæккæ рæстæг ахæм у. Алчи дæр фыццаджыдæр йæхи уды кой кæны, уый фæстæ та – адæмы. Скæс-ма уалæ стыр хицауадмæ дæр. Сæ фылдæрæн дзы стыр цæрæнбынæттæ æмæ диссаджы уавæртæ ис, уый дæхи цæстытæй нæ уыныс? Се 'хсæн иу æмæ дыуурæ нæй, фæсарæйнаг машинæтæ æмæ цалдæргай дачæтæ кæмæн ис, ахæмтæ дæр. Уыдон зонджын адæм сты, зондджын, æмæ фæзмын ахæмты хъæуы, ды та? Цæрæнбонты куырм галау хæцыс æмæ та дын дæ сыкъа асæттынц, афтæмæй мæстæлгъæдæй дæ фыды къонайы лыстæны ныссæйыс. Уый цард нæу, Мераб. Царды фæтк цæрæнбонты дæр афтæ уыд æмæ дарддæр дæр афтæ уыдзæн: бонджын кæддæриддæр уыдзæнис раст, мæгуыр та – зылын. Гъеныр, зæгъæм, ды хæцыдтæ Афганистаны. Дæ хорзæхæй, зæгъ-ма мын, дæ фарсмæ уым хицауады цотæй исчи хæцыд? Ничи. Уымæн æмæ уыдон афоныл базыдтой фыдохы бæллæх æмæ дзы афоныл бахызтой сæ цоты. Мæнæ дæу хуызæн къуырматы, йæ хистæртæм чи нæ хъуыста, уыдон та уыцы тугкалæн хæсты цæхæры смидæг сты. Сæ фылдæрæн дзы се 'рыгон цард ахуыссыд, мингай æвзонг ләппутæ та дзы мæнæ дæуау цæнкуылтæй сыздæхтысты. Æмæ уын ныр исты

кад кæнынц? Нымады дæр никæцырдыгæй стут. Уый уын уæ тох, уый уын уæ рæстдзинад.

– Цæй, политикæйыл нал дзурдзыстæм! – Мераб мæстыйæ дуар йæ фæстæ рагуыпп кодта æмæ асинтыл кæртмæ æрхызт. Кулдуарæй æддæмæ рахизгæйæ ма йе ʻфсымæрмæ сдзырдта:

– Хуыздæр зонд дæм куы ʻрцæуа, уæд ма дæ, чи зоны, мæхицæн æфсымæр хонон, фæлæ, куыд бамбæрстон, афтæмæй ды мæнæн æрмæст æцæгæлон нæ дæ, фæлæ – ме знаг дæр. Хæрзбон у!

Йæ зæрдæ мæстæй ныддур, афтæмæй сæ кулдуары къæсæрæй æддæмæ рахызт Мераб. Сæ фарсмæ къанауы был цы тута бæлæстæ ис, уыдоны æхсæнæй йæ размæ рацыд иу сылгоймаг. Йæ рахиз уæхскыл уыд автомат ауыгъд, тар кæлмæрзæн ын æмбæрзта суанг йе ʻрфгуытæ дæр, æмæ йæ фыццаг нæ базыдта Мераб. Фæлæ йын йæ цæстытæм æдзынæгдæр куы ныккаст, уæд уайтагъд базыдта йæ сусæг уарзон Фатимæйы. Лæппуйæн уайтагъд æрбайсæфт йæ зæрдæйы мæт. Ноджы стырдæр ныфс та йын радтой Фатимæйы ныхæстæ:

– Мераб, æппындæр ма тыхс... Мах нæ сыхы сылгоймæгтæй хицæн къорд сарæзтам æмæ цæттæ стæм дæ уæлхъус балæууынмæ... Ис уал нæм иу автомат æмæ цалдæр цуанон топпы. Цыдæриддæр нæм сыгъзæрин къухдарæнæй, сахатæй æмæ зынаргь дзаумайæ уыд, уыдон ныууæй кодтам æмæ сæ балхæдтам хæцæнгæрзтæ. Æрмæст ма иу хъуыддагæй тыхсæм, æмæ нын уым та ды феххуыс кæн... Сахуыр нæ кæн æхсын. Нæ къорды цы иуæндæс сылгоймаджы ис, уыдоныл та дæ зæрдæ фидарæй дар, нæ фæтæрсдзыстæм ницавæр знагæй…

Лæппу Фатимæмæ хæстæгдæр балæууыд, комкоммæ йын йæ сатæгсау цæстытæм ныккаст.

– Цом уал нæхимæ, иу цай бацым, – æрхатыд лæппумæ Фатимæ.

Уый дæр дыууæ нал загъта чызджы ныхасыл æмæ йæ фæдыл бахызт хæдзармæ. Бинонтæй уым ничи разынд. Йæ фыд Темыр рынчындоны хуыссы, мад Марго та йæм бæрæггæнæг ацыд.

Лæппуйыл цыма фæскъæвда хур æркаст, уыйау йæ зæрдæ ради Фатимæйы уындæй. Уый йæ мадæн иунæг чызг у. Суанг ма скъолайы куы ахуыр кодтой, уæдæй нырмæ уарзынц кæрæдзийы. Мераб Афганистаны куы фæцæф, уæд дæр æппæты фыццаг уымæй тарст, мыййаг, æнæ йæ уарзон чызджы фенгæйæ куы бацæуа мæрдтæм. Фæлæ йæ уарзт мæлæтæй тыхджындæр разынд. Госпитальмæ йæм

цы ныфсæвæрæн фыстæджытæ æрвыста, уыдон ын тынгдæр æххуыс кодтой цыфæнды хостæй дæр.

Фатимæ рахаста цай æмæ йæ æрæвæрдта Мерабы раз. Бацайдагъ сын зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхас.

– Мераб, æз куыддæр автоматы къæр-къæр, нæмгуыты æхситт фехъусын, афтæ фыццаг цæуыл ахъуыды кæнын, уый зоныс? – лæппуйы ‘рдæм бакæсгæйæ, загъта чызг.

– Цæуыл? – афарста йæ уый.

– Дæуыл. Афтæ мæм фæкæсы, цыма, автоматы дзыхæй цы нæмгуытæ ратæхынц, уыдон æрмæстдæр де ‘рдæм фæтæхынц, æмæ мæхицæн бынат нал фæарын, – йæ цæстытæ доны разилгæйæ, загъта Фатимæ.

– Æппындæр-ма ма тыхс, – худгæйæ йын ныфсытæ æвæры Мераб, – æз рагацау базонын, нæмгуытæ ме ‘рдæм кæй æрбацæйтæхынц, уый æмæ мæхи афоныл бааууон кæнын. Зæгъ-ма, хæцæнгæрзтæн æхца куы ‘мбырд кодтат, уæд мын мæ лæвар къухдарæн дæр ауæй кодтай? – хин каст æм бакæнгæйæ, бафарста Мераб.

– Цытæ дзурыс?! Уымæн уæйгæнæн ис?! – йæ рахиз астæуккаг æнгуылдзыл æм рæсугъд, тæмæнтæкалгæ къухдарæн æвдисгæйæ, уайдзæфгæнæгау загъта Фатимæ.

Мерабæн æхсызгон уыд, чызг ын йæ лæвар къухдарæн афтæ æхсызгонæй кæй дары, æмæ йæ сахатмæ æркæсгæйæ, афтæ бакодта:

– Æнхъæлдæн æмæ ме ‘рдхорд Чермены абондæргъы скъолайы цур лæууынæй стыхсын кодтон. Уым æй фæуагътон. Æз куы зыдтаин, ам уыдзынæ, уæд æй мемæ рахуыдтаин, фæлæ афтæ æнхъæлдтон, Чъребайы дæ. Цæй, кæд мæм иугыццыл алæууид. Кæд искуы æмгар искæмæн фæрæстмæ, уæд – мæнæн. Чермены хуызæн лæппутæ хæрз стæмтæ сты. Афганистаны дæр иумæ хæцыдыстæм. Ахæм æмгарæн аргъ нæй. Цæргæсаты Чермен, Цæгат Ирыстонæй у. Æвæдза, Чермены хæрзтæ доны арæхæй дæр нæ бафиддзынæн, – загъта, арф ныуулæфгæйæ, Мераб æмæ Фатимæйæн дарддæр йæ хабæрттæ кодта. – Уæдæ зындзинæдтæ дæр цас æмæ цас федта Чермен. Ус куы ‘рхаста, уæд дзы цас фæкафыдтæн, уый диссаг уыд. Уыимæ цы дзæбæх чызг уыд, кæй ракуырдта, уыцы бæстырæсугъд Заретæ! Æрмæст йæ фæлмæн бахудт дæр бирæйы аргъ уыд. О, фæлæ цы загъдæуа хъысмæтæн. Нæ фæрæстмæ йæ амонд Черменæн дæр. Цы иунæг æфсымæр ын уыд, Мысост, уый иубон фыдбылызы бахауд.

Куыддæртæй ма фервæзт адзалæй. Йæ сæр фæцис уæззау цæфтæ. Заретæ, мæгуыр, æхсæвæй-бонæй бадт йæ уæлхъус. Сынтæгмæ йæм зылд сывæллонау. Хæринаг, зылдхъуаг æй нæ уагъта. Мысостæн, мæгуыр, йæ сæры зонд дæр цæуын райдыдта. Иуæхсæв та, йæ цуры бадгæйæ, чысыл арæдзæ-мæдзæ кодта Заретæ. Чермен та цуаны уыд. Бæргæ, уыцы уысм ыл куынæ фæтых уыдаид хуыссæг, уæд ыл ахæм æнамонд хабар не 'рцыдаид. Мысост куы базыдта, Заретæ фынæй у, уый, уæд йæ сæры цы фæмидæг, Хуыцау йæ зонæг: уæлхæдзармæ схызт, ссардта Чермены æмбæхст хъыримаг æмæ дзы комкоммæ бахста Заретæйы. Уый дзыхъмард фæцис. Лæппу фыр тæсæй уынгмæ ралыгъд æмæ уым топп ныццавта йæхиуыл дæр.

Гъе ахæм стыр бæллæхтæн, мæгуыр, ныффæрæзта Чермен. Фидар разынд уæддæр. Фæстæмæ схæцыд йæ базыртыл. Куыддæр фехъуыста, Хуссар Ирыстоныл сау бæллæхтæ скодта, уый, афтæ фыццаг бон æрбалæууыд мæ уæлхъус, æмæ ныр афæдзæй фылдæр, иумæ не 'мбæлттæй цы хицæн къорд сарæзтам, уыдонимæ хъахъхъæнæм нæ фыдæлты къонатæ.

Чермен, æвæдза, йе 'мномы хуызæн фæйнæгфарс гуырд у, – ноджы тынгдæр ныббуц йæ хæларæй Мераб æмæ, Фатимæйæ хатыр ракургæйæ, рахызт кæртмæ.

Скъолайы кæрты цы иумæйаг ингæн ис нæ æдзард ирон гуырдтæн, уый уæлхъус сæркъулæй лæугæ ауыдта Чермены. «Æмæ уый йæ цуры та чи ис? Æз æй иунæгæй куы ныууагътон», – Чермены фарсмæ иу лæджы ауынгæйæ, ахъуыды кодта Мераб. – А-а, уый сæ раздæры ахуыргæнæг Мелитонты Арсен Знауыры фырт куы у…»

Тынг хорз адæймаг у Арсен Знауыры фырт. Хи фыдау рагæй нырмæ йæ зæрдæмæ хæстæг у Мерабæн. Æмæ дзы æрмæст уый нæу афтæ бузныг, йе 'ппæт хъомылгæнинæгтæ дæр æй бирæ уарзынц. Иу ахæм цау дзы йæ зæрдыл бадардта. Уæвгæйæ та фыдуаг дæр куыннæ уыдис. Уæд цыппæрæм къласмæ хъуамæ цыдаид. Арсен Знауыры фырт сын цалдæр лæппуйæ загъта, иннæ къласмæ, фæндзæмтæм сæ кæй нæ бауадздзæн, математикæйæ сын дыууæтæ кæй ис, уый тыххæй. Уыдон тынг мæт кодтой уыцы хъуыддагыл. Иуизæр та дын йе 'мбæлттимæ, сæ хъæуы цы цæугæдон ис, уый был змисыл хуысгæ куы баййафиккой сæ ахуыргæнæг Арсены. Мераб айтæ-уыйтæ нал фæкодта æмæ сæ ахуыргæнæджы дзаумæттæ йæ дæларм куы атухид

ӕмӕ уым йӕ рӕзты уыциу лыгъд куы ‘ркӕнид. Ауыдта йӕ ахуыргӕнӕг ӕмӕ йӕм дзуры:

– Мераб, Мераб, цы кусыс уый? Рахӕсс мын мӕ дзаумӕттӕ! Ма мӕ худинаг кӕн!..

– Хорз, рахӕсдзынӕн дын дӕ дзаумӕттӕ! – сдзырдта йӕм мӕстӕймарӕгау. – Ӕрмӕст мын дзырд ратт, дыккаг аз нӕ кӕй нӕ ныууадздзынӕ, уый тыххӕй!

– Хорз, нал уӕ ныууадздзынӕн дыккаг аз, – лӕгъстӕгӕнӕгау сдзырдта Арсен. Радтой йын йӕ дзаумӕттӕ, уӕдӕ цы уыдаид, ӕмӕ, цыма Хъарсы фидар басастой, уыйау хъӕуы ‘рдӕм сӕрыстырӕй араст сты.

Арсен ахӕм хиуылхӕцгӕ, уӕззау зондыл хӕст адӕймаг разынд, ӕмӕ уыцы хабар никӕмӕн схъӕр кодта, бауагъта сӕ уӕлдӕр къласмӕ дӕр. Фӕлӕ дзы цӕрӕнбонтӕм баззадысты къӕмдзӕстыгӕй.

Мӕнӕ та ныр дӕр Мераб ныфсӕрмытӕ, афтӕмӕй бараст йӕ раздӕры ахуыргӕнӕджы цурмӕ ӕмӕ йын уӕздан хъӕлӕсыуагӕй загъта:

– Рухсаг уӕд дӕ хӕрӕфырт Мурат (йӕ хойы лӕппуйы йын цалдӕр боны размӕ амардтой гуырдзиаг фыдгӕнджытӕ, ӕмӕ йын йӕ ингӕнмӕ дидинджытӕ ӕрбахаста).

– Хӕрзаудӕн уыл кӕнӕд, хӕрзаудӕн, – йӕ ризгӕ къух ӕм бадаргъ кодта ӕмӕ уынгӕг хъӕлӕсӕй сдзырдта Арсен. – Уастӕн цы загъдӕуа уыцы гуырдзиаг лӕгмартӕн. Уыдоны адӕм схонӕн нӕй! Сырдтӕй дӕр фыддӕр сты. Скӕсут-ма, уӕлӕ уын уе скъолайӕн цытӕ бакодтой, уымӕ. Басыгътой йӕ, мӕ хӕрӕфырт Мурат ӕмӕ ма йӕ иуцалдӕр лӕппуйы бӕргӕ хъавыдысты ахуыссын кӕнынмӕ, фӕлӕ сыл уыцы тугдзыхтӕ автоматтӕ суагътой. Ныр ӕнусмӕ мӕнӕ уазал ингӕнты хуысдзысты сӕ уарзон скъолайы цур.

Фӕззӕг бацыд йӕ барты. Нартхор, халсартӕ ӕфснайын афон у. Фӕлӕ ма Хелцуайы хъӕуы цы иугай зӕрӕдтӕ баззад, уыдон цӕуын нӕ уӕндынц, а уалдзӕджы тӕрсгӕ-ризгӕйӕ цы хоры нӕмгуытӕ байтыдтой, уыдоны тыллӕг ӕфснайынмӕ. Гуырдзиаг экстремисттӕ сын айразмӕ басыгътой сӕ мӕнӕуы хуымтӕ, ныр та ӕртхъирӕн кӕнынц, кӕй сын басудздзысты сӕ нартхоры хуымтӕ ӕмӕ хосы мӕкъуылтӕ дӕр. Мераб ӕмӕ йе ‘мбӕлттӕ ӕрхъула сты нартхоры хуымты алыварс. Хъӕуы хистӕртӕм фӕдзырдтой, цӕмӕй ӕдасӕй ӕфснайой сӕ нартхоры хуымтӕ, знӕгтӕй та сӕ уыдон хъахъхъӕн-

дзысты. Зæрæдтæ уайтагъд февнæлдтой тыллæг æфснайынмæ. Стыр арфæтæ кодтой сæ хъахъхъæнджытæн, афтæмæй дзаг тæсчъытæй амадтой нартхоры кæритæ.

Уыцы 'хсæв Мераб фæлладæй тарф фынæй аци. Фæлæ уый циу? Йæ фыны фестад иу карст уыгæрдæны. Фæлладæй йæхи æруагъта хосы мæкъуылы фарсмæ. Уайтагъд афынæй. Фæлæ йæм мæнæ æрбабыры иу сау-сауид калм. Бæргæ йæ уыны, фæлæ йæ асурын йæ бон нæу. Нæ уæнды ныхъхъæр кæнын дæр. Калм та йæм хæстæгæй-хæстæгдæр быры. Гъа ныр ын йæ хъуырыл йæхи æрбатуха, афтæ йæ уæлхъус февзæрд йæ мад Маша. Уый йын калмы йæ хъуырæй ратыдта.

– Гыцци! Гыцци! – фыр цинæй ныхъхъæр кодта Мераб æмæ йæхи хъæрмæ фехъал. Йæ цæстытæ ауужрста. Дуаргæронмæ акаст æмæ хорзау нал фæцис. Фæкомкоммæ цыппар æнæдаст лæджы сырддзаст цæстытæм. Сæ къухты – хæцæнгæрзтæ. Мераб уайтагъд хъуыддаг фембæрста. Цæсты фæныкъуылдмæ йæ къух фæцавта базы бын. Фæхæст йæ дамбацайыл. Райхъуыст гæрах, дыккаг, æртыккаг... Гуырдзиаг лæгмартæ дыууæйæ дзаг голджытау æрфæлдæхтысты дуаргæрон. Фæлæ дзы иу фæцарæхст æмæ фæд-фæдыл цалдæр æхсты фæкодта Мерабы. Уый хъæрзгæйæ æрхауд. Риуыгуыдырæй цыхцырæгау фемæхстысты туджы пырхæнтæ.

...Хелцуайы хъæуы ма цы иугай цæрджытæ баззад, уыдон хистæрæй-кæстæрæй иууылдæр æрбамбырд сты, скъолайы кæрты цы ног уæлмæрд фæзынд, уырдæм, сæ уарзон кæстæр, æхсарджын лæппу Мерабæн фæстаджы фæндараст зæгъынмæ. Адæмы кæуынæй, устыты хъарæгæй хæхтæ дæр рызтысты. Мæнæ мæрддзыгой адæмы 'хсæнæй рахызт Мерабы кæнгæ æфсымæр Чермен. Уый йæ цæссыгтæ тыххæйты урæдта, афтæмæй дзырдта:

– Мæнæ хорз адæм! Ирыстонил рахаттис йæ Хуыцауы хай дæр. Нæ рæнхъытæй та нын æгъатыр знаг атыдта, Ирыстоны йæ удæй фылдæр цы сахъгуырд лæппу уарзта, уый – нæ уарзон æмгар Мерабы. Фæлæ йын мах йæ туг райсдзыстæм фыдгулæй. Мераб, фæндараст у де 'нусон дунемæ... Абон нæ къордмæ дæ бæсты æрбацыд ног лæпутæ, уыдон дæ ингæны уæлхъус ард хæрынц, дæуау иузæрдион кæй уыдзысты нæ фыдæлты зæххыл... Ды махæн никуы амæлдзынæ...

Ноджыдæр ма цыдæртæ зæгъынмæ хъавыд Чермен, фæлæ йын кæуындзæг йæ хъуыр ахгæдта, æмæ ныддæлгоммæ Мерабы риуыл.

Мерабы къорды уæнгтæ æд хæцæнгæрзтæ æрлæууыдысты сæ уарзон командиры уæлхъус æмæ йын фæстаг фæндараст зæгъыны тыххæй сæ автоматтæй хæрдмæ цалдæр æхсты фæкодтой. Мерабы цурмæ цæссыг калгæ æд автомат хæстæгдæр балæууыд йæ уарзон чызг Фатимæ дæр. Сылгоймæгтæй цы хæстон къорд саразта, уыдон дæр æрлæууыдысты йæ фарсмæ æмæ æмæхст фæкодтой.

Æмæ та ног ингæн бафтыд, хуры цæст кæй нал тавы, худын æмæ хъæлдзæг ныхас кæнын чи нал зоны, Хуыцауæй дæр æлгъыст чи фæцис, уыцы чысыл æнамонд хъæу Хелцуайы уæлмæрдыл...

***Редакцийæ.*** *Ацы мæй 35 азы сæххæст, Хуссар Ирыстон та радон хатт кæй бавзæрста, уыцы гуырдзиаг геноциды тæккæ æвирхъаудæр хабарыл. Растæндæр Цыппурсы æхсæв горæт бацахстой Гуырдзыстоны Мидхъуыддæгты министрады дæлхæйттæ: милицæ æд куыйтæ, семæ ма, сæрмагондæй ахæстæттæй кæй ссæрибар кодтой, ахæм криминалон элементтæ дæр, афтæмæй. Бон раздæр горæт хъахъхъæнджытæ æмæ тыхст адæмы раз ралæууыд уыцы рæстæг Хуссар Ирыстоны уæвæг ССР Цæдисы Мидхъуыддæгты министрады æфсæдты командыгæнæг инæлар-майор Генрих Малюшкин æмæ фидарæй загъта адæмæн, ацæут æмæ æдыхстæй баулæфут, горæтмæ æрбацæуыны бар никæмæн ратдзыстæм, зæгъгæ. Хъыгагæн, адæм бауæндыдысты советон инæларыл. Ацыдысты сæ хæдзæрттæм, фæлæ æхсæвы райхъал сты куыйты рæйын æмæ хæдæхсты къæр-къæрмæ. Гуырдзиæгтæ бацахстой горæты центр. Сæхи æрфидар кодтой Хицауады хæдзары, националон банчы, посты хайады æмæ паддзахадон драмтеатры агъуыстыты. Сæ иу хай та апырх сты горæты алфамбылай хъæуты æмæ райдыдтой тугуарæн кæнын æнаххос ирæттыл. Уыцы бон горæты æгъатырæй амардтой цалдæр цæрынхъуаг ирон лæппуйы, цæфтæн бынат дæр нал уыд рынчындоны. Афтæ райдыдта сæйраг ныхмæлæуд. Ирыстоны армыдзаг фæсивæд карз тохы бацыдысты цардæй мæлæты 'хсæн æнæмсæр хæсты. Уыцы тохы хабæрттæ æвдыст цæуынц Черчесты Хъасболаты уацмысы дæр.*

*ÆЛБОРТЫ Беллæ*

# «АЦЫ ЗÆХХ, МÆНÆ ЦЫ РÆСУГЪД ДÆ! ФÆЛÆ...»

## ÆНУСОН ÆВЗОНГАД

Сæ хус сыфтæртæ бæлæстæн ызгъæлынц
Тæгæр, зæгъай, гæды бæлас, тæрсæй.
Æрмæст йæ хуыз нæ аивта нæзы хъæд,
Зыны бæрæгæй дардмæ дæр цъæхæй.

Тæхудытæ дæм кодтон-иу æз арæх, –
Йæ цæргæбонтæм чи уыдзæн æвзонг.
Фæлæуууыдтæн-иу бирæ æз дæ цуры,
Æртыхтон-иу дæ къалиутыл мæ цонг.

Дæ хихтæм ын-иу цадæггай æвнæлдтон.
Сæ аныдзæвд уыдис æхцон мæнæн.
Дæ къалиутыл дын уалдзæг цыма барæй
Æрбатыхта йæ цъæх зæлдаг кæрдæн.

Дæ сатæг уыд æвдадзы хос мæ удæн,
Улæфыдтæн нæзычъиуы хæрздæф.
Мæхи-иу байстон арæх æз дæ бынмæ,
Куы мæ-иу сыгъта сусæны æнтæф.

Ыскодта дыл йæ урс тинты кæрц зымæг,
Нæртон уæйыгау дардмæ ды зыныс.
Æнæзмæлгæйæ уаддымгæйы ʻхситмæ
Дæ тарф фыны цъæх уалдзæг ды уыныс.

Æз дæр мæ сæнтты февзæрын дæ разы,
Мæхинымæр дын базарын нымдæй:
– Нæзы бæлас, цъæх уалдзæджы æрцыдмæ
Хæмпус миты бын акæн уал фынæй.

## САЙД ЗÆРДÆ

Уары, æнæрæнцой уары.
Æз æнхъæлмæ кæсын.
Цыма мæ урс фыны маргъау,
Маргъау дæумæ æз тæхын.

Митын гæлæбутæ рогæн
Мæ алыварс зилдух кæнынц.
«Иунæг, иунæг цæмæн дæ?» –
Афтæ цыма мæ фæрсынц.

Ничи ис змæлæг, нæ зыныс,
Гобийау бæстæ ныхъхъус.
Рæзы, рæзы мæ сæрыл
Митæй урс худ хæмпус.

Фæцæуын мæ фæд-фæд фæстæмæ,
Риссы, риссы мæ уд.
Дымгæйы ‘гæнон æхситмæ
Миты рыг фестад мæ худ.

Æрхæндæг хъуыдыты хал фескъуыд,
Ауад мæ хъустыл: «Фæлæуу!»
Зæрдæ йæ риувæйнæг хойы:
«Нал уарзын, нал уарзын дæу!»

Цæстытыл мигъы фæлм бады,
Мæ зæрдæ мæм дзуры: «Кæуыс?»
Зонын, зонын, мæ фæдыл
Ды æнкъардæй кæсыс.

Миткъуыбар аппæрстон,
Уайы мæ рустыл цæссыджы лæсæн,
Цыма мæ салд зæрдæ митыл,
Митыл ныууагътон дæуæн.

Фæстæмæ фæкæсынмæ зæрдæ,
Зæрдæ цæмæндæр тæрсы.
Уазал дымгæ мæм фыдæнæн
Сырхмæтæджы ‘хцон тæф хæссы.

## ФЫЦЦАГ МИТ

Цыппурсы мæй кæронмæ сау зым
ахаста,
Зымæджы ардæм йæ къах нал æмæ нал
хаста.
Стæй ногбон æхсæв фыццаг мит
æруарыди,
Урс кæрцы бынæй зæхх бынтондæр
нал зынди.
Калдысты арвæй хæмпус митын
гæлæбутæ.
Загътон мæхинымæр: «Ацы зæхх, мæнæ
цы рæсугъд дæ!»
Цард мæм фæкасти цæмæндæр
æрымысгæ аргъау, –
Цæст нал федтаид никуыуал иу сау
тæпп, ба-бау.
Æнхъæлмæ дæм кастæн, фæлæ
нæ фæзындтæ,
Нæ дæ равдæлди, чи зоны, кæнæ дард
кæмдæр уыдтæ.
Æви дыл уарыд уæ кæрты митын
гæлæбутæ,
Дзырдтай ды дæр мæнау: «Ацы зæхх, мæнæ
куыд рæсугъд дæ!»
Бæстæ ныссабыр и, нал æмæ нал æнцад
йæ уарынæй,
Ногбоны рухс æхсæв тæмæстæй – йемыдзаг,
зоныс, куыд уарзын æй…

*ГУСАЛТЫ Барис*

# ДЗЫРД-ХУЫЦАУ ДУГÆЙ ДУГМÆ*

## ФРАНЦАГ ЛИТЕРАТУРÆ

…Фыссынад нæма уыд – абоныккон зондæй фыссынад цы хонæм, ахæм, – фæлæ, цымæ, кæд бафæндыд кæйдæр йæ хъуыдытæ-æнкъарæнтæ иннæтæн бамбарын кæнын цыдæр бæрæг нысаны охыл: ногæй исты базоной, науæд сæхи рæдыд-фæсмонæй хизой кæнæ æрхъуыды кæной царды хуыздæр уавæртæ æмæ а.д.

Кæд, дам, дис-цин ницæуыл кæныс, рыстаг, хъыгаг дæм ницы кæсы, лæджы цардæй ануварсгæнинаг-фæзминаг, уæд, дам, дæ зарæг дæр нæ райхъуысдзæн æмæ дæ хъарæг дæр.

Æмæ ныр алы фæлтæрæнтæ мингай азты дæргъы кæны фыссæг, йæ алыварс дунейы скондæн йæхи бæрнон хонгæйæ…

Кæд райдианты цыфæнды зынæмбарæн æмæ здыхтытæ-куырмæлхынцъытæ фыст кодта, – зæгъæм, йæ абсурдты роман «Кадæг Сизифыл», – стæй кæд æнæнхъæлæджы Дыккаг дунеон хæсты бонты йæ дунемæахаст цæхгæр аивта, уæддæр йæ Дзырд ахæм курдиатджынил нымад æрцыд, æмæ йæ 1957 азы литературæйы суанг Нобелы кадджын-цытджын премийы аккаг дæр ма фæкодтой.



**Альбер Камю**

Æмæ уыцы фыссæг та уыд **Альбер Камю** (1913 – 1960). Райгуырд Францы колонийы – Алжиры. Ам, лицей каст куы фæцис, уæд та сахуыр кодта Алжиры университеты.

Парижы уыд, афтæмæй хæст райдыдта, хæцæг æфсадмæ йæм нæ басидтысты – тынг сади рæуджыты низæй. Куыста газетты, уыд сусæг къорд «Комба»-йы уæнг, ома архайдта францаг Ныхкъуырды рæнхъыты немыцы ныхмæ. Раст уыцы фыцгæсудзгæ азты сфæлдыста йæ нымад –

* *Дарддæр. Райдайæн 2025 азы 7–8-æм æмæ 10-æм номырты*

сгуыхтыл нымад уацмыстæ: эссе «Кадæг Сизифыл», уацау «Кæмæддæрæгон» æмæ роман «Рын».

Фæсхæст ын бантыст йæ сæйрагдæр философон фæллой рауадзын – «Бунтгæнæг адæймаг», стæй та йæ фæстаг роман «Бæрзæйдих». О, афтæ дæр дзы дзырдæуыд, зæгъгæ, Альбер фыссæг нæ, фæлæ, сæйраджыдæр, философ у. Æмæ уæд ахæм хъуыдыйыл хæстытæн сæ ных бакъуырæгау кодта: «Хъуыды кæнæн ис æрмæстдæр фæлгонцты фæрцы. Философ цæмæй уай, кæд дæ уый фæнды, уæд романтæ фæлдис».

Йе сфæлдыстады ахсджиагдæр нысан та йæм зынд ахæмæй: «О, дунейы сконд абсурдон у, хуыцæуттæй хорзмæ мацæмæ кæс æнхъæлмæ. Фæлæ, уæддæр æмæ уæддæр, тæригъæд кæнын рох цы хъысмæтæй фæцис, уый цæстытæм комкоммæ кæс æмæ йæ бамбар, стæй, мур дæр æй ницæмæ даргæйæ, дæ бон-дæ хъару цас амоны, уымæй йæ аивынил удуæлдайæ архай».

Камю разы нæ уыд Вольтеры ахæм ныстуанимæ дæр: «Алчи дæр йæхи дыргъдонмæ зилæд». Нæ, афтæ, дам, нæ, фæлæ хъуамæ иннæтæн дæр æххуыс кæнæм, сæ дыргъдоны кусгæйæ. Ома, зыбыты иунæгæй амондджын уай, уый стыр худинаг у, дæ алыварс дуне та йæ сæфты къахыл лæуд дæр уæд!..

Цард абсурдыл æнцайæг хуыдта, æнæ бæлвырд нысангæсыл, гъемæ йæ адзал дæр цыдæр уыйау рауад: байсæфт фæндаггон автомобилон фыдбылызы – æрцыди ног азы фыццаг бонты: 4 январы…

Хæдхуыз, гæрзарм фыссæгæй уæлæмæ ма нымад у философийы ног жанр – францаг экзистенциализмы – бындурæвæрджытæн сæ иуыл, йæ классикыл.

Циу, цы амоны, цæимæ «хæринаг» у ацы «экзи», уый фæдыл сæрзилæн хъуыдытæ ис «Философон дзырдуат»-ы дæр, фæлæ цыбырæй афтæ: цы дæ, уый дæ æмæ дæ рагацау не снывчындæуыд, уый, дам, хонæм «способ бытия человеческой личности».

Мæнæ ацы ахуырады иннæ классик Жан Поль Сартрмæ дæр иу чысыл байхъусæм – йæ ныхæстæ йын уырыссагмæ тæлмацæй æз иронмæ нал ивын, тæрсын, куы мын нымтъеры уой, уымæй: «…человек – единственное в мире существо, сущность которого не предшествует его существованию (экзистенции). В жизни человек постоянно сталкивается с необходимостью выбора и, выбирая, он делает себя таким, а не другим».

Брытъиаты стыр лæг Елбыздыхъо, дам, афтæ фæдзæхста: «Бакæс, ирон, бакæс, æмæ исты базонай!»

Базон, о, цæмæй размæцыд адæмы астæу ды дæр нымад адæймаг уай, хуымæтæг цæрæг уд нæ, фæлæ…

1957 азы йын уый тыххæй радтой Нобелы преми, æмæ, дам «За важность литературных произведений, ставящих перед людьми с проницательной серьезностью проблемы наших дней».

Преми йын куы лæвæрдтой, уæд Камю йæ раныхасы загъта: «Кæцыфæнды нывгæнæг дæр хъуамæ ленк кæна нырыккон царды бæлæгъы… кæд уый рæстæрдæм йæ фæндаг нæ дары, уæддæр».

Альбер Камюйы бынты цыргъ зонды фæлыст хъуыдытæ дæр базад – абоны онг цæрæццæгтæ:

*Цæмæй искæй хъуыды дунейы ахаст аива, уый тыххæй уал хъуамæ хъуыдыйы хицауæн йæхи цардыл фæзына исчердæм.*

* * *

*Историйы раз бæрнондзинад сæрибар кæны адæмы раз бæрнон уæвынæй. Уый хъуыды кæнгæйæ, у истори тæхудиаг.*

* * *

*Йæ цардбаргæйæ йæм хъазуатонæй чи тырныдта, зындон уыдонæн хæрзиуæгау цæстуарзон лæвар у.*

* * *

*Цард куынæ фауай, уæд æй уарзгæ дæр нæ кæныс.*

* * *

*Царды мидæг алы уысм дæр йæ мидæг æфснайы исты æмбисонды цау æмæ æвидигæ æвзонгад.*

* * *

*Æрыгонæй-иу æз мæ зонгæтæй уый домдтон, цæмæй, сæ гæнæнтæ цас амонынц, уымæй фылдæр хæрзты мын бацæуой: хæларады иузæрдион куыд уой, се ‘цæг æнкъарæнтæ мæ куыд нæ сусæг кæной. Ныр сæ къаддæр домынbackgroundыл фæцалх дæн: мæ цуры уæнт æмæ сæ дзыхтыл хæцæнт, мацы дзурæнт. Æмæ уæд мæ цæсты уыдзысты табуйæгтæ, Хуыцауæй æрвыст мæнæн.*

* * *

*Хуыздæр бонмæ аргъæвæн цæмæн нæй, æз ахæм фарстайыл нымайын цардæн йæ нысаниуæджы фæдыл фарста.*

* * *

*Æхцаты фæдыл цы цард у нывондаг, уый у адзалы фæндаг. Уымæй фервæзыны мадзал та – цардмæ мулчы цæстæй мауал кæсын.*

* * *

*Нырма гуманизмæй зæрдæцъæх нæма фæдæн: раст ма мæ цæсты рухс дæр у. Фæлæ мын уæддæр къуындæг у.*

* * *

*Мæгуыр лæджы хæрзуаджы нысан – таучел зæрдæ.* (Ирон æмбисонд зæрдыл æрбалæууы: мæгуырæй – уæздан).

* * *

*Алы ног фæлтæрмæ дæр афтæ кæсын райдайы, цыма дуне аивын уый бæрнон хæс у.*

* * *

*Куыддæр хæст боны фæткы рæстдзинад свæййы, афтæ кæцыфæнды хатдзæг дæр, уый куынæ фæхынцы, уæд æнæбындур рауайы, мæнг дзæнгæда.*

* * *

*Æрмæстдæр иу цауæн нæй æнæ 'рцæугæ – мæлæтæн, æндæр алцæмæй дæр ис хи фæсайæн. Нæ дæргъвæтин царды рагагъоммæ нывгонд-цæттæйæ ницы ис, æппæтæн дæр ис аивæн, суанг ма хæст дæр бауромæн æмæ сабырæй цæрæн, æцæг дæ уыцы уавæр, куыд æмбæлы, афтæ тынг куы фæнда, уæд – рагæй æмæ иттæг зæрдиагæй.*

* * *

*Царды мидæг алы уысм дæр алæмæт æмæ æнусон æвзонгад у.*

* * *

*Рæдыды фæндаг – цины хос, æцæгдзинад – тæссаг æмæ маст.*

* * *

*Сайын кæй нæ хъæуы искæй, æцæг сæрибар дын уый.*

* * *

*Зæры кары нысан: нал дæм ис æнкъарæнтæ, фæлæ тæригъæд кæныс иннæтæн.*

* * *

*Æппæтæй тæссагдæр хисайд у, цыма, цъус дæр куыд никæй æнгæсæн-хуызæн уай, уымæн дæр гæнæн ис.*

* * *

*Царды мидæг егъаудæр мæт – куыд, цы ныфсæй цардæуа адæмы ‘хсæн...*

…Бахæрам кодтаин, фæсивæды уарзон фыссæг, наукон-фантастикон жанры бындурæвæрджытæй иуы рохуаты куы фæуагътаин, уæд. Ноджы ма ахæм чингуытæ ныффыссæджы, куыд: «Фондз къуырийы уæлдæфон къорийы» (1863), «Зæххы астæумæ балц» (1864), «Зæххæй Мæймæ» (1865), «Мæйы алыварс» (1869), «Капитан Гранты сывæллæттæ» (1867 – 1868), «Дæлдон 20 000 льейы» (1869 – 1870), «80 боны æмгъуыдмæ дунейы алыварс» (1872), «Зæрдæхсайды сакъадах» (1875), «Фынддæсаздзыд капитан» (1878) – æдæппæтæй 65 романы æмæ ма къорд уацауы æмæ радзырды. Стæй ма географион, географи иртасыны тыххæй фæллæйтты автор дæр уыд.



**Жюль Верн**

Æмæ уый – **Жюль Габриель Верн** (1828 – 1905)

Уæвгæ та йæ айдагъ фæсивæды уарзон фыссæг нæй хонæн – сæ цæсты бæрзонд æвæрд уыд Уæрæсейы литературæйы гиганттæн дæр – Салтыков-Щедрин, Тургенев, Толстой, Брюсов, Горький… Советон чиныгкæсæг дæр фæсарæйнаг фысджытæй уымæй арæхдæр цыма никæй кастис…

Жюль райгуырд францаг рагон горæт Нанты, цæугæдон Луарæйы былгæрон, стыр наулæууæн уыд ам пæлæзджын наутæн. Ардыгæй-иу сæ фæндаг дардтой æбæрæг дард бæстæтæм. Иуæндæс азы йеддæмæ йыл нæма цыд, афтæмæй дын йæ ныййарджыты æвастæй йæхицæй нау «Корали»-йы юнгæ куы акæнид, æз дæр уемæ Индимæ цæуæг дæн, зæгъгæ, фæлæ йæ дыккаг бон йæ фæлмæн сынтæджы батулын кодтой…

Æвдакатыл – йæ фыды дæсныйадыл – сахуыр кодта, æрмæст æй йæ

уацайраг та литературæ скодта. Æмæ йын дзы уыйбæрцтæ бантыст, цæмæй йæ ном æппæт дунейыл дæр айхъуыса. Йæ фын æй, куыд фæзæгъынц, нæ фæсайдта – йæ ныхæстæ царды уагъд æрцыдысты – «Æз мæ фидæныл дызæрдыг нæ кæнын. Æртын азы мыл куы цæуа, уæдмæ æз литературæйы æрцахсдзынæн, æрмæстдæр мæн чи уыдзæн, уыцы бынат».

О, рагæй дæр мæ зæрдæ ‘хсайы дзырд «Наутилус»-мæ – дæлдонцæуæг бæлæгъы ном уыд, зонут æй, æмæ, зæгъын, ирон дзырд «нау» амæн ницы æввахс хæстæг у… У: уый дæр та Абайты Васо сбæрæг кодта…

Зыдта йæ Жюль Верн дæр, æмæ, наукæ цы фæрæзтæ æрхъуыды кæны, уыдон хатгай царды фыдæй кæй рацæуынц, фæлæ йæ уæддæр уырныдта, æмæ наукæйы æнтыстытæн сæ бон кæй у адæймаджы цард удæнцойдæр кæнын, æдыхстдæр, фадатджындæр. Наукон фантастикæ, æмткæй та чиныг уарзаг чи у, уымæн абон дæр æмæ кæддæриддæр цымыдисаг уыдзысты ай дæсны фыст чингуытæ.

Уырыссаг дзырд «трудоголик» куыд хуыздæр уа иронау – нæ зонын, фæлæ тæккæ ахæм уыд Жюль – уæгъды нæ фыста: «У меня потребность работы. Работа – это моя жизненная функция. Когда я не работаю, то не ощущаю в себе никакой жизни». Ома сæумæдæвдæгæй талынгтæм фыста æмæ фыста, йæ зæгъинæгтæ зæгъын ын куынæ бантыса, цыма уымæй æдас нæ уыдис, уыйау.

Йæ роман «80 боны æмгъуыдмæ дунейы алыварс» ын Уæрæсейы сабитæн куы мыхуыр кодтой, уæд ын нывтæ та скодта Лев Толстой йæхæдæг, стæй фыста: «Я их (Верны чингуытæ ома, – Г.Б.) читал совсем взрослым, а все-таки помню, они меня восхищали. В построении интригующей, захватывающей фабулы он удивительный мастер. А послушали бы вы, с каким восторгом отзывается о нем Тургенев! Я прямо не помню, чтобы он кем-нибудь еще так восхищался, как Жюль Верном».

Мæйы чъылдымæрдыгæй иу кратерыл советон астрономтæ сæвæрдтой ном – «Жюль Верн».

Ацы фыссæгæн йæ къухы бафтыд аивад æмæ наукæ баиу кæнын, æмæ уæдæ йæ ном дæр аивадау æнусон у, æнæмæлгæ.

Афоризмтау æм ницы разынд мыхуыргондæй, фæлæ мæм диссаджы хуызы фæкастысты Верны ацы ныхæстæ: «Иу къуырийы мидæг æртæ лæгæн уыдзæн æртæ хуыцаубоны уæд, æмæ сæ иу зæххы алыварс æрзилдзæн, Лондонæй хурныгуылæнæй хурыскæсæнмæ

рацæугæйæ, дыккаг та иннæрдæм балцгæнгæйæ, уæдæ æртыккаг та йæ бынаты баззайгæйæ. Ногæй куы сæмбæлой, уæд æй базондзысты, зæгъгæ, фыццаг бæлццонæн хуыцаубон уыдис знон, дыккагæн ралæудзæн райсом, æртыккагæн та у абоны бон».



**Гийом Аполлинер**

…Мæнæ цыдæр «араббаг» дæргъвæтин ном – Гийом Альбер Владимир Александр Аполлинарий Костровицкий! Куыд æнæгуырысхойаг поэт, афтæ цыбырæлвыдæй та **Гийом Аполлинер** (1880 – 1918). Мæнæ ныр цы цæхгæрмæдзыд хъуыды зæгъон, уымæ ма уæзбын зондæй байхъусут, ногтæгонд дуджы хæдæрвæсс фæлтæр…

Никæд ничи уыд нæдæр дзæгъæлзад, нæдæр кæвдæсард, нæдæр, ацы фæсарæйнæгтæм гæсгæ та, бастард – уымæн, æмæ нæ иу дæр Рухс дунемæ Хуыцауы æвастæй нæ рантысы, нæ гуырдз дæр æмæ нæ сывæллон адæймаггонд дæр. Уый тæрхонæй сты, æндæр нæ бон мыггаг кæнын нæ уаид цыфæнды ныфсхаст æмæ хъæбатырæй дæр. Хуыцау радта, Хуыцау, дам, айста…

Куы цæрай хъусджын æмæ цæстджын цардæй, зæрдæргъæвд æмæ цыбæлæй, уæд истытæ æнæ уайгæ нæ уыдзæн дæ цырддзаст къæрцхъустыл, гъемæ рагæй нырмæ лæууы – цыфæнды сыхырнагондæй дæр – мæ зæрдыл: «Дзæгъæлзæдтæ курдиатджын вæййынц».

Дзæгъæлзад дзæгъæлтæгонд уарзтæй кæй нæ райгуыры, æцæгдæр курдиатæй хъулон хайджынæй, уымæн та ацы дæргъæй-дæргъмæ номы хицау хъæугæ æмæ… æмæ æнцон ссаргæ æвдисæн – Поэзийы æнцон æфхæрæн зæрдæмæ мын æнæмæнг нæ фæцыдаид, иннæты фæсчъылдым мæ айрох ис, зæгъгæ, уæд…

Уæй, Иры Нана, цы фæллойаг у, цы, адæймагау адæймагæн йæ царды сыфтæ фæлдахын: сонтæй кæй бауарзыс (æндæр хуызы та, уæдæ, куыд ис бауарзæн?!), уый бонысрухс-сирдмæ уарзты аккаг нæ, уарзты – йæ сæраппонд ын дæ цардыл дæр кæмæн бацауæрдис! – фæлæ ма дæ уарзинагæй куыдфæстæмæ ахæм æлгъаг цыдæр рабæрæг вæййы, æмæ йæ раст æнæуынондзинады аккаг дæр нæй схонæн, æрмæст былалгъы. Стæй уæд, мидæгмæгæс цæстытæй дæхимæ куы багудзи

кæныс, уæд фестъæлфыс: æмæ кæд искæмæнты мæнæ ды дæхæдæг дæр АХÆМ дæ, уæд та?! Уæд та, уæд?! Зæрдæхæццæгæнæн…

Æмæ уæд лæджы йæхиуыл дæр тутæ кæнынæй фервæзын кæнынц йæ кæцыдæр лæгдзинады æвдисæндартæ, æмæ уæд сидзæр дзырдæн дæр æхсызгон вæййы дæ къухтæм бахауын, цæмæй дзы хъомыл, буцхаст сæрыстыр Дзырд рауайын кæнай.

Иу хъуыды сусæгæй зæгъинаг дæн аив дзырдуарзджытæн: цыфæнды егъау, стыр лæгæн дæр йæ фæстаг хъуыды ууыл фæсмонгæнæг вæййы, æмæ йын скæнын цы нæ бантыст, ууыл нæ, фæлæ йын адæмæн зæрдылдаринагæн зæгъын цы нæ бантыст, цæмæ нæ фæцарæхст, йæ цæфыл цæмæ нæ фæрæвдз, ахæм ныхасы вæййы.

Æнæзгæгæнæг, зонд æмæ зæрдæмæ фæндагыссарæг сызгъæрин Дзырд у æппæтæй хæлæггагдæр æмæ табуйагдæр!..

Æмæ Поэты æмæ Фыссæджы амонд дæр авд гуыдыры æхгæдæй ис уый мидæг. Хуыцауы рæстад тæрхонæй. Алкæдау, æдзухау…

Бузныг, Гийом, Альбер, Владимир, Александр, ацы разныхасы тыххæй дæр – сабухта сонт зæрдæйы арфæй, бæх æд барæг кæм ныгъуылы, уыцы малæй… Æмæ ма уыйадыл ацæрын дæр свæййы тæхудиаг, чи ма фæфидауы, раст тæккæ ахæм табуйаг бæллиц!

Йæ рæсугъд мад Анжеликæ нымад цалдæр азы ацард Италийы – ома æрыгонæй, гъемæ йын йæ æбæрæг уарзонæй дунемæ рантыст суинаг стыр поэт. Фæлæ ацы фыддзыхтæ, ацы, – «ни куска хлеба, ни кусочка неба» дæр сæ нæ хъæуы, æрмæст сын æфсон уæд искæцы хорз лæджы фыдгойæн – хурыл сау тæппытæм бацамонынæн, саугуырм æмæ ‘лхынцъ æвзаг фæуой æвзонг Гийомы тæригъæдæй: сæ фидистæй йæ фыддзыхтæ скæс нæ уагътой, нæ йæм æрхауд Францы гражданины ном дæр, цалынмæ бархионæй Фыццаг дунеон хæстмæ нæ ацыд æмæ дзы йæ хъæбатырдзинадæй нæ фесгуыхт, уæдмæ.

Йæ уацтæ æмæ æмдзæвгæтæ мыхуыры зынын райдыдтой, 21 азы йыл куы сæххæст, уæд. Аст азы фæстæ йæ хæлар, нывгæнæг Андре Деренимæ рауагътой чиныг, рагон аргъау йæ бындуры, ахæм цымыдисаг уацмыс. Рауад ма дыууæ азы, æмæ фæзынд йæхи æмдзæвгæты – миниатюрæты æмбырдгонд «Бестиарий, кæнæ Орфейы Æмбæлццæттæ» (бестиарий та, цымæ, фæдзæхст бынат цыдæр уа… А, нæу афтæ, фæлæ цæрæгойты тыххæй уацмыстæ сты уыдон…)

Астæуккаг æнусты-иу фыстой афтæ: искæцы цæрæгойы адæймаджы æппæрццæг, фауинаг, аипп миниуджытæй схайджын кæн æмæ

уый бындурыл дæ философон хатдзæгтæ кæритау амай, дæхи царды цаутæ дæр мыс. Зæгъæм, дельфин денджызы йæ зæрдæйы дзæбæхæн ленчытæ кæны, поэт та йæхи хъысмæтыл фæсагъæссаг, хъыгтæ æмæ цинтæ кæрæдзийы радæй-радмæ куыд ивынц, уыдæттыл:

*Дельфин резвится, но волна*
*Всегда горька и солона.*
*Где радость? Встречусь ли я с нею?*
*Все горше жизнь, все солонее.*

Нарты Ацæмæз æмæ Орфей та – халæмдих фæлгонцтæ; Орфей йæ фæндырæй-лирæйæ куы фæцæгъды, уæд, йæ алыварс сырды мыггагæй цыдæриддæр ис, уыдон æм хъусыныл фæвæййынц…

Алы æрдзон поэтæн дæр йæ æрмдзæф бæрæг дарын райдайы, йæхи хъæлæсыуаг сбæлвырд вæййы – æнцонтæй йæ раиртасынц иннæты ‘хсæн. О, фыссæг – уый стиль у. Гъемæ Аполлинер дæр 1913 азы ныммыхуыр кодта бынтондæр новаторон уацмысты æмбырдгонд «Алкоголитæ» – нæй дзы æрхæцæн нысантæ, уымæн æмæ, дам, поэзийы уыцы хæс æвæрд у ритм æмæ ферхæц-ферхæцтыл, ома паузæтыл (йæ фæзмынгæйæ бирæтæ уыцы хуызы райдыдтой фыссын, суанг ма прозæйæ дæр).

Æмбырдгонды зынгæдæр æмдзæвгæйы кад æрхаудта «Хид Мирабо»-мæ – дон хиды бынты кæлы æмæ бирæ цыдæртæ аласы, рæстæг дæр раст афтæ фæтары кæны уарзондзинад, нæй йыл æууæнк боныхъæдыл, рæстæджы ахастыл – дугъоны уадæй ивгъуыйы, рафæлив-бафæлив у йæ сæйрагдæр миниуæг. Æмæ поэт та ахæм цæмæйдæр хæссинаг у йæ ныфс, æмæ æнæфæлывд цæмæй зæгъæн ис – уæд та ма хидæй:

*Мост Мирабо минуют волны Сены*
*И дни любви*
*Но помню я смиренно*
*Что радость горю шла всегда на смену*

*Пусть бьют часы приходит ночь*
*Я остаюсь дни мчатся прочь.*

Æнæ дзуапп, æнæ амонд уарзондзинад сси Аполлинеры сфæлдыстады ахсджиагдæр ныхасаг, йæ хорз зæрдæйы дудгæдæр рис – нæдæр, дам, зноны бон раздæхдзæн фæстæмæ, нæдæр – æрттивгæ уарзт…

Йæ ног æмбырдгонд тынгдæр басгуыхт йæ хуызтæ-формæтæй, йæ арæзт-фæрæзтæм гæсгæ – хуыйны «Каллиграммæтæ», уыдон та сты ахæм уацмыстæ, æмæ поэзи æмæ нывкæнынад кæм сæмбæлынц: рæнхъытæ хылы-былытау сты, шрифт дæр хъулон-мулон, хæццæ-мæццæтæ. Ам, Гийом хæсты кæй уыд, уый дæр фæбæрæг – о, æмбырдгонды сæргонд æххæстæй дзæгъæлы афтæ нæ хуынд «Каллиграммæтæ. Хæст æмæ сабырдзинады æмдзæвгæтæ». Хæдæгон, ацы дзырд дæр йæхи æрхъуыды у, стæй ма литературæмæ бахаста термин «сюрреалистикон»… Æмæ уыцы мадзалæй спайда кодта, хæсты тыххæй роман «Æнцадбадгæ сылгоймаг» куы фыста, уæд.

Диссаджы, æнахуыр цау дæр æрцыд йæ царды – йæ хуыздæр хæлæрттæй иу уыд Пабло Пикассо, дæрдтыл номдзыд нывгæнæг, стæй уæвгæдæр поэт куыд хъуамæ ма уарза нывкæнынад! Æмæ-иу куыд нæ цыдаид Луврмæ дæр Парижы. Гъемæ ардыгæй иуахæмы «Джокондæ» æрбацыдæр – уый 1911 азы. Æмæ дын Гийомы куы ‘рцахсиккой, ды йæ адавтай, зæгъгæ. Хорз æмæ йæ мидæгæй бирæ нæ фæдардтой – кæй ницы азимаг у, уый рабæрæг… Поэт, фæлæ, дам, уæддæр къæрных.

Францы литературæйы Гийом Аполлинеры ном мыггагмæ цæргæйæ баззад куыд поэт-новатор, æнæдызæрдыггаг курдиаты хицау. Йæ рухстау сфæлдыстадæй дзуапп радта Жан Коктойы ныхæстæн: «Æз æй зонын, поэзи ахсджиагæн кæй хъæуы, æрмæст цæмæн, уый та нæ зонын». Стæй, чи зоны, æмæ Жан Сергей Есенинимæ сразы уыдаид – поэзийы нысаниуæг цы хоны, уыимæ:

*Ваших душ безлиственную осень*
*Мне нравится в потемках освещать.*

Поэт чи æмæ цы у, уый тыххæй карз æмæ цæхгæрæй загъта Гийом йæ сæрмагонд уац «Ног зондахаст æмæ поэттæ»-йы: «Поэзи æмæ сфæлдыстад иу æмбарынад сты, поэт, зæгъгæ, æрмæстдæр уый фæтчы хонын, æмæ ног мадзæлттæ-фæрæзтæ чи æрхъуыды кæны; уый, æмæ сфæлдисæг чи у…»

Йæ цыбыр, фæлæ арфхъуыдыджын æмæ æнкъарæнджын æмдзæвгæтæй йын уæд та ма иу æрхæссæм:

*На самом дне твоих голубых глаз*
*Моя душа покоится сейчас*
*Ее никто не спас*

*На самом дне любви где замолчали*
*Воспоминанья и Печали*



**Марсель Пруст**

**Марсель Пруст** (1871 – 1922) – ам дæр та мæ Есенины сæр бахъуыди, афтæ зæгъæджы, как, дам, прекрасна Земля и на ней человек. Уæдæ нæу, нæу, хаттæн цыфæнды налат æмæ цъаммарæй дæр! О, о, прекрасен, æмбисонд, стæй ма диссæгты-диссагдæр йæ ныфсхаст, йе ʻнæбасæттон мидхъарутæй. Æндæр ма уæдæ фезмæлынæн мауал у, æрбадынæн дæр æмæ сыстынæн дæр, айдагъдæр ма дæ сæр уæд кусынæн, дæ домбай зонд йæ бынаты уæвгæйæ, æмæ… æмæ… Æмæ йын цынæ æрхъуыды кæнын бантысы лæджы номы хæрзæбонæн!..

Ай дæр та дзыхы радавинаг адæмыхаттæй – уираг бинонтæй – мады ʻрдыгæй, цæрæг хæдзарæй. Æрттиваг лæппу, ахуыр кодта Сорбоннæйы, æрыгонæй куыста газет «Фигаро»-йы, ноджы дзы фыста «сызгъæрин фæсивæды» бирæтæн хæлæггаг царды тыххæй. 25 азы йыл сæххæст, æмæ дын мæнæ йæ фыццаг чиныг «Хиирхæфсæнтæ æмæ бонтæ» – новеллæты æмбырдгонд, разныхас та йын суанг Анатоль Франс ныффыста.

Стæй Пруст 1906 азы æрсад, ноджы афтæ карзæй æрсад, сабийæ йыл цы низ бахæцыд – хуыдуггæнæг астмæ, уымæй æмæ цард дуарæхгæдæй талынг уаты, йæ къултæ та – пъробкæйæ астæрд. Гъемæ уыцы æнæрай уавæрты бавдæлд йæ ахсджиагдæр фæллоймæ – романты цикл ныффыссынмæ авд уацмысæй: «Дзæгъæлсæфт рæстæг агургæйæ». Йæ ном ын куыд курдиатджын фыссæгæн айхъусын кодта 7 романæй дыккаг – «Дидинæгкалгæ чызджыты дæлбазыр», саккаг ын кодтой кадджын Гонкуры преми дæр.

Марсель Пруст йæ размæ ахæм сфæлдыстадон хæс сæвæрдта: циу интеллект, адæймаджы психикæйы закъæттæ цавæртæ сты, циу æцæг амонд, уыдæттæ аивадон дзырды гæнæнтæм гæсгæ равзарын. Æмæ æрцыд ахæм хатдзæгмæ, зæгъгæ, æрмæст аивад ссæрибар кæны адæймаджы алы катайтæ æмæ сагъæстæй æмæ йæ баиу кæны æнусон царды æуухæлтимæ.

Йæ дæсны æрмдзæф æргом сахадыдта францаг прозæйы рæзтыл,

«поток сознания» цы аивадон мадзал схуындæуыд, ууыл сæрмагондæй.

Боны рухсæй хи хизгæйæ, Марсель йæ циклы 17 чиныджы фæрцы йæхицæн гом кодта дун-дунетæ, фæлдыста удæгас цард йе 'нкъараг уды мидæг, ивгъуыдыл-иу ногæй-ногмæ хур скæсын кодта хуыцауиуæггæнæг Дзырды руаджы, уый æгæрон хъомысæй. Кæд æм-иу цард дзæгъæлсæфт рæстæг каст йæ тыхст сахатыл, уæддæр: «Æппæт дæр бынтыбын кæны. Æппæт дæр зауатмæ цæуы, хæлы».

Къорд историон цауы райгас сты фыссæджы къæрцхъус зæрдæйы комкоммæ йæхи цардæй фалæмæ йæ егъау уацмысы 3 мин сыфы фæрстыл: XIX – XX æнусты Францы цард, Фыццаг дунеон хæст, Дрейфусы стыр хъаугъайаг хъуыддаг, Октябры революци Уæрæсейы… Æмæ æрмæстдæр аивады бон у, Прусты хъуыдымæ гæсгæ, «ссард рæстæг» сæнусон, æнæмæлгæ скæнын.

Цыргъзонд ныхæстæ йæм æрмæст цалдæр разынд сæрмагонд чиныджы:

*Рæсугъд сылгоймæгты къуындæг зонды хицау лæгтæн уадзæм.*

* * *

*Хæзгулдарæг усы лæг иннæ лæгтæн дæр йæхиау сайды фæуд æнхъæл у.*

* * *

*Æнамонд адæймаг суæздан вæййы.*

* * *

*Зæхх йæ сæмæны алыварс зилдух кæй кæны, уый зонæм, фæлæ йæ нæ хатæм. Раст афтæ нæ фиппайæм рæстæджы цыд дæр.*

* * *

*Абоны дызгъуын-мызгъуын хъуыдытæ – сомбоны мæнг уырнæнтæ.*

* * *

*Кæйдæр змæст хъуыдытæ нæм цæмæндæр нæхи æмтъеры хъуыдытæй рæсугъддæр фæкæсынц.*

* * *

*Æцæджы дзæнæт – нæ сæфт хуры хай.*

*Уыдзæн ма*



*ГÆДЖЫНАТЫ Дианæ у Джызæлы 1-æм астæуккаг скъолайы 11-æм къласы ахуыргæнинаг. Ахуыр кæны иттæг хорз бæрæггæнæнтыл. 2024 æмæ 2025 азты ссис ирон литературæйæ республикон олимпиадæйы уæлахиздзау. Дианæйы сæйраг бæллиц у ирон æвзаджы ахуыргæнæг суæвын, кусын рæзгæ фæлтæримæ æмæ сын уарзын кæнын ирон æвзаг.*

*Дыууæ радзырды*

# АМОНД

Уыдис хъуынтъыз бон. Сæлфынæг кодта. Ахæм боныхъæд куы вæййы, уæд мыл цыма арв йæхи æруадзы, афтæ мæм фæкæсы. Фæлæ цы гæнæн ис, арв нæ, æнæхъæн дуне мыл куы æруæз кæна, уæддæр мын куыстмæ æнæ ацæугæ нæй.

Æниу уый цавæр куыст у? Райсом дзы изæрæй куынæ хицæн кæны, бон та – æхсæвæй. Иуæй-иу хатт мæм афтæ фæкæсы, æмæ мын къуырисæр цы ныхæстæй райдайы, уыдонæй фæвæййы хуыцаубон дæр: «Зæринæ, тагъддæр!», «Зæринæ, цы фæдæ?», «Зæринæ, ауай!..» Æмæ, раст зæгъгæйæ, фæсмон дæр кæнын, ахæм фæндагыл кæй ацыдтæн, ууыл. Афтæмæй та ахуыр нырма æрæджы фæдæн. Ноджы ма мыл, куыстмæ цæугæйæ, мæ сыхаг куы амбæлы, уæд мæ æнæмæнг хъуамæ афæрса, кæдæм цæуын, уымæй. Мæнæ цыма бæрæй афтæ фæкæны, уый хуызæн. Дзуапп ын куы раттын, уæд уæлдай ницыуал фæзæгъы, фæлæ-иу фæлтау исты куы сдзурид. Уымæн æмæ, кæд дзургæ ницы скæны, уæддæр йæ цæсгомыл фыстæй разыны… Бакæсæн ыл вæййы ахæм ныхæстæ: «Медицинон хо… Ноджы ма æстæм рынчындоны… Хуыздæрхъуаг дæ…»

Æндæр бонты куыд вæййы, афтæ та абон дæр, куыддæр рынчындоны дуарæй мидæмæ бакъахдзæф кодтон, афтæ мæм дохтыр фæдзырдта æмæ мын бафæдзæхста, цæмæй, дыккаг уæладзыджы цы рынчынтæ хуыссы, уыдоныл азилон, сæ хостæ сын раттон æмæ, сæхи куыд хатынц, уымæй сæ бафæрсон. Уымæй

уæлдай ма мæм уайдзæф дæр æрхаудта, кæй байрæджы кодтон, уый тыххæй. Æмæ мыл ахæм æвзæр бон нæ сыхаг кæй амбæлд, уый мæ рох дæр фæци, афтæмæй мæстыйæ хызтæн асинтыл уæлæмæ, дыккаг уæладзыгмæ. Уым хуыссыдысты, йæ кары чи бацыд, ахæм адæм. Иннæ рынчынтæй сæм уæлдай тынгдæр уарзтон цæуын. Палатæмæ бахизгæйæ, уыныс фæлмæн цæстæнгас, уырдыгæй рахизгæйæ та хъусыс арфæйы ныхæстæ, æмæ адæймагæй йæхи маст дæр æрбайрох вæййы.

Фыццаг палатæйæ куы рацæйхызтæн, уæд иу зæронд ус мæ фæдыл радзырдта: «Стыр бузныг дын, хорз чызг! Амондджын у!» Æз æм мæ мидбылты бахудтæн æмæ дарддæр ацыдтæн хицауы амынд æххæст кæнынмæ. Мæхинымæр та хъуыды кодтон: «Амонд… Искуы йæ цæстæй фен… Цымæ, цыхуызæн у?»

Сахат дæр нæма рацыд, афтæ æппæт рынчынты дæр бабæрæг кодтон, баззад ма мын æрмæстдæр фæстаг – дыууадæсæм палатæ. Уым хуыссыдысты дыууæ уæззау рынчыны, дыууæ зæронд лæджы – Цæра æмæ Хъасбол.

Хъасболæн дыууæ къуырийы размæ скодтой тынг уæззау операци, уымæ гæсгæ йæ бон йæ къæхтыл слæууын нæма уыд, æмæ-иу мын дохтыр æдзух мæ зæрдыл æрлæууын кодта, мæ цæст æм уæлдай тынгдæр кæй хъуамæ дарон, уый. Хъасболмæ афтæ каст, цыма æнæхъæн рынчындоны уымæй тыхстдæр ничи у. Алцæмæй дæр кодта хъаст. Мидбылты бахудгæ йæ иу хатт дæр нæма федтон.

Цæра Хъасболæй хуыздæр уавæры нæ уыд, фæлæ никуы ницæмæй рахъаст кодта. Уыдис тынг дзырдарæхст æмæ уæздан лæг.

Сæ палатæмæ сын куыддæр бакъахдзæф кодтон, афтæ сæ афарстон, сæхи куыд хатынц, уымæй.

– Тыхсын цы лæг нæ зоны, уый тæригъæд у, – дзуапп мын радта Цæра æмæ йæ мидбылты бахудт. Хъасбол дзургæ ницы скодта, æрмæст Цæрамæ мæсты каст бакодта.

Сæ хостæ сын радтон æмæ уайтагъд рацыдтæн, уымæн æмæ æфсæрмы кодтон сæ цуры лæууын. Фæлæ куыддæр дуарæй рахызтæн, афтæ та Хъасбол нæ фæлæууыд æмæ загъта:

– Ныр цæмæн хъуамæ тыхсон ам? Нæ йæ зонынц, æз…

– Гъе Хъасбол, – йæ ныхас ын айста Цæра, цыма йæ зыдта, Хъасбол цы зæгъдзæн, уый, – низ сывæллоны стыр адæймагæй куынæ ‘взары,

уæд, дæумæ гæсгæ, мæгуыры хъæздыгæй равзардзæн? Æвæццæгæн, низ адæймаг куы уыдаид, уæд æм æхца радтаис, суæгъд мæ кæн, зæгъгæ, фæлæ…

– Ныууадз мæ, Цæра, – райхъуыст Хъасболы тызмæг хъæлæс, – дæхи «хуымæтæг мæгуыр лæг» куы схуыдтай, уæд æхцайæн та, цымæ, цы ‘мбарыс?

– Ницыуал… Æмæ фæлтау куы никуы æмбæрстаин, Хъасбол.

Ацы ныхæсты фæстæ иуцасдæр сæ дыууæ дæр ныхъхъус сты, стæй Цæра сдзырдта:

– Мæ фыд йæ рæстæджы колхозы сæрдарæй бирæ азты фæкуыс-та. Фæстагмæ йæ фæдавта æмæ йæ уды дзæбæхæн цардис. Куыд-дæр æхцайы ад бамбæрста, афтæ дунемæ æндæр цæстæй акаст. Исты хорздзинад-иу куы скодта, уæд дæр сусæгæй нæ, фæлæ йæ иууылдæр куыд базоной æмæ куыд фехъусой, афтæ. Уымæ гæсгæ-иу уыцы хорздзинады хорзæй цы баззад, уый – йæ ном. Фæлæ мæ фыды афтæ бирæ уарзтон, æмæ мæм йе ‘взæр митæ дæр дзæбæх кастысты. Мæ сæр бæрзæндты хастон, ахæм фыд мын кæй ис, уымæй æмæ йæхи хуызæн сдæн. Чи зоны, афтæ сахуыр кодтаин мæхи сывæллæтты дæр, мæ мæгуыр сыхаг мæ куынæ фервæзын кодтид, уæд. Мæхицæй бирæ «хъæздыгдæр» цы мæгуыр сыхаг разынд, уый…

Тынг мæгуыр цард кодтой нæ сыхæгтæ, хатт-иу сæм, сæ сывæллæт-тæн цы бахæрын кæной, уый дæр нæ уыд. Цæмæй нæ сывæллæттæ иумæ хъазой, уый дæр мæ нæ фæндыд. Иуахæмы, уынджы хъаз-гæйæ, мæ кæстæр чызгæн йæ пурти фæндагмæ атылд. Уый йæ фæстæ азгъордта æмæ, фæндагыл машинæ кæй рацæйцыд, уый нæ федта. Сывæллон æнæнхъæлæджы кæй ралыгъд фæндагмæ, уый аххосæй шофырæн йæ бон æвиппайды бауромын нæ баци йæ машинæ æмæ сывæллоны скъуырдта.

Рынчындонмæ йæ куыд фæхæццæ кодтон, уый мæхæдæг дæр нæ бамбæрстон. Бирæ туг кæй фесæфта, уымæ гæсгæ ссарын хъуыд ахæм адæймаджы, сывæллоны туджы къорды хуызæн кæмæн ис. Дохтыртæ куыд раиртæстой, афтæмæй чызгæн уыд, стæм адæм-тæм кæцы разыны, уый – цыппæрæм туджы къорд. Æвæдза, уæд мæм цы диссаг каст мæ лæмæгъдзинад! Мæ дзыппы уыйас æхца уыд, æмæ дзы æнæхъæн рынчындон дæр балхæдтаин, фæлæ мæ

сывæллонæн мæ бон баххуыс кæнын ницæмæй уыд. Мæхицæн бынат нал ардтон…

Уæд дын рынчындоны палатæтæй иуæй рахызт нæ сыхаг лæг, йæ рахиз къухыл хæцгæйæ. Æз фыццаг нæ бамбæрстон, рынчындоны цы кусы, уый. Стæй мын æй дохтыр загъта… Салам раттын дæр мæ сæрмæ кæмæн нæ хастон, уыцы лæг мын мæ сывæллоны фервæзын кодта.

Палатæйæ куы рацыд, уæд мæ разы æрлæууыд, йæ дзыппæй цонгылдаргæ сахат systa æмæ загъта:

– Зонын æй, Цæра, ды уал, фыццаджыдæр, ацы сахат цæмæй конд у, уымæ кæй æркæсдзынæ – зынаргъ у æви нæ, фæлæ ма тагъд кæн. Цыфæнды æвзæрдзинад дæр куы скæнай, уæд дæр æй зон, бафидын ын кæй хъæудзæн, уый. Фыццаг хатт æхцайæ куы бафидай, уæд дæ стæй дыууæ хатты фылдæр фидын хъæудзæн, фæлæ æхцайæ фидгæйæ нал рауайдзæн… Чи зоны дæ ацы цау тагъд рæстæджы ферох уыдзæн, фæлæ та дæ æхцатæ сæ фæдыл куы сайой, уæд-иу мæнæ ацы сахатмæ æркæс æмæ æдзух дæ зæрдыл дар: цард иу уысмæй уæлдай нæу æмæ æгæр æвгъау у, цæмæй йæ æхца нымайгæйæ арвитай… Хæрзбон.

Ницыуал мын загъта æндæр, афтæмæй ацыд. Уыцы бон бирæ фæбадтæн, хъуыды кодтон. Стæй мæ хъæздыг фыды абарстон мæ мæгуыр сыхагимæ. Мæ фыд дæр йæ туг нæ бавгъау кодтаид, фæлæ стæй, цал æртахы радтаид, уал мины æрцагуырдтаид æхцайæ.

Мæ хъæздыг фыд мын бирæ азты дæргъы цы нæ радта, уый мын хуымæтæг лæг иу уысммæ бамбарын кодта, сахуыр мæ кодта цардыл. Уæдæй фæстæмæ адæммæ акастæн æндæр цæстæй. Стæй цардмæ дæр. Царды æппæты зынаргъдæр цы у, уымæ – Амондмæ… Ахæм хабæрттæ, гъе, Хъасбол.

– Зæринæ! – райхъуыст мæм фыццаг уæладзыгæй дохтыры хъæр. Цыма исты тарф фынæйæ райхъал дæн, афтæ мæм фæкаст. Сæрæй къæхтæм хъустæ фестадтæн æмæ, дыууадæсæм палатæйы цур æгæр бирæ кæй лæууын, уый ныр фембæрстон. Фæлæ мæ цæуын нæ фæндыд. Уымæн æмæ дыууæ лæджы ныхас ууыл нæ ахицæн.

Хъасбол иуцасдæр ницы дзырдта, стæй нал фæлæууыд:

– Æмæ кæд… Кæд æппæт æвзæрдзинæдтæн æхцайæ бафидæн нæй, уæд цæмæй?..

– Абон ды цæмæй фидыс, уымæй, Хъасбол – æнæниздзинадæй.

Æндæр ницыуал сфæрæзта зæгъын Цæра. Æмæ ма цы хъуамæ загъ-таид?! Дуары зыхъхъырæй мæм зынд йæ цæсгом æмæ… цæссыгтæ. Никуыма федтон нæлгоймаджы кæугæ. Фæлæ уыдон зоны тæригъæд-джын адæймаджы цæссыгтæ нæ уыдысты. Уыдон уыдысты, кæмæн байрæджы, ахæм адæймаджы цæссыгтæ…

Абон æрмæст Хъасболы цæстæнгас нæ аивта цардмæ Цæра, аивта йæ мæнæн дæр… Ныр æй бамбæрстон, дохтыр мæ Хъасболмæ хуыз-дæр кæсын цæмæн домдта, уый.

Мæхæдæг та?! Алы бон-иу куыстмæ æвæндонæй кæй цыдтæн, уый-иу æвзæр боныхъæды аххос фæкодтон. Хуымæтæджы куыст кæй нæу, уый æмбаргæ дæр нæ кодтон. Куыстмæ-иу нæ цыдтæн, æз цыдтæн адæмæн æххуыс кæнынмæ.

Дыккаг бон тынг тагъд кодтон куыстмæ. Рынчынтæ ме 'ххуысмæ кæй æнхъæлмæ кастысты, уый æнкъаргæйæ нæ бафиппайдтон, æвзæр боныхъæд кæй уыд, уый дæр…

Лыстæг сæлфынæг кодта…

# ЛÆВАР

Куыд райдзаст вæййынц сæрдыгон хъарм бонтæ хæхбæсты! Адæмæн уарзон æмæ зæрдæмæдзæугæ. Раст зæгъгæйæ, хæхты цыфæнды афон дæр рæсугъд вæййы, фæлæ сæрд йе 'рбалæудæй срæсугъд кæны куыд æрдз, афтæ адæмы зæрдæтæ дæр, æхсызгон сын вæййы, хуры хъарм тынтæ сæ фæллад буарыл куыд андзæвынц, уый дæр. Райсомæй раджы æддæмæ ракæс æмæ байхъус: цъиутæ сæ рæсугъд зарджытæ кæнынц, уыцы зарæг ацахсы гуылфгæнгæ цæугæдон æмæ йæ йæ фæдыл ахæссы арф кæмттæм. Æмæ афтæ – бирæ бонты дæргъы, цалынмæ сæ фæззæг кæрæдзийæ нæ фæхицæн кæны, уæдмæ.

Бирæ уарзы сæрдыгон бонтæ Дагомы хъæуы цæрæг Хадзумар дæр. Цыдæр æмбæхст æхсызгондзинад ын хæссынц йæ зæрдæмæ. Райсомæй йæм цъиуты фæлмæн зарджытæм хъусынæй адджындæр ницы кæсы. Ноджы ма йæ кæрты зайынц рæсугъд уардитæ, æмæ, уыдон сæрды дидинæг калын куы райдайынц, уæд сын сæ адджын тæф Хадзумар банкъары йæ хæдзары алы къуымы дæр, æмæ йын вæййы тынг æхсызгон.

Ацæргæ лæг у Хадзумар. Уæлладжыры комы ныр ахæм лæгтæ нал баззад. Бирæ зындзинæдтæ бавзæрста йæ царды, æмæ йæм ныр

бакæс: зыбыты иунæгæй баззад. Сывæллæтæ йын нæй, йæ бинойнаг та ссæдз азы размæ амардис рæуджыты низæй. Тынг бирæ йæ уарзта Хадзумар. Йæ кæрты цы уардитæ зайы, уыдон дæр ын кæддæр йæхæдæг ныссагъта, цæмæй йын йæ зæрдæ рухс кæной, фæлæ низ тыхджындæр разынд æмæ сылгоймагыл фæуæлахиз. Хадзумар куы бамбæрста, иунæгæй баззад, уый, уæд йæ хъару асаст, ахуыссыд йæ ныфсы цырагъ. Дæргъвæтин рæстæгмæ фæиппæрд ис хъæубæстæй, афтæ йæм каст, цыма адæмæй ферох æмæ никæйуал хъæуы. Райдзаст бонтæ нал æвзæрста тар æхсæвтæй, афтæмæй æрвыста йæ иунæджы рæстæг.

Фæлæ цард цæуы æмæ фарн йемæ хæссы. Хадзумары маст мынæг кæнын райдыдта, уымæн æмæ-иу æй алы бон дæр абæрæг кодта йæ сыхæгты гыццыл чызг Зæли. Уый-иу йæ хъæлдзæгдзинадæй Хадзумары уæззау сагъæстæ фæсырдта, æмæ зæронд лæг дæр чысылгай йæхимæ цæуын райдыдта.

Гыццыл Зæли цæттæ уыдис бон-изæрмæ Хадзумары таурæгътæм хъусынмæ. Скъоламæ бацæуыны фадат ын нæ уыд, фæлæ йæ тынг фæндыд кæсын-фыссын базонын. Уый уыдис йæ сæйраг бæллиц, æмæ зæронд лæг дæр амæлттæ кодта, цæмæй Зæлийы бæллиц сæххæст уа.

Хадзумар ма æрыгон куы уыд, уæд æй сæ хъæуы сауджын кæсын æмæ фыссын сахуыр кодта. Бирæ рæстæг рацыд уæдæй нырмæ, фæлæ ма зæронд лæг цыдæртæ хъуыды кæны æмæ йæ уæлæнгай зонындзинæдтæ алы бон дæр æргом кæны йæ гыццыл сыхагæн.

«Хадзу, кæм дæ? Цом тагъддæр æнгуз бæласы бынмæ», – ацы ныхæстæ хъусгæйæ райдайы Хадзумарæн йæ бон. Кæд-иу æй раздæр райсомæй йæ цæстытæ бакæнын æмæ хуыссæнæй сыстын дæр нæ фæндыд, уæд ын ныр æндæр гæнæн дæр нæ уыд, æмæ-иу райсомæй цæттæйæ æнхъæлмæ каст йæ «ахуырдзаумæ». Йæ хæсыл нымадта Хадзумар Зæлийы чиныджы кæсын сахуыр кæнын, æмæ йын æнтысгæ дæр кодта.

* * *

Сæрдыгон райсомы хуры тынтæ чысылгай зынын райдыдтой арвыл æмæ барухс кодтой Дагомы хъæу. Абон дæр та тынг раджы сыстадис Зæли, сабыргай, куыд ничи йæ базона, афтæ акодта йæ уæлæдарæс æмæ азгъордта йæ уарзон «ахуыргæнæгмæ».

– Рахиз мидæмæ, Зæли. Абон дæр та хуры тынтимæ куы сыстадтæ, – райхъуыст хæдзарæй Хадзумары фæлмæн хъæлæс.

Зæли мидæмæ базгъордта, ныллæг стъолыл кардзыд лæгæн аходæн æрæвæрдта æмæ йæм уатмæ хъæргæнгæ балыгъд:

– Хадзу, абон та мын цы бацамондзынæ?

– Тагъд ма кæн, Зæли. Бандоныл-ма алæуу æмæ мын уæртæ уыцы чиныг æрис.

Зæли бандоныл алæууыд æмæ тæрхæгæй гыццыл скъуыдтæ чиныг райста. Йе ‘ддаг цъарыл стыр дамгъæтæй фыст уыдис «Адæмон сфæлдыстад». Зæлимæ, æвæццæгæн, ацы чиныгæй зынаргъдæр ницы фæкаст æппæт зæххы къорийыл. Зынаргъ æмæ нырма æнæзонгæ.

Хадзумар йæ аходæнæй куы акомдзæгтæ кодта, уæд дыууæйæ араст сты сæ уарзон бынатмæ – Хадзумарæн йæхи карæн æнгуз бæласы бынмæ. Уырдæм куы бахæццæ сты, уæд зæронд лæг хъæдын къæлæтджыныл æрбадт æмæ загъта:

– Байхъус-ма, Зæли, цъиутæ куыд рæсугъд зарынц, уымæ.

– Тынг рæсугъд, Хадзу. Ехх, æмæ сын се ‘взаг куы ‘мбарин, уæд æй базонин, цæуыл зарынц, уый. Уæд та ма нын æндæр, дард бæстæты тыххæй зарынц.

Зæронд лæг йæ мидбылты бахудтис, Зæлийæн йæ къухмæ къаннæг чиныг радта æмæ сдзырдта:

– Æмæ дæ цæмæн хъæуынц æндæр бæстæтæ, Зæли?! Акæс-ма дæ алыварс, куыд рæсугъд у Ирыстоны æрдз: цы сыгъдæг у нæ уæлдæф, цы бæрзонд æмæ хъæздыг сты нæ хæхтæ, куыд тагъд згъорынц, куыд хъæрæй зарынц нæ цæугæдæттæ, куыд рæсугъд æмæ зæрдæхæлар сты нæ адæм! Дæ къухы цы чиныг ис, уый та фыст у, зæххыл цыдæриддæр æвзæгтæ ис, уыдонæй иууыл аивдæрыл – ирон æвзагыл!

Хадзумары фæндыд, цæмæй Зæли сахуыр уа аккаг аргъ кæнын йæ мадæлон æвзаг æмæ йæ Райгуырæн бæстæйæн. Уымæ гæсгæ йын уыцы уарзондзинад йæ зæрдæйы гуырын кодта алы дамгъæимæ дæр. Зæли дæр-иу лæмбынæг хъуыста йæ куырыхон ахуыргæнæгмæ æмæ, кæд йæхи хъæуæй дарддæр никуы уыдис æмæ æндæр æвзæгтыл дзурæг адæмты никуы федта, уæддæр æм ныр йæ райгуырæн Ирыстонæй хуыздæр ницы каст.

Сæрды фыццаг æмбис куы аивгъуыдта, уæд Зæли гъæйттæй

каст Хадзумарæн алыхуызон уацхъуыдтæ газеттæй. Йæ уарзон къаннæг чиныгæй та йæ зæрдæмæ тынг цыдис «Задæлесчы Нанайы зарæг».

Афтæ сæххæст ис Зæлийы бæллиц. Сахуыр æй кодта зæронд Хадзумар кæсын – балæвар ын кодта хæзнаты хæзна æмæ йын раргом кодта, чиныг гыццыл чызгæй цы сусæгдзинæдтæ æмбæхста, уыдон иуыылдæр. Амондджыныл нымадта Зæли йæхи...

* * *

Рæстæг дугъон бæхау згъордта размæ æмæ йæ фæстæ уагъта ивгъуыды цаутæ. Зæли ахуыр кæнынмæ ацыд Дзæуджыхъæуы скъолатæй иумæ, стæй та афтыд Мæскуымæ. Бирæ ногдзинæдтæ базыдта ахуыры азты дæргъы, уæдæ цы, фæлæ йæ рохуаты никуы уыдис, быдур сын чи æрæвæрдта, уыцы Хадзумары ном. Йæ зæрдыл дардта йæ уарзон ахуыргæнæджы æнæмæлгæ лæвар.

Бирæ азты дæргъы куыд уыд, афтæ абон дæр Дагомы хъæуы иу къуыбырыл лæууы рагон æнгуз бæлас æмæ хъазы йæ ногдзыд сыфтæртæй, цыма сын цыдæр амоны, цæуылдæр сæ ахуыр кæны, уый хуызæн. Йæ цуры хъæдын къæлæтджыныл бады Зæли æмæ хъусы цъиуты рæсугъд зарджытæм. Бахъæр та кæнид ныр дæр зæронд Хадзумармæ, фæлæ йæ зоны, ацы хатт ын дзуапп кæй ничиуал ратдзæн…

*ДЖИОТЫ Раисæ,*
*Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты аспиранткæ*

# ПОЭТИКОН ÆМÆ ÆМБÆСТАГОН ÆХСАР

*Уац*

Джусойты Нафийы хъысмæт у хæсты фæлтæры хъысмæт йæхи бæрæг миниуджытимæ. Диссаджы сфæлдыстадон бынтæ ныууагъта уый ирон литературæйы алы къабазы дæр: поэзийы, прозæйы, драматургийы, критикæйы. Уæдæ йæ зонадон монографиты ахадындзинад дæр кæуылты у!

Фидæны стыр фыссæг æмæ ахуыргонды æмдзæвгæты фыццаг циклтæ мыхуыры фæзындысты 1946 – 1947 азты Хуссар Ирыстоны газет «Коммунист» æмæ журнал «Фидиуæг»-ы фæрстыл. Поэтикон аив нывæст хæстон нывтæ, зæрдæбын æнкъарæнтæ, салдаты сагъæстæ – адон уыдысты уæд йæ поэзийы сæйраг миниуджытæ.

Йæ фыццаг æмдзæвгæты æмбырдгонд «Салдаты зæрдæ» та рухс федта 1949 азы. Ам фæбæрæг сты Нафийæн йæ поэзийы характерон миниуджытæ: поэтикон зæрдæргомдзинад, лæгуарзон æмæ рæстуарзондзинад.

Дыккаг чиныг «Зæрдæйы ныхас» мыхуыры рацыд 1953 азы, æмæ ам та бæрæг дардтой Фыдыбæстæ, сабырдзинад, колхозон быдырты фæллойы темæтæ, зæрдæйы интимон сагъæстæ. Йæ зарæджы зæлтæ хицæн кодтой йæ дуджы поэтты уацмыстæй. Зæгъæм, дунейы фæллойгæнджыты зарæг «Интернационал»-ы кадæн нывæнды мæнæ ахæм рæнхъытæ: «Æз ацы зарæг авдæнмæ дæр хъуыстон, / Мæ мады ʽхсырыл сойы бæсты ʽфтыди. / Уый дзыллæтæ сæ сау тугæй ныффыстой / Нæ рæстæджы фæстаг тохы ыстыр цин».

Поэт XX æнусы 50-æм азты цы уацмыстæ ныффыста, уыдоны ʽхсæн ахсджиаг нысаниуæг ис «Ирыстоны сагъæстæ»-йæн. Ног цардыл дзургæйæ, йе ʽргом здахы удварны хæзнатæм: кæцæй равзæргæ стæм, царды нын зынаргъ цы хъуамæ уа, идеалæн цы равзарæм æмæ æнд. Фыццаджы-фыццаг та йæ йæ сагъæсты фæндаг æркодта Ирыстоны кад æмæ намыс Хетæгкаты Къостамæ. Зæгъын æй фæндыд, Ирыстоныл сагъæстæ махæн, номдзыд æмæ нæрæмон поэты байзæддæгтæн, хъуыдыйаг кæй сты, уый традицитыл, æхсарыл, зæрдæйы уарз-

тыл хæстæй хъуамæ кæй цæрæм. Къостайæн йæ уарзт куыд тыхджын уыд, афтæ тыхджын æмæ æнæбарон уыд йæ хæрамдзинад дæр адæмы æфхæрджытæм. Уыимæ иумæ «Ирыстоны сагъæстæ» авторæн сты йæхи сагъæстæ дæр, уымæн æмæ Ирыстон-Къоста у историон æгъдауæй арф мидисджын, вазыгджын, йæ бамбарын, йæ раиртасын, йæ базонын у бæрндзинад, – куыд æмбæстагон, афтæ поэтикон бæрндзинад дæр. Уый æмбары поэт æмæ йæ уды тыхст хæссы чиныгкæсæджы размæ: «Æз дæу зонын æмæ нæ зонын, / Гъе уый у мæ иунæджы маст». Поэмæйæн сæйраг æмæ характерон у Ирыстон-Къостайы удæй, зæрдæйæ базонын, бамбарын. Лирикон хъайтарæн Къостамæ, Ирыстонмæ, дунемæ, рæстæгмæ цы ахаст ис, уый у индивидуалон æмæ удæгас. Поэт йæ хъуыдыты куыд сæрибар у, афтæ сæрибарæй йæхи æвдисы уацмысы нывæсты дæр.

Нафийы сфæлдыстады Къостайы поэтикон æмæ æмбæстагон æхсар æмæ лæгдзинад сты иууыл бæллиццагдæр æмæ фæзминагдæр миниуджытæ. Комкоммæ кæд сæ кой нæ кæны, уæддæр æнцон рахатæн сты. Нафийæн ирон литературон æвзаджы бындурæвæрæг уыд йæ зонадон-иртасæн куысты сæйраг темæтæй иу, уый бамбарын, рафæлгъауын уыдис йæ царды мидис. Кæстæртæн амыдта, цæмæй, Къоста цы сарæзта æмæ ныууагъта, ууыл ма æрлæууой, фæлæ тырной размæ, литературæйы бæрзæндтæм: «Уый йæ зарæг, йæ фæндыры цагъдæй / Дард, ыстыр балцы арæн ныссагъта, – / Уый нæ фæндаджы райдиан у!»

1950 – 1960 азтæ Нафийæн систы йæ поэтикон курдиаты райтынджы азтæ. Йæ тырнæнты сæйраг суадон уыдис йæ райгуырæн хæхбæсты нывтæ æмæ æнкъарæнты мидæг. Уымæ гæсгæ æмдзæвгæты æмбырдгонд «Æз райгуырдтæн хохы»-йы уацмыстæн характерон уый у, æмæ, æхсызгонæй цæуылдæриддæр фыссы, алцæуыл дæр тайы æмæ райы, удæн сæ адджын кæны.

Поэты чингуытæй алкæцы дæр у бæрæг-бæлвырд темæтæ æмæ æнкъарæнтыл амад, æмæ сын уый дæтты композицион æлвæстдзинад, фæуд хуыз. Ацы хъуыддаджы уæлдай ирддæрæй зыны йæ поэтикон æмбырдгæндты хуыздæртæй иу – «Зын кары» (1962). Чиныджы идейон-аивадон амад бæрæг у йæ номæй дæр. Уый нысан кæны йæ адæймагон æмæ сфæлдыстадон кары бацæуæг поэты зæрдæбын сагъæстæ, адæм æмæ рæстæджы раз йе стыр бæрндзинад чи

хаты, æмæ афтæмæй йæ зын хæсимæ йе ‘хсар кæмæн нæ цуды, ахæм ныфсхаст поэты зарæг: «Лæппуйау мауал кæс рæвдыдмæ, / Дæхæдæг иннæты рæвдау; / Кæмæн нæй адзурæн йæ фыдмæ, / Ды уыдон бабуц кæн рæдау».

Сæрбахъуыды рæстæг искæй зындзинад фæрогдæр кæнын – уый дæр цæуы йæ бæрндзинад æмæ йæ зын кары домæнтæй: «Лæг дæ? Дæ зынты ахиз кардау, / Уром æхсон дурау дæ хъыг. / Мæгуыр у, чи нæ уыд йæ царды / Уæд та ма иу хæстваг мæсыг!» Йæ поэтикон фидауцæй дарддæр ма æмдзæвгæ æмæ æнæхъæн чиныг дæр æвдисынц дæргъвæтин историон фыдæвзарæнты сфæлтæрæг æмæ бахсидæг ирон лæджы фæлмас, талас зæрдæйы ахаст дæр.

Адæймагæн йæ цардвæндаг асины къæпхæнтыл радгай хизæгау у. Йæ сабийы бонты ныфс æмæ уарзонæн зоны йæ мад, йæ хион-хæстæджыты, уый фæстæ зынаргъ æмæ уарзонæн базоны уыдоны дæр ын раттæг адæмы. Уый у поэтæн, цæрддзу кæуыл кæны, ахæм хæзна. Йæ лирикон хъайтары номæй ныфсджынæй зæгъы, Ирыстоны сæраппонд цыфæнды зынтæн дæр кæй ныббыхсдзæн: «Æрмæст Ирыстон уæд æвыд. / Æз ын уæд йæ амондмæ кæсдзынæн, / Æмæ уыдзæн мæ уд рæвдыд». О, фæлæ поэт йæ цардвæндагыл цы хæрзиуджытæ базыдта, уыдонæн сæ сæйраг у Рæстдзинад. Æнæ уый нæдæр зæрдæйы фарн, нæдæр фæллой, адæмы цин æмæ уарзондзинадыл зæрдæ дарæн ис. Рæстдзинад у поэтæн æппæты сæр: «Мæ мæлæт уымæй куы уа, / Уæддæр уын зæгъдзынæн Рæстдзинад». Æрдзы цыдæриддæр удæгасæй ис, уыдонæн хур царддæттæг куыд у, афтæ поэты ныхасæн та тых дætты Рæстдзинад. Цы поэт æй йæхи зонд æмæ зæрдæйæ фæлгъауа, уый йæ адæмæн лæггадгæнæг кæй уыдзæн, уымæн æвдисæн – ацы рæнхъытæ: «Поэт уæвгæйæ, / Дæ фыссæнмæ куы ‘рцæуай, / Уæд та цæмæй тæрсыс? / Уæд хъуамæ уай / Хъæбатыр æмæ растдзур». Ома, Рæстдзинад цы царды, цы поэзийы домы сæрнывонд, æхсар æмæ лæгдзинад, уый у Нафийы иууыл стырдæр æмæ зæрдæдзургæ хъуыды.

*МАЙРÆМЫХЪУАТЫ Фатимæ,*
*педагогон наукæты кандидат,*
*Ирон æвзаджы рæзты центры*
*ахуырадон-методикон куысты хайады сæргълæууæг*

# АКТИВОН ÆМÆ ИНТЕРАКТИВОН МЕТОДТÆ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТЫ

*Уац*

Царды ивддзинæдтæ фæзындысты скъолайы ахуыртыл, домынц ахуырады æмæ хъомылады фарстатæм ног цæстæй кæсын. Ахуыртæ арæзт цæуынц Федералон Паддзахадон ахуырадон стандарты домæнтæм гæсгæ, сæйрагдæрыл нымад цæуы скъоладзауты ахуырмæ разæнгард кæнынил куыст (ахуыры мотиваци). Ахуырадон стандарт бæрæг ивддзинæдтæ нæ хæссын кæны программæтæм, фæлæ уый-хыгъд ивы ахуыргæнæджы хæс: уый хъуамæ канд зондамонæг ма уа, фæлæ йе стырдæр нысан суа удгоймаджы рæзтыл куыст. Æргом здахын хъæуы канд зонындзинæдтæ раттынмæ нæ, фæлæ фылдæр базонынмæ сразæнгард кæнынмæ. Уымæ сывæллон зонындзинæдтæ цæттæйæ хъуамæ ма иса, фæлæ, урочы архайгæйæ, хъуыды кæнгæйæ, сахуыр уа хибарæй хатдзæгтæ кæнын.

Стандарты домæнтæ баххæст кæнынæн ахуырты æнæмæнг пайда кæнын хъæуы ног методтæ æмæ мадзæлттæй, скъоладзауы архайд урочы рæвдздæр чи кæны, ахæм практикон куысты хуызтæй. Ацы хъуыддаг къухы бафтынæн ахадгæдæрыл нымад сты ахуыры активон æмæ интерактивон формæтæ æмæ методтæ.

***Активон методы*** фæрцы *(1-аг ныв)* ахуыргæнæг æмæ скъоладзау-




*(1-аг ныв)*

тæ урочы кусынц иумæ, сывæллæттæ пассивон архайджытæ не сты, фæлæ æмгуыст кæнынц ахуыргæнæгимæ, скъоладзаутæн æмæ ахуыргæнæгæн ис æмхуызон бартæ, æмхуызон фадæттæ (демократон стиль).

***Интерактивон метод*** *(2-аг ныв)* («Inter» – иумæ, «act» – архайын) нысан кæны æмархайд, искæимæ æмдзырдæй (беседæйы фæрцы), æмзондæй кусын. Кæд активон методы фæрцы ахуыргæнæг æмæ сывæллæттæ урочы иумæ кусынц, уæд интерактивон метод та æххуыс у сывæллæтты æмгуыстад фæтыхджындæр кæнынæн. Цыбыр дзырдæй, интерактивон метод хорз фадæттæ аразы канд ахуыргæнæг æмæ скъоладзауы æмгуыстæн нæ, фæлæ ма ахуырдзауты æмархайд фæпарахатдæр кæнынæн. Ацы методы фæрцы скъоладзаутæ урочы сты активондæр, архайынц уæгъдибардæрæй, хорз фадæттæ сын фæзыны сæ мидхъуыдытæ раргом кæнынæн, кæрæдзимæ байхъусынæн.




*(2-аг ныв)*

*Интерактивон ахуыры хæстæ сты:*

- ахуырмæ цымыдисдзинад гуырын кæнын;
- æрмæг хуыздæр бацамонынæн фадæттæ аразын;
- урочы хибарæй архайын кæнын;
- скъоладзауты фæцалх кæнын иумæ кусыныл, кæрæдзимæ хъусыныл, кæрæдзийы хъуыдытæн (раныхæстæн) аргъ кæныныл;
- ахуырдзаутæм алы хъуыддагмæ дæр хи цæстæнгас, хи ахаст æвзæрын кæныныл бацархайын;
- удгоймаджы раст хъомыладыл кусын.

Активон æмæ интерактивон методтæ нымад сты, скъоладзауты хъуыдыкæнынад рæвдздæр чи кæны, практикон архæйдтытæ æнтыс-

тджындæрæй баххæст кæнынæн фадæттæ чи аразы, ахæмтыл. Сæ фæрцы ахуырдзаутæ хибарæй сбæрæг кæнынц куысты нысан æмæ архæйдтыты фæтк; алыхуызон хъæзтыты, фæлтæрæнты, дискусситы фæрцы скъоладзаутæ бацархайынц урочы нысан баххæст кæныныл; хатдзæджы хуызы (рефлексийы) бахынцынц сæ куысты фæстиуджытæ; цы фиппаинæгтæ æмæ хатдзæгтæм æрцыдысты, уыдонæй практикон æгъдауæй спайда кæнынц.

Интерактивон метод ахуырдзауты урочы кусын кæны æмхуызонæй, уымæн æмæ сын ис иумæйаг нысан. Ахæм уавæрты сывæллæттæн сæ бартæ сты æмхуызон; æмдыхæй, ахуыргæнæгимæ иумæ архайынц, сæ размæ цы цæлхдуртæ ис, уыдон аиуварс кæныныл. Сæ иумæйаг куысты фæрцы хуыздæр бамбарынц кæрæдзийы. Ахуыргæнæг сын разамынд дætты, æххуыс сын кæны, нысан къухы бафтынæн цы архæйдтытæ хъæуы, уыдон сбæрæг кæнынæн.

Интерактивон ахуырад арæзт цæуы диалоджы бындурыл. Диалоджы архайгæйæ, скъоладзаутæ байхъусынц сæ кæрæдзийы хъуыдытæм, фæцалх вæййынц ныхмæвæрд хъуыдыты хицæндзинæдтæ иртасыныл, раныхæстæ кæрæдзиуыл абарыныл, раст хъуыдытæ фæхицæн кæныныл. Диалог сæвзæрынæн æххуыс сты къæйттæй куыст, къордты куыст, цæсгæмттæм гæсгæ хъазт, иртасæн проекттæ, сфæлдыстадон куыстытæ.

Интерактивон хуызы арæзт урочы архайынц æппæт скъоладзаутæ дæр, иумæйаг хæс сæххæст кæнынмæ сæ алчи дæр бахæссы йе 'ххуысы хай, алчи дæр сæ æнкъары бæрнондзинад. Лæмæгъ скъоладзаутæ фæныфсджындæр вæййынц, тыхджындæртæ та, сæ зонындзинæдтæ иннæтæн пайда кæй сты, уымæй æхсызгондзинад банкъарынц.

Æвзаджы урокты ахадгæдæрыл нымад сты ахæм активон æмæ интерактивон методтæ:

*1. Скъоладзауты æнкъарæнтæ чи фæцагайын кæна, ахæм æнахуыр райдайæн* (эпиграф, кинонывæй скъуыддзаг, ребус, базон-базон, æмбисонд, æнахуыр ног цау фехъусын кæнын, музыкалон уацмысы чысыл скъуыддзагмæ байхъусын, æнахуыр персонажы фæзынд урочы райдайæны æмæ æнд.).

Ахæм райдайæны нысан у ахуырдзауты дисы бафтауын, урочы архайынмæ сæ сразæнгард кæнын. Дæнцæгæн æрхæсдзыстæм цалдæр мадзалы.

*Ахуыргæнæг:* Базонут-ма, цæуыл дзурдзыстæм урочы!

(Фæйнæгыл – эпиграф, сывæллæттæ йæ кæсынц):

*«Куыд хорз, куыд кадджын дæ мæ цæсты,*

*Нæ ирон, мадæлон æвзаг!» (Чеджемты Г.)*

– Цæмæн зæгъы поэт афтæ?

(Сывæллæттæ дзурынц сæ хъуыдытæ).

– Урочы кæрон ма раздæхдзыстæм нæ эпиграфмæ.

Æмбисонд: «Æнгом цуанонтæ саг марынц, æнгом бинонтæ цард арынц».

*Ахуыргæнæг:* Куыд æмбарут ацы æмбисонд?

– Мах дæр урочы кусдзыстæм æнгом бинонтау, цæмæй нын фылдæр бантыса.

Урочы райдайæн. Фæйнæгыл – Ирыстоны къæдзæхты ныв. Ахуыргæнæг сæм амоны æмæ дзуры: «Абон урочы бацархайæм хæхты цъуппытæм «схизын», хъуамæ сыл баныхасæм не стъалытæ (æвдисы урс гæххæттæй лыггонд стъалытæ). Æрмæст стъалы баныхасыны бар ратдзыстæм, растдæр дзуæппытæ чи дæтта æмæ урочы хуыздæр чи архайа, уыдонæн». *(Стъалытæ баивæн ис цæргæсты нывтæй).*

Скъоладзауты цымыдисдзинад райрæзынæн, ахуырмæ сæ сразæнгард кæнынæн урочы райдайæны спайдагæнæн ис ахæм мадзæлттæй: *«Кæрæдзимæ бахудæм», «Кæрæдзийæн салам раттæм», «Кæрæдзийæн арфæйы ныхæстæ зæгъæм».* Скъоладзаутæ фæдзурынц се 'мкъласонты нæмттæ, зæрдиагæй бацин кæнынц кæрæдзийыл. Ахæм райдайæн фæрогдæр кæны ног æрмæгмæ рахызт, иумæйагæй урочы куыст.

*Ахуыргæнæг:* Кæрæдзийæн арфæтæ ракæнæм. Цы арфæйы ныхæстæ уын байуæрстон, уыдонмæ ма уæ фарсмæ бадæджы ном бафтаут æмæ афтæмæй кæрæдзийæн арфæйы ныхæстæ зæгъут: «Зæлинæ, хорз бонтæ дыл кæнæд!», «Казик, æнæниз у!», «Сабинæ, абон фондз райс!».

*Ахуыргæнæг:* Уæ арфæтæм гæсгæ мæ зæрдыл æрлæууыдысты Абайты Васойы ныхæстæ. Сæдæ азæй фылдæр фæцард, æмæ-иу æй исчи куы афарста, куыд дын бантыст афтæ бирæ фæцæрын, уæд-иу дзуапп радта: «Гыццылæй хистæрты коммæ кастæн. Искæмæн-иу исты хорзы куы бацыдтæн, уæд-иу мын, «бирæ фæцæр», зæгъгæ, загъта. Æвæццæгæн мыл сæ арфæтæ æрцыдысты». Сымахыл дæр уæ кæрæдзийы арфæтæ æрцæуæнт.

*2. Ахуырдзауты размæ цæлхдуртæ æвæрын (проблемон уавæртæ аразын), сæ аиуварс кæнынил сæ æфтауын.* Проблемон уавæр саразынæн феххуыс вæййынц алыхуызон мадзæлттæ: æнæнхъæлæджы фарст, быцæйуаг уавæр, дызæрдыггаг хъуыды фехъусын кæнын, раст хъуыды сбæрæг кæнынил æфтауын æмæ æнд.

Цы у проблемон уавæр? Кæд сæвзæры проблемон уавæр? Адæймаджы раз исты цæлхдур куы фæзыны, æмæ, дарддæр куыд архайын хъæуы, уымæн уайтагъд йæ бон дзуапп раттын куынæ вæййы, уæд. Проблемон уавæр у, адæймагæй интеллектуалон архайд (ома ахъуыды кæнын) чи домы, ахæм къуылымпыдзинад. Цæлхдур аиуварс кæнынæн фаг нæ вæййынц, цы зонындзинæдтæ йæм ис, уыдон. Дарддæр архайынæн бахъæуынц ног зонындзинæдтæ, ног архæйдтытæ.

Ахуыртæн проблемон хуыз уæд уыдзæн, æмæ ахуыргæнæджы æххуысæй урочы арæзт куы цæуа, скъоладзауы хибарæй хъуыды кæнынил чи ‘фтауы, ахæм проблемон уавæр (М.И. Махмутов).

Проблемон уавæртæ иуварс кæнгæйæ, рæзы скъоладзауы хъуыдыкæнынад, хъæздыгдæр кæны йæ миддуне, райрæзынц йе сфæлдыстадон гæнæнтæ. Проблемон уавæр фæцагайы хъуыды, скъоладзауы разæнгард кæны ахуыры фæндагыл дарддæр цæуынмæ.

Поблемон уавæр хибарæй иуварс кæнгæйæ, скъоладзаутæ свæййынц урочы активон архайджытæ, куыдфæстæмæ фæцалх вæййынц сæ зонындзинæдтæй практикон æгъдауæй пайда кæнынил, ахуыры уавæртæ рахизынц цардæгас уавæртæм.

*Проблемон уавæртæ аразыны мадзæлттæ ирон æвзаджы урокты.*

1) Къостайы æмдзæвгæтæй кæцытæй ист сты ацы рæнхъытæ? Хъуыдыйæдты ссарын вазыгджын дзырдтæ.

(Скъоладзаутæ кусынц дыгæйттæй)

а) Зондамонæгмæ хъус,
Цы зæгъа, уый-иу кæн.
Зæрдæхъæлдзæгæй кус
Æмæ бæззай лæгæн!.. («Лæгау»)

æ) Рагон мастæн – тад;
Загъдкъахæгæн – над. («Кæмæн цы...»)

б) О уасæг, уасæг,
Сызгъæрин къоппа!
О уасæг, уасæг,

Сырхзæлдаг боцъо! («Уасæг»)

в) Зæрватыкк – æнæхъыг,
Æнæмаст цæрæг!
Дæ зарæг– нæ дарæг,
Нæ уалдзæггæнæг! («Зæрватыкк»)

г) Алчи зыдгæнæджы
Бирæгъ фæхоны.
Бирæгъ зыд кæй кæны, —
Чидæрид зоны… («Бирæгъ æмæ хърихъупп»)

2) Ссарын вазыгджын дзырдтæ.

а) Къамисæг, зонд, саунæмыг, сырх, хæдзар, къухмæрзæн.
æ) Хæдтæхæг, ахуыргæнæг, хох, æгъдау, хæдзаргæнæг.
б) Цард, Дзæуджыхъæу, куыстуарзаг, æмбал, фыссæг.
в) Хъæдхой, зарæг, хæдзаргæнæг, уæнг, хæларзæрдæ.
г) Бæрæгбон, зарæггæнæг, дзырд, цæсгом.

Къорды куыст.

1-аг хæс: Æмбисæндты хъуыды бацамонын. Ссарын дзы миногонтæ; зæгъын, цы нысан кæнынц.

(Æмбисонд кæронмæ ахæццæ кæнын)

а) Уалдзæг – рæсугъд, фæззæг – хъæздыг.
æ) Цъиутæ зарын куы райдайынц, уалдзæг уæд ралæууы.
б) Быдираг мæргътæн хæхбæсты зын цæрæн у.

а) Булæмæргъ кадджын маргъ у – авд æвзагæй зары.
æ) Уалдзæг чи бакусы, уый фæззæг тыллæг дæр сисы.
б) Тагъд ныхасæй уæзбын хуыздæр у.

2-аг хæс: Текст миногонтæй баххæст кæнын. Иу хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст ракæнын.

а) Æз хъæды федтон …малусæг. Тынг … дидинæг у. Мæ… мадæн дзы скодтон ... баст. Уый мын … хъæбыс акодта æмæ дидинджытæ… дурыны сæвæрдта.

æ) Уарзын …дыргъдоны бæлæсты дидинджытæм кæсын. Уыдонæн сæ … дардмæ фæцæуы. Адæймаджы рæуджыты ахъары … æнкъарæнтæ æмæ … зæрдæйæ бавналын мæ … куыстытæм.

3-аг хæс: Цы текстткæ сарæзтой, уыдон уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кæнын.

Ахуыргæнæг сын сæ куыст сбæрæг кæны, миногоны тыххæй цыбыр хатдзæг скæнынц, уый фæстæ баххæст кæнынц тестытæ миногонтимæ.

4-æм хæс. Кæрæдзийы базон-базонтæм дзуæппытæ ссарын.

Ахуырадон стантарт домы урочы хи архайдæн аргъ кæнын, ома рефлексийæ пайда кæнын. Нырыккон педагогикæйы рефлекси амынд цæуы куыд архайды æмæ йæ фæстиуджыты хатдзæг *(самоанализ).*

Методисттæ æмæ фæлтæрдджын ахуыргæнджыты хъуыдымæ гæсгæ, рефлекси канд урочы кæрон хъуамæ ма уа, фæлæ йæ алы этапы дæр. Йæ сæйрагдæр нысан у, урокæй канд бафидаргонд фæстиуджытимæ нæ ацæуын, фæлæ ма искæй æмæ хи æнтыстытæ кæрæдзиуыл абарын дæр.

Рефлекси фадат дætты ахуырадон æрмæджы куысты хуызтæ æмæ мадзæлттыл ахъуыды кæнынæн, эффективондæртæ агурынæн. Рефлексийы ацы хуызæй пайдагонд цæуы хæдзармæ куыст бæрæг кæнгæйæ, проектон куыстытæ хъахъхъæнгæйæ. Урочы кæрон дзы пайда кæнын ахъаз у алы скъоладзауы активон архайдæн дæр аргъ скæнынæн.

Дæнцæгтæ.

1) «Æнтыстдзинæдты асин». Скъоладзаутæ урочы куыд куыстой, уымæн аргъ кæнынц сæхæдæг, асинтыл кæцы къæпхæнмæ схызтысты, уымæй.

2) «Фæткъуыы бæлас». Урочы æрмæг куыд бамбæрстой скъоладзаутæ, уымæ гæсгæ ныв – фæткъуыы бæласыл – ауындзынц цъæх кæнæ сырх фæткъуытæ.

3) «Æрхæцæн нысæнттæ». Темæ æмбæрстгонд куыд æрцыд, уый равдисынæн скъоладзаутæ æвдисынц карточкæтæ æрхæцæн нысæнттимæ: ?, !, … æмæ а. д.

3. *Ахуыры æрмæджытæ скъоладзаутæм алы хуызты хæццæ кæнын:* информацион технологитæй пайда кæнгæйæ, электронон ахуырадон фæрæзтæй æмæ интерактивон фæйнæгæй пайда кæнгæйæ æмæ æнд.

4. *Логикон хъуыдыкæнынадыл кусын* (логикон схемæтæй – индукци æмæ дедукцийæ – пайда кæнын), скъоладзаутимæ дзырдбыдтæ аразын.

Логикон хъуыдыкæнынады рæзтæн æххуыс сты ребустæ дæр. Сæ руаджы ахуыргæнæгæн æнтысы ног технологитæй пайда кæнын.

5. *Интерактивон ахуырады формæтæй пайда кæнын:* проектон метод, быцæу кæнын, персонажæй интервью исын æмæ æнд.

6. *Урок цымыдисаг чи кæны, ахæм чысыл элемент, «урочы апп»* (интеллектуалон цæлхдур, худæг цау, шарж, эпиграммæ).

7. *Скъоладзаутæм индивидуалон цæстæй кæсын*, алы сывæллоны (удгоймаджы) рæзтыл дæр архайын (личностно-ориентированный подход); ахуырдзауы миддунейыл комкоммæ чи фæзындзæн, ахæм мадзæлттæй (куысты хуызтæй) пайда кæнын. Хицæнтæй æмæ къордты куыст, хибарæй куыст.

8. *Ног урокты хуызтæ цæттæ кæнын:* урок-лекци, урок-экскурси, урок-фæсаууонмæ балц, урок-аргъау, урок-конференци, урок-иртасæн, проектон куыст, урок-æрмадз æмæ æнд.

9. *Алыхуызон хъæзтытæй пайда кæнын* (цæсгæмттæм гæсгæ хъазт, дидактикон хъазт).

Урокты ахуыры процесс кæстæр кары сывæллæтты тагъд фæллайын кæны. Уымæ гæсгæ сын æппæт ахуыртæ дæр аразын хъæуы, цас гæнæн ис, уыйбæрц хъæзтыты бындурыл.

Хъазты фæрцы скъоладзаутæ разæнгарддæр кæнынц ахуырмæ, тырнынц дзурынмæ, сæ хъуыдытæ æргом кæнынмæ. Хъæзтыты фæрцы сывæллæттæ уæндондæрæй архайынц урочы, æнцондæрæй æргом кæнынц сæ хъуыдытæ, хуыздæр бахъуыды кæнынц рацыд æрмæг. Раст арæзт хъазты фæрцы хъæздыгдæр кæны сывæллоны дзырдуат, рæзы йæ логикон хъуыдыкæнынад.

Хъазтæй спайдагæнæн ис урокæн хатдзæгтæ кæнгæйæ дæр. Зæгъæм, ахæм хуызы: ахуырдзаутæ кæрæдзимæ дæттынц хъæбæр гæххæттæй конд дидинæг, тонынц ын йæ сыфтæ, алы сыфыл дæр – темæимæ баст фарст. Скъоладзау фарст бакæсы, дзуапп ын ратты æмæ дидинæг йе ’мбалмæ адæтты. Ахæм куысты фæрцы ахуыргæнæг сбæрæг кæны сывæллæтты зонындзинæдтæ темæйæ.

Хъазты фæрцы скъоладзау фæцалх вæййы коллективон куыстытæ æххæст кæнынмæ, иумæйаг куысты архайынмæ. Йæ размæ цы хæс æвæрд ис, уый феххæст кæны ерысы бацæугæйæ, æмæ йæм уый гуырын кæны стыр цымыдисдзинад.

Хъазт сывæллоны ахуыр кæны цавæрдæр (бæлвырд) æгъдæуттæм гæсгæ цæрынмæ, хи раст дарынмæ.

Хъазты раргом вæййынц сывæллоны эмоцитæ, йе ’нкъарæнтæ,

хæстæгдæр ын базонæн вæййы йæ мидхъуыдытæ, йæ мидуавæр, йæ характер.

Хъазты архайгæйæ, сывæллоны ферох вæййы урочы уæлдай митæ кæнын, йæ хъуыдытæ баст вæййынц иу хъуыддагимæ, фæтырны йæ размæ æвæрд хæс баххæст кæнынмæ.

Урочы арæзт хъазт сывæллонмæ гуырын кæны йæ алыварс дуне хуыздæр базонынмæ цыбæлдзинад, царды активон уæвынмæ тырнындзинад.

Урочы арæзт хъазт хъуамæ æнгом баст уа грамматикон æрмæгимæ, арæзт уа æрмæг хуыздæр бацамонынмæ. Хъазт цæттæ кæнгæйæ, хынцын хъæуы скъоладзауты кар, сæ дунембарынад. Бæрцæй фаг хъуамæ уой, урочы цы хъæзтытæй пайдагонд цæуы, уыдон.

Урочы темæмæ гæсгæ рахицæнгæнæн ис ахæм хъæзтытæ:

- цæсгæмттæм гæсгæ хъазт;

- хъазтæй урочы кæцыдæр хайы (райдайæны, астæуæй, кæронæй; ног æрмæг амонгæйæ, рацыд æрмæг фидар кæнгæйæ æмæ а.д. ) пайда кæнын;

- æнæхъæн урок хъазты хуызы кæнын (урок-хъазт, урок-ерыс, урок-конкурс, урок-балц, урок-КВН);

- хуымæтæг урочы хъазты методæй спайда кæнын (орфограммæ ссарын; дзырды фонетикон, морфемикон, морфологион æвзæрст);

- хъазты хуызы фæсурокты куысты хуыз баххæст кæнын (КВН ирон æвзагæй, олимпиадæ, «Зондабиты ерыс», балц æмæ æнд.).

Ацы кары сывæллæттæ бирæ уарзынц сæхæдæг хъæзтытæ мысын. Уыцы хъуыддагæй хъæуы спайда кæнын. Ахуыргæнæг хъæзтытæй цас фылдæр пайда кæна ахуыр фæрогдæры тыххæй, цас сæ аивдæр бабæтта ахуырадон æрмæгимæ, уыйбæрц сывæллæтты хъуыдыкæнынад æнцондæрæй здæхдзæн иу уавæрæй иннæмæ.

Ног æрмæгмæ рахизынæн хорз æххуыс сты ахæм хъæзтытæ:

*Хъазт «Дæхи бахъахъхъæн».* Къордтæ рагацау кæрæдзийæн бацæттæ кæнынц фæрстытæ, сæ проектон куыстытæ цы темæтæй цæттæгонд сты, уыдонмæ гæсгæ. Фыццаг къорд дыккагмæ дætты фарст, дыккаг та – фыццагмæ; алы къорд дæр хъахъхъæны йæ проектон куыст.

Темæ балхынцъ кæнынæн хорз æххуыс у *синквейн*. Арæзт вæййы фондз рæнхъæй:

1-аг рæнхъ – синквейны темæ – номдар;

2-аг рæнхъ – номдары (темæйы) æууæлтæ æвдисæг дыууæ миногоны;

3-аг рæнхъ – номдары (темæйы) архайд æвдисæг æртæ мивдисæджы;

4-æм рæнхъ – темæимæ баст хъуыдыйад;

5-æм рæнхъ – темæ æргомгæнæг дзырд-синоним, кæнæ, дзырд фехъусгæйæ, цæстытыл цы ауайы (ассоциаци), уый.

Дæнцæджы хуызы æрхæсдзыстæм цалдæр синквейны.

1) грамматикон терминимæ арæзт синквейн:

Мыр
Хъæлæсон, æмхъæлæсон
Хъуысы, зæлы, нысан кæны
Мыртæ кæнæм дзургæ æмæ хъусгæ.
Зæл

2) ныхасы темæимæ баст синквейн:

Бæх
Рæсугъд, зондджын
Кусы, уарзы, æхxуыс кæны
Бæх у зондджын цæрæгой.
Цæрæгой

Синквейнæй уæлдай ма æрмæг бафидар кæнынæн урочы кæрон фæпайда кæнынц *диамантæйæ* дæр.

*Диамантæ* у авд рæнхъæй арæзт æмдзæвгæ, йæ фыццаг æмæ фæстаг дзырдтæн вæййы ныхмæвæрд нысаниуджытæ. Хорз æхxуыс у ныхмæвæрд æмбарынæдтæ бацамонынæн.

1, 7 рæнхъытæ – ныхмæвæрд номдартæ;
2 – дыууæ миногоны фыццаг номдармæ;
3 – æртæ мивдисæджы фыццаг номдармæ;
4 – фæйнæ дзырдбасты дыууæ номдаримæ;
5 – æртæ мивдисæджы дыккаг номдармæ;
6 – дыууæ миногоны дыккаг номдармæ.

Зæгъæм:

Горæт
Стыр, рæсугъд
Рæзы, аивæй-ивдæр кæны, дидинæг калы
Рагон горæт, хохаг хъæу
Хъæздыг кæны, кусы, æхxуыс кæны

Рæсугъд, адджын
Хъæу

Ахуырдзауты сфæлдыстадон хъуыдыкæнынады рæзтæн æххуыс у, *«Мозговой штурм»* кæй хонынц, уыцы мадзал. Ахадгæдæр у 5-7 скъоладзауæй арæзт къорды æххæст кæнгæйæ.

Фыццаг этап: фарстмæ байхъусыны фæстæ скъоладзаутæ дзурынц сæ хъуыдытæ, цас фылдæр – уыйбæрц хуыздæр. Дзуæппытæ нæ хъæуы раст кæнын, афтæмæй сæ фыссынц фæйнæгыл. Ацы куыстæн лæвæрд цæуы 10-15 минуты онг.

Дыккаг этап: къорды уæнгтæ æвзарынц æппæт хъуыдытæ дæр. Алы хъуыдыйыл дæр бæстон дзурынц, пайдайаг дзы цы ис, уый дзы райсынц.

Æртыккаг этап: раст хатдзæг скæнын. Хатдзæг кæныныл нæ хъæуы тагъд кæнын, скæнæн æй ис дыккаг урочы дæр.

*«Зонындзинæдты къуыбылой».* Скъоладзаутæн сæ бон у къласы кæрæдзимæ цæуын, темæйæ информаци æмбырд кæнын; цы нæ зонынц, уый фæдыл кæрæдзийы фæрсын, кæрæдзийы зонындзинæдты къуыбылой стырæй-стырдæр кæнын.

*«Зонындзинæдты бæлас».* Кълас адих кæнын 3-4 къордыл. Алы къорд дæр кусы йæ хæслæвæрдыл, йæ дзуæппытæ фыссы бæласы хуызы лыггонд хъæбæр гæххæттыл (ватмæныл). Уый фæстæ къордтæ ивынц сæ бынæттæ, сæ кæрæдзийы куыстытæ æххæст кæнынц (кæнæ та сæ раст кæнынц), æфтауынц сæм сæхи хъуыдытæ.

*«Микрофон».* Къласы къухæй-къухмæ цæуы микрофоны хуызы исты предмет. Цы скъоладзаумæ æрбахæццæ вæййы, уый, ныхас цæуыл цæуы, уый фæдыл фæзæгъы йæ хъуыды æмæ микрофон дарддæр адæтты.

*«Иумæйаг проект».* Къордтæ кусынц иу темæйыл, æрмæст æххæст кæнынц алыхуызон хæстæ. Проект баххæст кæныны фæстæ алы къорд дæр дзуры йæ куысты тыххæй, уый фæстæ раргом вæййы иумæйаг темæ. Зæгъæм, иумæйаг темæ «Фæззæг», къордты темæтæ: «Фæззыгон хъæд», «Фæззæг хæхбæсты», «Фæззыгон куыстытæ».

Урочы кæрон кæнæ та урочы ног æрмæг бацамоныны фæстæ, спайдагæнæн ис *мыдадзын цырагъæй.* Скъоладзаутæ йæ кæрæдзимæ дæттынц æмæ дзурынц сæ хъуыдытæ урочы темæйыл. Мыдадзын цырагъ йæ къухмæ чи райсы, уый æнæмæнг хъуамæ зæгъа йæ хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ. Уæлдай ахадгæ у ацы куысты хуыз урочы ныхасы темæйыл æрдзурынæн. Сывæллæттæн цымыдисаг

уыдзысты темæтæ: «Цы у рæсугъддзинад?», «Растзæрдæ адæймаг цавæр хъуамæ уа?», «Кæй схонæн ис æцæг æмбал?» «Цæмæн хъæуы хистæрты коммæ кæсын?», «Райгуырæн бæстæ адджын цæмæн хонынц?» æмæ а.д.

*«Ассоциациты таблицæ».* Пайдагæнæн дзы ис куыд урочы райдайæны (мотивацион уавæрæн), афтæ урочы кæрон æрмæг балхынцъ кæнынæн дæр. Ахуыргæнæг нымайы терминтæ (дзырдтæ), скъоладзаутæ дзурынц, дзырд фехъусгæйæ сæ цæстытыл цы ауади, уый.

| Дзырдтæ | Ассоциацитæ |
|---|---|
| чиныг | |
| музыкæ | |
| миногон | |
| фыдыбæстæ | |
| хъæу | |
| дидинæг | |

*«Эссе».* Хибарæй æххæстгонд фысгæ куыст быцæйуаг темæйыл. Темæйæн равзарæн ис зындгонд адæймаджы хъуыды, æмбисонд, загъдау. Эссе æргом кæны, чи йæ фыссы, уый мидхъуыдытæ, йæ цæстæнгас царды фæзындтæм (кæнæ иу фæзындмæ); хоны ахъуыды кæнынмæ.

Эссе ныффыссыны размæ скъоладзаутæн бацамонын хъæуы, цы домæнтæ йæм ис, æмæ йын куыд аргъгонд цæудзæн, уый.

Эссейы сæйрагдæр æууæлтæ сты:

– йæ асмæ гæсгæ – чысыл, бæлвырд темæйыл фыст;

– æргом кæны авторы ахаст, йæ хъуыдытæ, ныхас цæуыл цæуы, уымæ;

– йæ композицион арæзт – уæгъдибар (сæрибар);

– пайдагонд дзы æрцæуы афоризмтæй, базырджын ныхæстæй;

– хæстæг у хуымæтæг ныхасмæ.

Æвзаг æмæ литературæйы урокты эссе феххуыс вæййы скъоладзауты цæттæдзинад сбæрæг кæнынæн, урочы цы базыдтой, зын сæм цы фæкаст, цымыдисаг сын цы уыд, уый базонынæн. Урочы кæрон раттæн ис хæстæ: ныффыссын, урочы ногæй цы базыдтай, уый тыххæй, кæнæ та цы нæ бамбæрстай, кæнæ ма дæ базонын цы фæндид, уый тыххæй.

*«RAFT технологи».* Хорз æххуыс у скъоладзауты сфæлдыстадон хъуыдыкæнынады рæзтæн. Ацы технологимæ гæсгæ скъоладзау хъуамæ равзара, йæ хъусынгæнинаг цы жанрты фысдзæн, уый. Бæлвырддæр та ахуырдзаутæ равзарынц:

R – Роль: текст кæй номæй фыст цæуы, уый,

A – Аудитори: кæмæ арæзт у текст,

F – Формæ: тексты кæнæ раныхасы жанр,

T – Темæ: цы фарстайыл цæудзæн ныхас, уый темæ.

Куыст саразæн ис алыхуызы. Зæгъæм:

| Роль | Аудитори | Формæ |
|---|---|---|
| ахуыргонд | наукон конференци | наукон хъусынгæнинаг |
| хистæр | кæстæр | аргъау |
| æфсымæр | хо | зондамонæн |
| ныййарæг | сывæллон | зæрдæбын ныхас |
| дохтыр | рынчын | низæй хи куыд хъахъхъæнын хъæуы |
| дада | цоты цот | йæ царды хабæрттæ |
| нана | гыццыл чызг | хи куыд дарын хъæуы |
| хистæр кары ахуырдзау | кæстæр кары ахуырдзау | скъолайы уагæвæрд |
| фысым | уазæг | йæ райгуырæн бæстæйы тыххæй |

*«Худ – хъуыды æргомгæнæг».* Пайдагонд дзы цæуы рацыд æрмæг бафидар кæнынæн, рефлексийы рæстæг.

Скъоладзауты адих кæнын къордтыл, алы къордæн дæр – йæхи ныcан, къордтæм – хицæнхуыз худтæ (скæнæн сæ ис хъæбæр гæххæттæй).

Кæмæ цы худ ис, уымæ гæсгæ къорды уæнгтæ дзурынц:

- «Сырх худ» – урочы архайгæйæ сæм темæйы фæдыл цы æнкъарæнтæ сæвзæрд, уыдон раргом кæнын;

- «Сау худ» – темæ æвзаргæйæ, цы зындзинæдтæ (цæлхдууртæ) сæвзæрд, уыдоныл æрдзурын;

- «Бур худ» – урочы хорзæй, зæрдæмæдзæугæйæ, æвæрццæгæй цы уыд, ууыл æрдзурын;

«Урс худ» – урочы ногæй цы базыдтой, цы фехъуыстой, уыдон ранымайын;

- «Кæрдæгхуыз худ» – оригиналон, цымыдис хуызы раргом кæнын урочы фæстиуджытæ;

- «Цъæх худ» – урочы æрмæджы тыххæй иумæйаг философон хъуыдытæ, хатдзæгтæ скæнын (цы пайда æрхаста абоны æрмæг, цавæр хъуыдытыл бафтыдта, цæмæ сиды æмæ а.д.).

Урочы стыр ахадындзинад ис *фæлладуадзæн рæстæгæн (релаксацийæн).* Хатгай урочы дыууæ минуты дæр фаг вæййы сывæллæтты базмæлын кæнынæн, се 'ргом сын урокмæ раздахынæн.

Интерактивон методыл нымад у *«Кластер».* Пайдагæнæн дзы ис урочы алы хайы дæр. Æххуыс у скъоладзауты логикон æмæ сфæлдыстадон хъуыдыкæнынады райрæзтæн. Йæ фæрцы графикон хуызы равдисæн ис æрмæджы (темæйы) мидис, йæ аразæг хæйттæ. Скæнæн æй ис хуры хуызæн (хур æмæ йæ тынтæ), кæсаджы хуызæн (кæсаджы сæр, йæ астæуыстæг æмæ лыстæгдæр стджытæ), бæласы хуызы (бæласы зæнг, йæ къалиутæ, йæ дыргътæ), дидинæджы хуызы æмæ а.д. «Кластер»-æй арæхдæр спайда кæнынц къорды кусгæйæ. Алы къорд дæр лæвæрд темæ раргом кæны йæхирдыгонау, æрмæст хъуыдытæ фæхъæуы бафидар кæнын. «Кластер» саразæн ис грамматикæйæ кæцыфæнды темæйæ дæр.

Цымыдисаг у *«урок-сфæлдыстадон æрмадз».* Скъоладзаутæ урочы темæмæ гæсгæ рагацау бацæттæ кæнынц нывтæ, иллюстрацитæ, æмбисæндтæ, ныффыссынц чысыл сочиненитæ, æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, саразынц сæхи чысыл чингуытæ, блокноттæ. Урок-æрмадзы ахуырдзаутæ кусынц къорды мидæг. Урочы бацæттæ кæнынц сæхи чысыл проектон куыстытæ: *къласы къулын газет, æмдзæвгæты кæнæ сочинениты æмбырдгонд, нывты альбом, фыстæджыты æмбырдгонд* æмæ æнд. Цыбыр рæстæгмæ кълас фесты æцæг сфæлдыстадон æрмадз, кæцыйы алкæмæн дæр ис йæхи хæстæ, алчи дæр æххæст кæны йæхи сæрмагонд куыст. Урочы кæрон алы къорд дæр радзуры йæ проекты тыххæй. Ахæм урочы сæйраг хæс у скъоладзауты æмгуыст кæнынил æфтауын, коллективы мидæг хи раст дарынил ахуыр кæнын; кæрæдзимæ хъусынил, кæрæдзийы ныхас æмбарынил æфтауын.

Алы урочы дæр хъуамæ уа, скъоладзаутæм цымыдисаг чи фæкæса, се 'ргом сын йæхимæ чи раздаха, ахæм чысыл фæзилæн, «урочы апп» («изюминка»).

Скъоладзауты сцымыдис кæнынæн æхххуыс сты сфæлдыстадон куысты хуызтæ: лексикон диктант кæнæ диктант-дзырдбыд, урочы хи уыци-уыцитæ хъуыды кæнын, фæдзæхстон диктант, хæслæвæрд «уæлдай дзырд/дамгъæ ссар» æмæ æнд.

Ранымад активон æмæ интерактивон куысты хуызтæ сты тынг æххуыс сывæллæтты зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр, фæхъæздыгдæр кæнынæн, сæ ныхасы хъæд фæаивдæр, фæрæсугъддæр кæнынæн, баст ныхас кæнынил ахуыр кæнынæн.

Уыдон иуууылдæр уæрæхдæр кæнынц сывæллæтты зонындзинæдтæ, хъæздыгдæр кæнынц сæ миддуне. Скъоладзаутæм афтæ арæзт ахуыры куыст кæсы хъæлдзæг æмæ хиирхæфсыны хъæзтытау, фæлæ сæ ахадындзинад та, кæй зæгъын æй хъæуы, стыр у.

Ахæм уроктæ аразгæйæ, ахуыргæнæг гуырын кæны бæллиццаг фæстиуджытæ скъоладзауты хъомыл кæныны æмæ сæ зонындзинæдтæ бæрзонддæр кæныны хъуыддаджы.

*ТОХСЫРТЫ Къоста*

## ХÆХХОН ЗЫМÆГ

Урс зымæг æрцыд,
Æрфистæг.
Нал æнцайы
Уад къуыззиттæй.
Дон ныссалд,
Ныддæвдæг комы,
Дурæй дæр
Сæттын нæ комы.
Авгау их вæййы
Цъæх-цъæхид,
Дондзаутæн ныр у
Цæттæ хид.
Мит ныууарыди
Ædæрсгæ,
Урс зымæджы
Урс – нæ фæзтæ.
Махæн та
Нæ вæййы ихæн,
Къахдзоныгътыл
Уайæм ихыл.
Разæй атындзын
Æз дугъы:
Бафтид кæд



Уæлахиз къухы.
Æмæ цæстысыг
Фæкæлы,
Фæлæ уадултыл
Нæ сæлы.

## ЗЫМÆГОН ÆХСÆВ

Мæй кæсы, нæ тавы,
Уазал у йæ рухс.
Нарæг комы арфы
Къада дон ныхъхъус.
Арв цæхæртæ калы,
Зæхх ысси кæлæх,
Бонвæрнон ыстъалы
Ихæнæй ныцъцъæх.
Махæн дæр нæ бæсты
Карз зымæг ныддаргъ,
Тархъæды бæлæсты
Урс-урсид ысцагъд.
Ацафон нæ мæргътæ
Уазалæй тæрсынц,



Нартхоры хъæллæгъты
Хъарм фынæй кæнынц.
О, мæнæ цы рæстæг,
Боны хуызæн – рухс.
Ахсæв нæм фæхæстæг
Арвы цъæх æрдуз!

## ФÆЛЛОЙ

Æз мæ цард фæллойыл
Алкæд дæр бæттын.
Ницы ис æнцойæ, –
Базыдтон кæрдын.

Адауын мæ цæвæг,
Саудурæй – мæ хердз.
Ирд зæлдаг цъæх кæрдæг
Æз фæкæнын хенц.



Ӕмӕ уӕд нӕ рӕуӕд
Холлагӕй – ӕфсӕст.
Хор дӕр ын йӕ уӕлвӕд
Авӕрын ӕрмӕст.

Зӕрдӕ – рухс йӕ уындӕй,
Мах ыстӕм хӕлар.
Сау-сауид – йӕ хъуынтӕ,
Гобӕ у, зыгъар.

Хъарм, сыгъдӕг – йӕ дарӕн,
Хизынмӕ цӕудзӕн.
Хъугагӕн ӕй дарӕм,
Бирӕ ‘хсыр кӕндзӕн.

## ХОР

Рагӕй нырмӕ
Хор у цард.
Мах фӕхӕрӕм
Уымӕй ард.

Ацы ӕгъдау
Ма уӕд сӕфт.
Хуры тынтӕй
Куыд уа уӕфт.



Уымӕн ӕмӕ
Хор – бӕркад.
Мингай азты
Зонӕм й’ ад.

Ма фесӕфӕд,
Ма, йӕ кой.
Хор – нӕ дарӕг,
Зӕххы сой.

Мах куы хæрæм
Уымæй ард.
Й’ алы гага дæр
У цард.

## ФЫРАНК

Адджын у мыдау йæ кой дæр,
Рагон сырд – фыранк – нæ дзырддаг.
Иннæ бирæ цæрæгойты
Уый йæ рæсугъдæй нымбылдта.
Ирд – йæ хъуын, зынгау æрттивы,
Дардмæ дæр бæрæг фæдары.
Мин азы йæ хуыз нæ ивы,
Алкæд саухъулон кæрц дары.
Бирæ тых хæссы йæ уæнгты,
Ахæм сырд нæу исты нуарджын!
Алы хатт фæкæны хъаджджын.
Æмæ дард фыдæлтæ кадæн,
Уа йæ тых цæмæй сын хайыр,
Бафтыдтой йæ ныв фыранкæн
Иры рагон тырысайыл.
Цал хæстмæ уæдæй фæстæмæ
Иры сахъгуырдты фæхуыдта.



Алы хатт фыранк сæ сæрмæ
Урс тырысайыл фæйлыдта.

## КЪÆБÆДА

Тæнæгæфсæр,
Къæбæда
Æдзух цæгъды
Дзæнгæда.
Цы нæ схауы
Йæ дзыхæй
Æнæхъола,
Фæлвыхæй.
Ыстæвд вæййы
Йæ нана,
Фæкæны
Загъд-замана:
«Дзæгъæл дзырдæй
Фæлмæцын,
Дæ дзыхыл нæй
Æрхæцæн?
Цы ма кæнон,
Цы фæуон?
Уæд дыл цъутта
Æвæрон?!»
Дзыхджын – бæхджын,
Къæбæда
Уæддæр цæгъды
Дзæнгæда.



## НÆ БÆСТÆ

Махæн радта
Цард нæ бæстæ.
Макуы фæуæнт
Рох йæ хæрзтæ.

Мады хуызæн
Хорз у махæн,
Искуы ма уыд,
Цымæ, ахæм?
Кадджын æмæ
Уый рæдау у,
Хъарм зæрдæйæ
Мах рæвдауы.
Буц – нæ абон,
Буц – нæ фидæн.
Мады хæрзтæ
Цинæй фидæм.
Уарзæм бирæ
Мах нæ бæстæ.
Цавæр адджын
У йæ хъæстæ!
Хъуамæ уымæн
Мах цыт кæнæм.
Мадæн никæд
Ис уæйгæнæн.



## НÆУÆНДАГ

Тæрсаг фæдæ,
Нæуæндаг,
Сызмæлыди

Дæ дæндаг.
Ысласын æй
Нæ уадзыс,
Ыскæуынмæ
Фæхъавыс.
Куы ауыныс
Къæдз аркъау,
Уæд дзы тæрсыс.
Цæф дæндаг
Фæриссы –
Йæ маст дæуæй
Фæисы.
Цæй-ма уæдæ,
Нæуæндаг,
Ысласын кæн
Дæ дæндаг.
Кæннод цæудзæн
Йæ бынæй
Æндæр дæндаг
Зылынæй.



# ХУРЫ ЧЫЗГ

*Куырттатаг таурæгъ*

Цардысты æмæ уыдысты дыууæ цуаноны – хиуаг æмæ куырттатаг. Сæ дыууæ дæр чысылæй фæстæмæ æппынæдзух цыдысты цуаны. Ахæм ком сын нал баззад, уыдон кæм нæ уыдысты сырды фæдыл; ахæм хох сын нал аирвæзт, уыдон цы хохы саджы сыкъатæй не сфæлыстой сæ уаты къултæ. Дардмæ айхъуыст ацы дыууæ дæсны цуаноны кой. Бирæ æвзонг цуанæттæ-иу сулæфыдысты арф сæ къæхты бынæй, сæ былтæ ʻхсынгæ, уыдон хъæбатыры кой фехъусгæйæ, бирæ зæронд цуанæтты фæцис æмбæлæггаг ацы дыууæ номдзыд цуанонæй. Гъе, фæлæ дыууæ номхæссæн цуаноны, хиуаг æмæ куырттатаг, кæрæдзийы кад æмæ ном цы хъуыстой, уый йеддæмæ кæрæдзийы никуы федтой.

Иурæстæджы цуаны ацыд куырттатаг æмæ фæцыд сау хъæды мидæг цалдæр боны: фæхæтыд, фæрахау-бахау, фæрафт-бафт кодта, æхсæвæй-бонæй никуы æрлæууыд, цæст не ʻрцъынд кодта. Фæлæ никуы ницæуыл сæмбæлд æмæ уæд фæстæмæ раздæхт уæнтæхъил, сæргуыбырæй. Хæхтæй дæлвæзмæ куыддæр æрхызт, афтæ суыдта рагъы фахсыл иу æстдæссион саг.

Хиуаг цуанон дæр раст уыцы афон уырдæм æрбахауд сырдагур, æмæ уый дæр суыдта уыцы саджы. Дыууæ цуаноны кæрæдзийы нæ федтой рагъы тигъæй æмæ афтæмæй иу рæстæджы æмæхст фæкодтой саджы. Саг фæцæф æмæ ныттылд сæ бынмæ комы дагъмæ. Уырдæм æм æмрæстæджы иумæ нызгъордтой. Афтæмæй дыууæ цуаноны саджы марды уæлхъус ныхæй-ныхмæ фесты.

Куырттатаг цуанон хъæр кæны хиуагмæ:

– Гъей, хорз лæг! Мæ сырдмæ мын кæдæм цæуыс?

Хиуаг дæр бахъæр кæны куырттатагмæ:

– Гъей, æфсымæр! Ацы сæрджын саг æз куы рамардтон, уæд æм ды кæдæм цæуыс?

Цуанæттæй сæ иу саджы фæстаг къæхтыл ныххæцыд, иннæ – саджы æстдæссион сæрыл, афтæмæй йæ дыууæрдæм райваз-байваз систой.

Куырттатаг цуанон загъта хиуагæн:

– Фенæм æй, æмæ кæд ацы саджы мард дыууæ нæмыгæй цæф разына, уæд æй ды дæр фæцæф кодтай æмæ æз дæр!

– Фенæм æй! – загъта цингæнгæйæ хиуаг.

Æркастысты саджы мардмæ, федтой йæ æмæ, æцæгдæр, саг дыууæ цæфы разынд: топпы нæмгуытæй иу саджы рахиз уæны ахызт, иннæ та – саджы галиу уæны астæу. Фæлæ дыууæ нæмыгæй чи кæй уыди, уый нæ рабæрæг.

Уæдæй фæстæмæ базонгæ сты дыууæ цуаноны. Радтой кæрæдзимæ æуууæнчы къухтæ æмæ загътой:

– Абоны сæмбæлд нын амонды сæмбæлд уæд! Кæддæриддæр ныл рæдау Æфсати йæ сæдæсионтæ афтæ рæдау цы уадза! Абонæй фæстæмæ мах – æрдхорд æфсымæртæ! Ракæнæм саджы сæр ныр!

Куырттатаг загъта:

– Саджы мард æз дæуæн æнæхъæнæй лæвар кæнын, мæ хиуаг æрдхорд, уымæн æмæ ды ме 'мзæххон дæ, мæ буц уазæг. Нæ фыдæлтыккон æгъдау афтæ амоны!

Хиуаг дæр æй йæ сæрмæ не 'рхаста æмæ йæ уый та æнæхъæнæй лæвар кодта куырттатаг цуанонæн хиуаг æгъдаумæ гæсгæ. Сæ дыууæ дæр сæрыстыр, уаг æмæ æгъдауджын уыдысты æмæ йыл нæ бафидыдтой: иу дæр æй нæ комы æмæ иннæ дæр. Афтæмæй дыууæ номдзыд цуаноныл рагъы бын саджы марды уæлхъус акъул сæрдыгон зæрин хур.

Уæд загътой æмхъæлæсæй:

– Цом, уæдæ, дæлæ Ныхасы бадынц хъæуы адæм æмæ уырдæм ныххæссæм нæ саджы мард, радзурæм сын нæ хабар, æмæ нын Ныхас цы зæгъа, уый уæд!

Ныххастой саджы мард хæстæгдæр хъæуы Ныхасмæ. Уыцы хъæу уыд куырттатаг хъæу.

Ныхасы куыдхистæрæй бадынц дзырддзæугæ лæгтæ.

Дыууæ цуаноны æрбалæууыдысты Ныхасы астæу, æрæвæрдтой адæмы раз саджы мард æмæ сын ракодтой сæ хабар, куыд уыд, афтæ сыгъдæгæй.

Загъта куырттатаг цуанон:

– Æз æнæхъæн къуыри дæн хъæды цуаны æмæ никуы ницы ссардтон. Æрмæст фæстæмæ куы раздæхтæн, уæд ауыдтон мæнæ ацы æстдæссион саг. Хиуаг цуанон дæр афтæ цалдæр боны цуаны цæуы тар хъæдты... Куыддæр æз мæ хъыримаджы кæсæнæй систон мæ акомкоммæ айнæгыл лæууæг саджы рахиз уæн, афтæ хиуаг цуанон дæр систа

йæ хъыримаджы кæсæнæй ацы саджы галиу уæн, æмæ йæ нæ дыууæ дæр иу рæстæджы æмæхст фæкодтам. Саджы мард ныттылд коммæ, æмæ йæм уырдæм ныццыдыстæм. Кæсæм, æмæ саг – дыууæ цæфы иу цæфы хуызæн: хиуаг дæр æй фæцæф кодта, æмæ йæ æз дæр фæцæф кодтон... Уæд æз, фыдæлтыккон нæртон æгъдаумæ гæсгæ, саджы мард æнæхъæнæй лæвар кодтон хиуаг цуанонæн, фæлæ мын æй уый йæ сæрмæ нæ бахаста йæ фыр уæзданæй æмæ йæ нæ бакуымдта. Хиуаг та йæ мæнæн лæвар кодта, æмæ йæ æз дæр нæ бакуымдтон... Ныр у, æмæ фæстагмæ нæ хъаугъа æрхауд сымахмæ... Афтæ у нæ хъуыддаг, мæнæ Ныхасы цытджын хистæртæ. Ныр нын сымах цы зæгъдзыстут? Дыууæ цуанонæй саджы мард кæцыйы хъуамæ уа? Дыууæ дихы йæ акæнæм æмбисыл æмæ йæ афтæмæй байуарæм, уый дæр нын æгад у, афтæ фæкæнынц æрмæстдæр чъынды, æнæфсис цуанæттæ. Ахæмтæ Æфсатийæн адджын не сты. Комбæстæ нын цы зæгъой, уый уæд. Нæ рæстæвзарæн уе стыр Ныхас фестæд!

Уæд сыстад кадджын хистæртæй уæле бадæг урсбоцъо зæронд лæг, йæ къæлæт æрфгуытыл бæрзонд схæцыд æмæ загъта:

– Сымах уæ дыууæ дæр стут чысылæй фæстæмæ цуанæттæ. Цуанон дæрдтæм æфты. Бирæ цыдæртæ цæуы цуаноныл. Сымах æмбисæндтæ, таурæгътæ зондзыстут. Ракæнæд уæ алчи дæр фæйнæ таурæгъы, фæйнæ æмбисонды, æмæ уæ чи хуыздæр таурæгъ ракæна, чи хуыздæр æмбисонд æрхæсса, уый амбулдзæн мæнæ ацы дыууæ нæмыгæй цæф саджы мард... Ахæм тæрхон Æфсатийæн дæр ахъаз уыдзæн. Разы стут æви нæ?

– Разы! – загъта æгъдауджынæй куырттатаг.

– Разы! – загъта стыр разæнгардæй хиуаг дæр.

Хистæр лæг Ныхасы фæрсы:

– Сымах та, хорз адæм?

Ныхас æмвæндæй загъта:

– Ракæнæнт! Ракæнæнт фæйнæ таурæгъы!

Уæд цытджын хистæр загъта хиуаг цуанонæн:

– Фыццаг таурæгъы бар дæумæ хауы, хорз уазæг. Дæ хорзæхæй, бар дæ ис!

Хиуаг цуанон размæ рацыд. Фæсивæд уырдыг æрлæууыдысты, чи арфдæр æркодта йæ даст сæрыл йæ урс пака нымæтхуд, чи йæ цухъхъайы дыстæ хæстæввонгау басчъил кодта рæмбыныкъæдзы онг. Хистæртæ сæ зæлдаг зачъетæ адаудтой нуарджын къухтæй æмæ се

‘ргом саразтой таурагъганагма. Сываллатта ныууагътой дарддзаф къайтыл са хъулай хъазт ама са хъус адардтой Ныхасма. Ныхас ныссабыр. Алчи дар хъусынма араввонг...

Уад хиуаг цуанон архаста ахам амбисонд:

– Уынут ма, мана Ныхасы хорз адам, аз ардаг лаг кай дан. Куыд райгуырдтан ама мыл барцай дас азы куы саххаст, раст уадай фастама суанг абоны онг аз цауын цуаны. Ама куыннае федтон диссагта дар. Куыннае фехъуыстон амбисандта! Манылцы не ‘рцыд, аз цы на бавзарстон, ахам зын загъан у. Диссагай диссагдарта бира ис. Фала аз иу диссаг федтон, ама уый уыд ацагдар ардхарайнаг диссаг.

Иураестадджы ацыдтан цуаны на барзонд хахтам. Цыдаид мыл уад фондз ама ссадз азы. Тархъадма бафтыдтан. Тархъады астау амардтон иу саг. Армаст иу на уыд, фала бира: аз ахам аламаттаг диссаг никуыма федтон, афта бира уыдысты. Нымац сын на уыд, карон сын на зынд. Арвы стъалытай – фылдар, хъады сыфтарай – арахдар. Тархъад са сарыл систой. Саг – амай ай хуыздар, амай ай егъаудар, расугъддар! Чъынды цуаноны цаст дар сын халаг кодта са анадары йа топпы касанай сисын. Фала дзы аз уаддар амардтон армастдар иу. Аргавстон саджы ама дзы махицан бур физонджыта канын мара баласы бын хуссайраг ахсар уахстыл... Уалынма мам арф комы хъаласай арбацыд лафлафганга авдсарон уайыг. Ма разы арлауыд ама ма фарсы нарга хъаласай.

– Да ном цы хуыйны, хаххон дзигло?

Аз ын загътон:

Ма ном «Махи Махадаг!»

Уад уайыг аздахт фастама цинганга, йахинымар цыдарта хъуырхъуырганга, йа авд сарай файнардам касгайа. Аз ай уадидаган базыдтон, ай цавардар стыр тасы фыдбылыз кай у. Ама, анаманигдар, фыдбылызай ферваезыны хос арын хъуыд афоныл. Ма амондан ма цуры иу калдымы къуыдыр февзард. Аз ыл уадидаган ма сау нымат аркодтон ама афта рауад, цыма къуыдырыл лаг бады. Махадаг арамбахстан фасвад андар баласы ауон ама ма хъыримаг саразтон растдар къуыдырма. Анхъалма касын... Уалынма авиппайды заxх нынкъуыст. Тархъад базмалыд! Касын, ама мана арбафсары авдсарон уайыг! Куы арбаввахс, уад йахи

рауагъта цæргæсау, къуыдырыл йæхи ныццавта æмæ цæсты фæныкъуылдмæ скъуымбилтæ кодта къуыдыр æд нымæт: къуыдырæн йæ сау фæздæг акалд, нымæты хъуынтæ та уæйыджы судзгæ комы тæфæй хъæды къуымтæм фæтахтысты. Æз ыл уырдæм суагътон мæ хъыримаг, æмæ уæйыджы сонт богъ дардмæ арвы гæрахау фехъуыст. Хъæд нынкъуыст, гæрах кæмтты анæрыд, арв фæздæгæй фæмылаз. Цæф уæйыг фыр мæстæй йæхи зæххыл фæкодта, æмæ бæстæ зæххæнкъуыстау дардыл нынкъуыст, хæхтæ сæдæхуызон ыннæрыдысты, фурдтæ ратыдтой сæ былтæй, денджызтæ сызмæлыдысты. Зæхх ныккæлынмæ хъавыд, арв – æрхауынмæ... Мæ сæрыхъуын арц сбадт, æмæ мæхицæн тыхджын старстæн: уæйыг афтæ хоста йæхи зæххыл, æмæ тархъæды æнусон бæлæстæ рæбынтыл калдысты.

Уæйыг ныхъхъæр кодта:

– Амардта мæ! Амардта мæ!

Йæ хъæлæс анæрыд æрвнæрдау.

Уыдон уыдысты авд æфсымæры. Æмæ йæм дардæй – арф комы хъæлæсæй – хъæр кодтой йе 'фсымæртæ:

– Чи дæ амардта? Чи дæ амардта?

Уæйыг сæм хъæр кæны йæ уд исгæ:

– Мæхи Мæхæдæг! Мæхи Мæхæдæг!

Йе 'фсымæртæ йæм хъæр кæнынц:

– Уæдæ кæд дæхи дæхæдæг амардтай, уæд ма дын мах цы бакæнæм?!

Бацыд уæйыг тугкалгæ йæ хæдзармæ æмæ уым мæлы йæ хуыссæныл.

Дыккаг райсом куы 'рбабон, уæд æз дæр араст дæн уæйыджы тугвæдыл æмæ йæм æмраст бацыдтæн. Бакастæн æм мидæмæ, æмæ уæйыг мæрдон хъæрзт кæны. Уæйыгæн йæ цæф дæр уæйыг у, дзуры мæм мæрдудæй æддæмæ:

– Иу æхст-ма мæ фæкæн, хæххон дзигло!

Æз ын загътон:

– Æз сырды иу æхст йеддæмæ нæ кæнын!

Йæхæдæг растад. Йæ размæ уыд стыр цæджындз. Уæйыг рамæсты æмæ мыл йæ хæрам рату кодта. Йæ ту цæджындзыл сæмбæлд æмæ цæджындз фæйнæрдæм хъæлтæ фæхаудта. Туйæ мæныл æппындæр куынæ сæмбæлд, уæд фыр мæстæй йæ мидбынаты тъæппытæ фæхаудта.

Бацыдтæн мидæмæ хæдзармæ. Йе ‘фсымæртæ уыцы рæстæг, мæ амондæн, уым нæ разындысты, – уыдысты цуаны, æмæ мæ уый фервæзын кодта, науæд мæ уым куы æрæйййæфтаиккой, уæд мæ удæгасæй анызхъуырдтаиккой æд стæг, æд гæрзтæ. Бахызтæн къæсæрæй æмæ ма уæйыджы хæдзары артдзæсты фарсмæ баййæфтон æрмæст иунæг усы. Суагътон ууыл дæр мæ хъыримаг, æмæ уый дæр йæ хæдбынаты цавд дур фестад, йæ сæр фæнычы атъыста! Мæхæдæг уыцы хуызæнæй рафардæг дæн уырдыгæй. Афтæ раирвæзтæн стыр фыдбылызæй.

Айбæрц фæцыдтæн мæ чысылæй фæстæмæ цуаны æмæ ахæм фыдбылызы никуы бахаудтæн.

Ацы таурæгъ мын куыд раст у, куыд æцæг, куыд æнæ стаугæ йæ радзырдтон, мæнæ Ныхасы хорз адæм, афтæ ацы саджы мард райгас уæд æмæ фæцæуæд фæстæмæ йæ бынатмæ.

Хиуаг цуанон йæ таурæгъ конд куы фæцис, уæд Ныхасы адæм загътой æмхъæлæсæй:

– Æрцæуæд уый! Æрцæуæд уый!

Æмæ, æцæгдæр, фæсивæд фæстæдæр алæууын нæма бафæрæзтой, хистæртæй йæ рихи адауыны бон никæйма фæцис, афтæ кæсынц, æмæ саг æцæгдæр райгас, сыстад, Ныхасы сæрты иу фелхынцъæн агæпп кодта æмæ кæмдæр фæсхох сау комы фæтары.

Æмæ та загъта дыккаг хатт Ныхас.

– Уæлахиз у! Уæлахиз у!

Хистæртæ базмæлыдысты. Адаудтой сæ урс зæлдаг зачъетæ чи – фыр дисæй, чи – хъуыддаджы æцæгдзинад тагъддæр базоныны мондагæй. Фæсивæдыл стыр дисы уынд бафтыд: уынгæгдæртæ балвæстой се ‘рттиваг рæттæ æд урссæр хъаматæ æмæ ифтонгдæрæй лæууынц.

Сбадт йæ бынаты хиуаг цуанон.

Æмæ та ногæй ныхъхъус Ныхас.

Урсбоцъо зæронд лæг растад хистæрты рæнхъæй æмæ дыккаг таурæгъы бар радта куырттатаг цуанонæн. Куырттатаг цуанон сыстад æмæ райдыдта йæ таурæгъ:

– Æз чысылæй нырмæ цæуын цуаны æмæ бахаудтæн иу ран иу стыр фыдбылызы. Ахæм æнахуыр диссаг зæххыл никуыма æрцыд. Тыххæй ма раирвæзтæн уыцы фыдбæллæхæй.

Цæвиттон, уый уыд афтæ.

Иурæстæджы тархъæдмæ цуаны ацыдтæн æмæ æнæхъæн дыууæ

къуырийы фæзылдтæн хъæды мидæг. Мæхи хастон сырды фыдæй. Ахæм талынг кæмтты æмæ-иу ахæм дзæгъæл хъæдты бацыдтæн, æмæ-иу мæ сæрмæ арв дæр нал уыдтон: хъæды мидæг – тархъæдæй, кæмтты мидæг – бæрзонд къæдзæхтæй.

Дыууæ къуырийы бæрц куы фæцардтæн ахæм уавæры хъæды, уæд ацыдтæн дарддæр æмæ бахаудтæн фыдрæттæм. Иу ран фæцудыдтон æмæ арф комы бын мæ зуыгъ-зуыгъ ссыд. Мæ хъыримаг иуæрдæм фæхаудта, мæхæдæг – иннæрдæм. Тыххæй-амæлттæй ма ссардтон мæ хъыримаг. Æмæ та лæсын райдыдтон уыцы ранæй хæрдмæ. Мæ уд аскъуыд, мæ тых мæхицæй нал уыд, афтæмæй схæццæ дæн уæлвæзмæ... Кæсын, æмæ дзы – фæз. Йæ астæу – къаннæг лæгуын, æмдымбыл фæйнæрдæм цъæхгæрдæг адардта. Æрбадтæн ыл, уæдæ цы, фæлладæй, тынг мæстыйæ. Чысыл аулæфон, зæгъгæ, куыд загътон, афтæ иу фыдбылызы цæргæс кæцæйдæр бæрзæндæй йæхи рауагъта æмæ мæ йе 'ндон ныхтæ фæсагъта! Йæ фатгард ныхтæ мæ афтæ арф фæцавта, æмæ мæ уд куыннæ схауд. Загътон мæхицæн: фесæфтæн, æндæр ма цы...

Аскъæфта мæ цæргæс æмæ мæ схаста тар хохы сæрмæ. Тар хохæн йæ сæрæй йæ бынмæ тугахуырст адардта. Уыцы хохы сæрæй суанг Дзутты Кудзи куы ракастаид, уæддæр зæхх нæ федтаид йæ дæрддзæвин цæстæй, гъе афтæ æнæуаг фыдбæрзонд уыд хох. Йæ цъуппыл мæ куыддæр æрæвæрдта цæргæс æмæ мæ ныр йе 'рдын бырынкъæй æркъуырцц кæна, зæгъгæ, афтæ мæ разы февзæрд былгонд, æмæ уырдыгæй расхъиудтон! Бынæй уыд уæрæх лæгæт, æмæ йæ раз æддæмæ къуыпп ахаста рындзау. Æз раст уыцы къуыпмæ ныххаудтæн. Ныр къæдзæхы сæрæй куы акастæн, уæд мæ быны сау зæххы тæпп нæ федтон æмæ не 'мбæрстон, кæм дæн, уый. Уырдæм куы æрхаудтæн, уæд мæ фæрстæ фæцæфтæ сты лæджы стджытыл æмæ æнæнымæц хъыримæгты цъæлты рæдзæгъдтыл. Цæмæйдæриддæр, тугхор цæргæс йæ бадæнмæ кæй хаста, уыцы адæмæн се стджытæ, сæ гæрзтæ калдысты уыцы лæгæты размæ. Лæгæт, æвæццæгæн, уыд цæргæсы бадæн.

Æз хъуыды кæнын: ныр цы бакæнон?

Адæймаг уынгæджы куы бахауы, уæд бар-æнæбары райдайы хъуыды кæнын. Хъуыды кæнын та царды амал у. Æмæ æз дæр æрхъуыды кодтон, загътон мæхицæн: мæ хъыримаг саразон, цæргæс мæ цы ранмæ æрбахаста, уырдæм, къæдзæхы цъупмæ. Цæргæс та æрбахæсдзæн искæй æмæ йæ уым æрæвæрдзæн хæрынмæ. Афтæмæй

йæ уæд æз дæр кæд уырдæм фехсин. Дарддæр мæ хъуыдытæ нал акарстой: мæхи сæр фервæзын кæнынæй мæ цæргæсы туг райсын æхсызгондæр æндæвта. Уый мын куы бантыса, уæд уый фæстæ цы ‘рцæуа, уый æрцæуæд. Удæгасыл цыдæриддæр æрцæуа, хорзæй дæр æмæ фыдæй дæр, – иууылдæр вæййы хи аххосæй, хи уды сæраппонд... Гъе, æз дæр уыцы рæстæг раст ахæм зондыл хæст уыдтæн, æмæ мын хъауджыдæр нал уыди.

Февзæрстон утæппæт алыхуызон хъыримæгты цъæлтæн сæ хуыздæртæй, æмæ иууылдæр кæд разындысты бынтон сæстытæ, згæхæрд; арммæ райсинаг дзы ницыуал уыд. Мæхионæй хуыздæр дзы не ссардтон.

Æмæ æрцæттæ кодтон мæ хъыримаг, растдæр мæ цæргæс цы хохы цъуппыл æрæвæрдта æмæ мæ хæрынмæ кæм хъавыд, уырдæм. Уырдæм та уадиссаг дард нæ уыд: фылдæр-фылдæр иу гæррыйы къуырды бæрц, намæ иу фаты æхсты бæрц.

Кæсын æнхъæлмæ хъыримагифтыгъдæй.

Уалынмæ дын уалæ æрбатахт цæргæс. Æрхаста фыры мард. Æрæвæрдта йæ тугахуырст къæйыл æмæ йæм гъа ныр равнала хæрынмæ, зæгъгæ, афтæ йыл сæндзæрстон мæ рæстдзæф, æмæ уе знаг – афтæ! Расхъиудтой цæргæс æмæ йæ амæттаг къæдзæхæй! Æрхаудысты мыл æмраст. Цæргæс мæ йæ базыры бын фæкодта, фæлæ дзы мæхи байстон, мæ хъамайы бырынкъæй тых æмæ фыдтæй ссæрибар дæн бынтон. Фæуадтæн былгæрон фыры мардмæ, кæсын æмæ фыры бæсты мæ разы уæлгоммæ дæргъæй лæууы дунеты фыдрæсугъд чызг сыгъзæрин фæлысты. Бæстон æм æркастæн æмæ базыдтон, чызг кæй уыд мард... Бирæ федтон бæстæтæ, бирæ федтон адæмтæ, фæлæ дзы ахæм зæххон рæсугъд, ахæм æнахуыр чызг нæ федтон: мардæй дæр йæ цæсгомыл хъазыдысты хуртæ æмæ мæйтæ. Мæ зæрдæ мын æнæнхъæлæджы фæцæф кодта ацы фыдрæсугъд чызджы мæлæт. Загътон мæхицæн: «Куыд амондджын уыдаин, ацы чызджы искуы удæгасæй фыны уæддæр куы федтаин, уæд. Мардæй ахæм фыдрæсугъд чи у, уый ма уагæры удæгасæй цы уыдаид? Цымæ, куыд у йæ фезмæлд, йæ къухы архайд, йæ мидбылты фæхудт, йæ зæрдæйы ахаст? Чи у? Цавæр у? Зæххон у æви æрвон?»

Афтæмæй мæ мидбынаты иудзæвгар сагъдæй баззадтæн, катæйттæгæнгæ, чызгмæ кæсгæйæ, дзæгъæлтæгæнгæ... Фæстагмæ, кæй зæгъын

æй хъæуы, мæ маст ссыд; райстон мæ туг – мæхицæй раздæр уал барвыстон адзалмæ мæхи сафæджы дæр æмæ ацы тæригъæддаг чызджы сафæджы дæр – удхор цæргæсы. Фæлæ уæлвонг хæхты ахæсты кæй уыдтæн æмæ мын айнæгæй раирвæзæн кæй нал уыд æнусбонтæм, уый тас мæ уæддæр йæ быны фæкодта, æмæ мæ цæстытæ тартæ кæнын райдыдтой.

Хъуыдытыл та бафтыдтæн, зæгъын, цы ми бакæнон ныр? Рагæпп кæнин ацы æнæбын къардиуæй æмæ уæддæр – мæлæт æмæ мæлæт, зæхмæ ме стæгдар дæр нæ ныххæццæ уыдзæн. Ма агæпп кæнон, æмæ ам дæр – мæлæт, фервæзæн амал ницы æгъдауæй ис: æнæ дон, æнæ хæринаг, адæмæй – иртæст, цардæй – иппæрд, мæ хæдзарæй – æдде. Нал зæххонтæй дæн, нал – æрвонтæй, нæ – удæгæстæй, нæ – мæрдтæй... Хъуыды кæнын, æмæ мын ницыуал гæнæн ис. Фæлæ уæддæр хъуыды кæнын хъæуы.

Тыхст удæн йæ тыхст хъуыддаг – йæ фыццаг амал.

Æмæ уалынмæ æз дæр æрхъуыды кодтон. Ацы цæргæс, зæгъын, мæн дæр куы хаста, йæхи дæр куы фæрæзта, уæд цымæ уыцы базыртæ слыг кæн, де уæнгтыл сæ бабæтт æмæ афтæмæй айнæгæй дæхи уырдыгмæ айдзæгъд, уæд куыд уаид? Кæд ныххæццæ уон удæгасæй бынмæ, зæхмæ, уæд – хорз, кæд ахауон æмæ ныппырх уон, уæд дæр – мæлæт æмæ мæлæт! Сæфт – дыууæ сæфты! Сæфинаг чи у, уый цас тагъддæр фесæфа, уыйас хуыздæр у. Æнустæм уæддæр ничи цæры...

Мæ амонд ма уыд, мæ хъама æнæхъæн кæй разынд. Хъамайæ слыг кодтон цæргæсы базыртæ æмæ сæ мæ куырæты скъуыдтæй фидар сбастон мæ цæнгтыл. Раппæрстон айнæгæй мæхи æмæ тилын райдыдтон мæ кæнгæ базыртæ. Фæлæ садзгæ базыртæй базыртæ нæй. Куыддæр айнæджы былæй рахаудтæн, афтæ мæ базырты тилынмæ уæлдæф базмæлыд, бæстæ банкъуыст æмæ уæлдæфы тыхджын фæйлауæнтæй чызджы мард дæр рахауд айнæджы былæй мæ фæдыл. Уый мыл дис бафтыдта: фыццаг хатт федтон удæгас адæймаг марды разæй тæхгæ, мард та удæгасы фæдыл тæхгæ... Чызджы мард мæ уæлæ æрхауд æмæ йæ дыууæ мæрдвæлурс къухæй мæ хъуырыл ацауындзæг, цæвиттон, цыма удæгас уыд æмæ мыл барæй атыхст, уыйау. Æз ноджы тынгдæр стыхстæн æмæ мæ базыртæ тынгæй-тынгдæр тилын райдыдтон... Афтæмæй уырдыгмæйы бæсты фæцыдтæн хердмæ æмæ фæтахтæн уæлæрвмæ. Уый мыл ноджы дыууæ ахæм фыддæр тас æмæ катай ба-

фтыдта, ӕмӕ нал зыдтон, цы ми ма бакӕнон?.. Ай хуыздӕр ӕнхъӕл фыддӕр куы фӕдӕн! Зӕхмӕ тырнгӕйӕ, уӕларвы куы балӕууыдтӕн. Ӕнӕкӕрон ӕрвон бӕстӕйы ӕз хицӕнӕй куы аззадтӕн, хӕрз иунӕгӕй. Цӕст стъӕлфӕн нӕ ахсы. Мӕ сӕрмӕ цы ис, цы нӕй, уый бӕрӕг мын нӕй. Кӕдӕм тӕхын, цӕй аххосӕй тӕхын ныр та? Чи мӕ хӕссы? Ӕмӕ кӕдмӕ афтӕ ӕдзӕлгъӕдӕй, ӕнӕсӕрфатӕй тӕхдзынӕн ӕрвирды?

Мард чызг мӕ хъуырыл ауыгъдӕй лӕууы ӕмӕ мӕ уый хуыдуг кӕны: дыууӕ зӕрдӕйы, ӕвзонг чызг ӕмӕ ӕвзонг лӕппуйы зӕрдӕтӕ кӕрӕдзийыл сӕхи сбастой ӕмӕ кӕрӕдзимӕ уарзоны тынтӕ нывӕндынц, ӕрвон тыгъдады зӕдтау тӕхгӕ. Фӕлӕ уыцы уарзӕтты зӕрдӕтӕй иу мард у...

О, ацы мӕнг дуне! Цӕуылнӕ ис гӕнӕн, ӕмӕ ацы хурдзӕсгом чызгыл ӕз мӕ афоныл сӕмбӕлдаин мӕ раны? Уӕд ӕз мӕ дунейы бындуртӕ дӕр рауӕлдай кодтаин ацы хуры амондыл. Ӕмӕ цӕуылнӕ ис гӕнӕн, ӕмӕ ӕз ацы мӕгуыр тӕригъӕддагмӕ дурзӕрдӕйӕ кӕсон? Иугӕр амӕй ницыуал пайда ис, уӕд?.. Цӕуылнӕ хицӕн кӕнӕм мардӕй? Цӕмӕн ӕй уарзын стъӕлдӕй? О ӕвзонг уарзӕгой зӕрдӕ! Мардӕй дӕр куыд тыхджын у уарзондзинад!.. О ме 'нусон сфӕлдисӕг! Кӕдмӕ афтӕ рафт-бафт кӕндзынӕн ӕгӕрон тыгъдады? Кӕд уыдзӕн кӕрон ӕнахъинон тухитӕн? Дӕ уарзоны мард хъаймӕты бонмӕ дӕ хъуырыл ауыгъдӕй хӕсс, афтӕмӕй цоппай кӕн худгӕ хуры бын, де 'нусон сӕфт зонгӕйӕ, дӕ уарзоны уындмӕ дӕ былтӕ 'хсынгӕйӕ, о, цы уыдзӕн, цымӕ, уымӕй удисӕндӕр, уымӕй хъаймӕтагдӕр?

Ӕмӕ бахордтон ард: туг ӕмӕ мын хӕрам фестӕд мӕ мады рӕвдыд, мӕ мады урс ӕхсыры цъыртт, – кӕмдӕриддӕр уон, зӕххыл ӕви арвыл, фыны ӕви хъалы, мӕрдты ӕви уӕлӕуыл, ӕз ацы ӕнӕзонгӕйы мард мӕ риуӕй куы ахицӕн кӕнон, ииуыл ме сӕфт уымӕй куы уа, уӕддӕр! Мард уӕвгӕйӕ дӕр, мӕнӕн ацы чызг хуры удӕгас чызджы бӕсты цӕуы: уӕларвон бӕсты мын мӕ зынтӕ сафы, мӕ тас ӕмӕ мын мӕ уды тӕригъӕд ӕнӕнымӕц ӕнцондӕр кӕны, мӕ зӕрдӕ уымӕ ӕхсайгӕйӕ, мӕ зӕрдӕ айдагъ ууыл рисгӕйӕ. Рох мын кӕнын кӕны мӕ зынвадӕттӕ: сафы мын мӕ риуы рис, кӕд ӕмӕ мын йӕхӕдӕг мӕ риу ног цӕф фӕкодта йӕ хъысмӕт ӕмӕ йӕ уарзондзинадӕй, уӕддӕр... Ай, ӕнӕмӕнгдӕр, мӕ амонд, ме 'нусон амонд цыдӕр у ӕмӕ мӕ уымӕн нӕ хицӕн кӕны: ӕвӕццӕгӕн, зӕххӕй, арвӕй мемӕ ӕмдзу уымӕн кӕны.

О, мӕ царды хъысмӕт! Уӕд та ӕз дӕр ацы мард чызгау ныртӕк-

кæ мардзæрдæ куы фестин! Уæд та æз дæр куынæ уынин цæстæй, куынæуал æмбарин æппæт мæ алфамбылай! Уæд æнусты-æнустæм ацы иухуызонæй нæ иумæйаг амонд ссариккам фæсцард! Фæлæ куы зоныс: æнæ туг ныккалгæ мæлæт нæй. Æмæ хи къухæй хи туг ныккалын та лæджыхъæд бæрæггæнæг нæу лæгау лæгæн...

Уæдæмæ...

Фæлæ хатт фыдæнхъæл хуыздæрмæ сайы...

Сындæггай мæ базыртæ уадзын райдыдтон æмæ раздæхтæн фæстæмæ зæхмæ. Чысылгай-чысылгай зилгæ æрхæццæ дæн зæхмæ. Мæ уд мæ хъуырмæ схæццæ фыдтухæнтæй, фæлæ ирвæзгæ дæр фæкодтон: æрхызтæн зæхмæ.

Æртыккæгæм бон уаг æмæ æгъдауыл бавæрдтон ме 'мзæрдæйы мард хъæубæсты ахъазæй. Йæ ингæныл ын æртхос дурæй самадтон стыр æхсинбадæн мæсыг æмæ абоны онг æхсæвæй-бонæй æз уыцы дзæнхъа мæсыджы сæрæй фæлгæсын арвы тыгъдадмæ, агурын ме 'нæзонгæ уарзоны удæгас зæрдæ. Боныгон кæд нæ, уæд æй æхсæв уæддæр кæд фенин арвыл тæхгæ. Зæгъынц, зæгъгæ, удæгас удтæ уæлæрвты тæхынц цæхæртæ калгæ стъалыты хуызы. Стъалытæ се 'ппæт дæр иухуызон сты, фæлæ дзы мæ уарзоны удыл мæ цæст куы снывзæвид, уæд æй базонин мин мин стъалыты дзыгуырты 'хсæн...

Кæсут, хорз адæм, уыцы фидар мæсыг нырмадæр æгайнæгæй лæууы Зæлладжы къуыппыл æмæ цæхæртæ калгæ æрттивы æхсæвæй-бонæй.

Ныр уæ æз курын, мæнæ хорз адæм, кæд æмæ сымахæй исчи ссара мæ фæстæ мæ уарзоны удæгас зæрдæ, уæд-иу мын æй Æхсинбадæн мæсыгæн йæ сæрыл сæвæрæд сыгъзæрин хъуытазы мидæг, мæн та-иу бавæрут ме 'нæзонгæ уарзоны зæрдæ æмæ мард буары æхсæн – мæсыджы астæу. Æз æнусы бонтæм æнцайдзынæн мæ уарзоны риуыл, йæ удæгас уд та мын мæ сæрмæ сыгъзæрин хъуытазæй алдзæн фæндыр цæгъддзæн...

Иунæг уый курæг дæн æз æгас дунейæ...

Уый уын – мæ фæстаг ныхас...

Ууыл фæцис куырттатаг цуанон йæ диссаджы таурæгъ...

Ныхас ныхъхъус...

Зæрæдтæ риуы лыхъхъы арф нынныгъуылдысты, нымæхстысты. Бæстæ æмгуыппæг ныццис фыр диссагæй.

Æмæ ныхас загъта:

– Æрцæуæд уый! Æрцæуæд уый!

– Ныр, о мæнæ ацы Ныхасы хорз адæм, сымах фæут ам мæ рæстæвзарæг. Сымах байхъуыстат мæ таурæгъмæ, æмæ мын ацы таурæгъ куыд раст, куыд æцæг у, афтæ уыцы саг куыддæриддæр уыд ам нæ разы мардæй, афтæ та мардæй фестæд нæ разы!

Ныхас та загъта:

– Æрцæуæд уый! Æрцæуæд уый!

Фæсивæд фæстæдæр алæууын нæма бафæрæзтой, хистæртæ сæ зачъетæ нæма адаудтой, афтæ бæстæ æнахуыр рухсæй æмхуызон ныррухс, нырттывта.

Адæм фæкастысты æмæ федтой: сæ сæрты æрбатæхы æстдæссион саг æмæ йæ уæлæ бады сыгъзæрин фæлысты хуры æнгæс бæстырæсугъд чызг. Чызг йæ дыууæ къухæй хæцы саджы сыгъзæрин сыкъатыл æмæ йæ цæссыгтæ цæхæртæ калынц Куырдалæгоны цæхæр стъæлфæнтау. Чызгæн йæ цæсгом худы æмæ хъал кæны, дунеты цыдæриддæр мард æмæ фынæй ис, уыдоны иуыл.

Уый уыд Бæстырæсугъд – Хуры чызг.

Саг Ныхасы астæу æрлæууыд æмæ адæм фæджихау сты. Куырттатаг цуанон уæхстуадæй фæуад саджы размæ æмæ йæхи баппæрста сагмæ. Фæцырд æмæ йе ‘ндон мытылхъ цæнгтæй æриста зæхмæ Хуры чызджы. Афтæ зынд, цыма уæларвæй хур йæхæдæг æрхызт зæхмæ.

Ныхасыл дис бафтыд...

Ныхас загъта:

– Уæлахиз у! Уæлахиз у!

Куырттатаг цуанон æмæ Хуры чызг Ныхасы астæу, удæгас саджы фæйнæ фæрстæм лæугæйæ æмæ саджы фæйнæ сыкъатыл хæцгæйæ, сæ мидбынæтты иудзæвгар уадзыгæй сагъдау баззадысты фыр уарзон æмæ фыр амондæй.

Ныхас йæ фæнд æриу кодта æмæ хистæр загъта: куырттатаг цуанон ракодта хуыздæр таурæгъ, уымæн æмæ Хуры чызг адæмы амонд у. Уымæ гæсгæ саджы мард амбылдта куырттатаг цуанон. Фæлæ цуанонтæ сæ дыууæ дæр æцæгдзинад кæй радзырдтой, рæстдзинадуарзаг кæй сты хъуыддаджы дæр æмæ ныхасы дæр, æмæ саджы мард æмæ Хуры чызджы мард дæр удæгæстæ кæм разындысты сæ рæстдзинадæй, уымæ гæсгæ удæгас саг дыууæ номдзыд цуанонæн сæ иумæйаг лæвар

фæуæд æнусон сыгъдæг æмгæртты нысаны сæраппонд; абон сæ иуæн æрхаста йæ сыгъзæрин сыкъатыл амонд, сом та сæ иннæмæн æрхæсдзæн. Хуры чызг чи у, уый та у куырттатаг цуаноны æнусон царды амонд, фыццаг удæмбал, æмæ йæ мардæй дæр никуы ныууадздзæн – нæдæр зæххыл, нæдæр уæларвыл, æмæ абонæй фæстæмæ æвæсмон уæд сæ дагъвæндаг!

– Æвæсмон уæд сæ дагъвæндаг! – æмхъæлæсæй загътой адæм.

Хиуаг цуанон фæуад æмæ куырттатаг цуаноны къух райста, атыхстысты кæрæдзийыл дыууæ уарзон æфсымæрау, стæй уæд хиуаг цуанон загъта:

– Абонæй фæстæмæ æз æмæ ды – æмдых æрдхæрдтæ!

– Æмдых æрдхæрдтæ! – загъта куырттатаг.

– Ды та, æгъуыстаджы Хуры чызг, абонæй фæстæмæ уыдзынæ мæ кæнгæ хо! Амонд хистæрæй кæстæрмæ у. Амонды хызт нæм æркæн уæлхур быдыртæй, – загъта хиуаг цуанон æмæ райста Хуры чызджы къух.

Хуры чызг æмæ куырттатаг цуанон скодтой чындзæхсæв. Иу абонæй иннæ абонмæ даргъ фынгтæ не сцух сты хæрд æмæ нозтæй; иу абонæй иннæ абонмæ не 'рæнцадысты сæ кафт æмæ къæрццæмдзæгъдæй фæсивæд; сæ цагъд æмæ хъазтæй арыдтой хæхтæ, быдыртæ, сæ цин, сæ худтæй бæстæ сæ сæрыл истой. Диссаджы чындзæхсæвмæ иугæндзон уæларвæй мидбылты худт худгæ Хур! Фæсивæд скодтой кады номарæн зарæг дыууæ амæй-ай сгуыхтдæр цуаноныл æмæ йæ дзаг дзæбидыримæ рауагътой хистæртæй суанг кæстæрты онг. Æртæ боны æмæ æртæ 'хсæвы æрвгæрæттæм нæрыди æрвæмдых зарæг.

Зарæг зæгъы:

*Ой, куырттатаг æмæ, зæгъы, уæд хиуаг сгуыхт цуанон,*
*Ой, кæддæр уæлхохмæ æстдæссион саг æмæхст фæкодтой!*
*Ой, куырттатаг æмæ, зæгъы мын уæд хиуаг æрдхæрдтæ,*
*Ой, бирæ рацæрат, ой, Хуры æмсæр Хуры чызгимæ, ой!*

* * *

Гъе афтæ базонгæ сты куырттатаг цуанон æмæ хиуаг цуанон. Уæдæй фæстæмæ уыдон баззадысты уарзон хæлæрттæй. Цуаны дæр цыдысты хицæнтæй нæ, фæлæ æппынæдзух иумæ. Æмæ сын æрвон сырд дæр нал ирвæзт иу æхстæн. Æрмæст-иу сырд куы суыдтой, уæд-иу æй кодтой æмæхст, куыд фыццаг хатт, афтæ. Фæлæ дыууæ æмхуызон нæмыгæй чи кæм хызт, чи кæй нæмыг уыд, уый-иу уæд-дæр нæ хатыдтой дыууæ цуаноны, уымæн æмæ-иу нæмгуытæ уыдысты æмхуызон иу топпы нæмыгау. Тæхгæ дæр кодтой æмхуызон хуры дыууæ тынау: дыууæ нæмыджы-иу сырдæн сæмбæлдысты иу ран æмæ-иу сæ цæфы бынат бæрæг нæ хицæн кодта дыууæ цæсты къуырфау.

Гъе уый уын дыууæ цуаноны таурæгъ, куырттатаг æмæ хиуаг цуаноны таурæгъ, Хуры чызджы аргъау.

*Таурæгъ ракодта Хъæцмæзты Илья*

*Хъайттаты Сергейы чиныг «Ирон хабæрттæ»-йæ ист*

# ХÆЙРÆДЖЫТЫ ХАБÆРТТÆ

* * *

Иухатт нæ хъæуы устытæ сыхаг хъæуæй бæхуæрдоны æрбацæйцыдысты. Уæд машинæтæ хæхты нæма уыд. Хъæумæ сæ бирæ нал хъуыд, афтæ бæх йæ къæхтæ фæстæмæ ныццавта æмæ дзыхълæуд фæкодта, коммæ нал касти. Разæй цы сылгоймаг бадтис, уый йæ уисæй æрцæвы, фæлæ уис ссудзы, бæхы рагъмæ нæ хæццæ кæны.

Уæд устытæй иу афтæ зæгъы: «Нæ бæх цæмæйдæр тæрсы, бæхтæ фыдбылыз адæймагæй хуыздæр æнкъарынц. Æвæццæгæн ныл фæстæмæзæвæтджынтæ (афтæ хуыдтой фæсномыгæй хæйрæджыты) æртыхстысты». Куыддæр сылгоймаг йæ ныхас фæци, афтæ уæрдонæй цыдæртæ агæппытæ кодтой æмæ лыстæг адæм фестадысты. Уыимæ уыйбæрц уыдысты, æмæ сыл цæст не ‘ххæссыд. Апырх сты комы фæхстыл, сæ къæхты хъæр дардмæ хъуыст. Рацыдаид иу-дæс-фынддæс минуты, афтæ æрбайсæфтысты.

Нæ бæх дæр сындæггай хохаг дурджын фæндагыл хъæуы ‘рдæм араст.

*Радзырдта йæ Беккуызарты Хадизæт, 93-аздзыд.*
*Ныффыстой йæ Дзуццаты Амыран æмæ Калоты Зæирæ,*
*Алагир, май, 1993 аз*

* * *

Нæ сыхæгтæ Хæйрæджыты æхсæв кодтой. Æргæвдын хъуыд карк. Сæ ус загъд-замана систа, мæ кæрчытæ скуынæг сты, ацы бæрæгæхсæв та ма нæ чердыгæй хъуыди, зæгъгæ. Йæ лæг – æгъдауыл хæст адæймаг, усмæ нæ байхъуыста æмæ карк аргæвста, стæй йæм фæдзырдта: «Карк асыгъдæг кæн æмæ йæ сфыц». Æфсин хъуыр-хъуыр кæны йæхимидæг, афтæмæй карчы пакъуы тоны. Æхсæвæр куы бахордтой, уæд карчы стджытæ тæбæгъы æрæвæрдтой, райсом сæ искуы баныгæндзыстæм, зæгъгæ.

Райсомæй бон куы ‘рбарухс, уæд бинонтæ сыстадысты. Ус, карк кæм сыгъдæг кодта, уырдæм бацыд аходæн цæттæ кæнынмæ. Кæсы, æмæ дын пъолыл, йæ пакъуытæ æрдæгтынд, афтæмæй хæдмæлæй лæууы, цы карк аргæвстой, уый. Дисы куыд нæ бацыдаид! Лæг хæдмæл

карк куы федта, уæд усæн загъта: «Искуы ма Хæйрæджыты æхсæв карк куы æргæвдæм, уæд-иу хъуыр-хъуыр мауал кæн – æвæндонæй сын цы карк аргæвдай, уый сæ нæ хъæуы. Бамбæрстай?»

*Радзырдта йæ Беккуызарты Хадизæт, 93-аздзыд.*
*Ныффыста йæ Дзуццаты Амыран,*
*Алагир, май, 1993 аз*

## ХÆЙРÆДЖЫ АРФÆ

Мæгуыр лæг Гæмæт йæ бинонтимæ бирæ фыдæбон кодта, фæлæ йын ницы æнтыст сæ цард фæхуыздæр кæнынæн. Цас фылдæр куыстой, уыйас гæвзыккæй-гæвзыкдæр кодтой.

Уæд иубон Гæмæтæн йæ кæстæр фырт Керым афтæ:

– Диссаг, баба, уыцы æнæзонгæ сылгоймаг нæ хæдзары къуымты цы рацу-бацу кæны?

– Цавæр сылгоймаг, æз куы ницы æмæ никæй уынын, – бадис кодта Гæмæт.

– Ау, куыннæ йæ уыныс? – загъта та Керым. – Уæртæ йæ уæлæ зæлдаг дарæстæ, йæхæдæг дæр – цирчы рæсугъд. Æрмæст йæхи ‘гъдауыл нæу!

Бамбæрста Гæмæт, уый хæйрæг кæй у. Йæ арыны афон æрцыдис, æмæ æххуыс агуры Керымæй. Йæ фыд амоны лæппуйæн:

– Уый хæйрæг у. Хъус æмæ, хъæрзын куы фехъусай, уæд дæ цæппæр раскъуын æмæ зæгъ: «Амæй тагъддæр!» Уæд ын фегуырдзæн.

Керым йæ хъус дардта, æмæ æцæгæйдæр иуафон хъæрзын райхъуысти. Лæппу йæ цæппæрмæ фæлæбурдта æмæ ныхъхъæр кодта: «Амæй тагъддæр!»

Чысыл рæстæджы фæстæ йæм чидæр æрбадзырдта: «Бузныг, Керым. Сымахæн та ардыгæй фæстæмæ уæ бæркад бирæ. Æрмæст дæ зæрдыл бадар, «нал нæм ис», зæгъгæ, макуы дзурут. «Дзаг нæм алцы дæр», зæгъгæ-иу дзурут».

Уæдæй фæстæмæ Гæмæты хæдзар хъæздыг кæнын райдыдта. Сæ алы куысты дæр уыдис бирæ бæркад. Уæлдайдæр, Керым цы хъуыддагмæ йæ къух нæ бадардтаид, алцы дæр ын æнтысти.

*Радзырдта йæ Татраты Нинæ,75-аздзыд.*
*Ныффыста йæ Дзуццаты Хасан,*
*Дзæуджыхъæу, 1998 аз*

# ЦУАНОН ТУГЪАН ӔМӔ ХӔЙРӔГ КУЫД БАЛЫМӔН СТЫ

Ацы хабар дæр кæддæр незаманты, хæйрæджытæ ма адæммæ æргом куы цыдысты, уæд æрцыд Хъуды комы. Мæнæн æй мæ фыдыфыд радзырдта, уымæн та – йæ фыдыфыд. Дзырдтой, æцæг, дам, уыдис ацы хабар.

Симон æмæ Косерæн сæнтыст иунæг лæппу, æмæ йыл Тугъан сæвæрдтой. Лæппу диссаджы хæрзконд, тыхджын, фæлæ зæрдæйы кондæй фæлмæн адæймаг рауад. Хорз цуанон æнæхъуаджы сырды лæппын нæ фехстаид. Сырды мард-иу куы ‘рхаста цуанæй, уæд-иу йе ’рдæг йæ мад Косер адæмыл байуæрста. Адæм сæ бирæ уарзтой.

Иу цалдæр хатты та ацыд цуаны, фæлæ йæ къухы ницы бафтыд.

Уæд та иубон цуаны абалц кодта æмæ хъæды æгæр арф бацыд. Уалынмæ цыдæр хъæр йæ хъустыл ауад. Фæтагъд кодта, хъæр кæцæй фæцыд, уырдæм æмæ ауыдта æвирхъау ныв. Стыр арс иу лæппуйы йæ быны фæкодта æмæ йæ скъуыдтæ кæны. Тугъан ныхъхъавыд æмæ арсы амардта. Лæппу цæфтæй фервæзти æмæ Тугъанæн раарфæ кодта.

– Ацы хъæды арфмæ дæ цы ‘рбахаста? – бафарста йæ Тугъан. – Цуаноны хуызæн дæр куынæ дæ.

– Тæрсгæ мæ ма фæкæн, – дзуры цуанонмæ лæппу. – Ӕз зæххон адæймаг нæ дæн. Мæ фыд хæйрæджыты паддзах у. Махæн адæмæн нæ бон фыдбылыз ракæнын куыд у, афтæ хорздзинад ракæнын дæр у. Ды мæн мæлæтæй фервæзын кодтай æмæ зæгъ, цæмæй дын бафидон дæ хорздзинад?

Цуанон ахъуыды кодта æмæ афтæ:

– Нæхимæ афтидæй куынæ фæцæуин.

– Ууыл ма тыхсгæ дæр ма кæн, – зæгъы хæйрæг, – ныр уæхимæ ацу. Амæй фæстæмæ-иу цуаны куы рацæуай, уæд-иу мæнæ ацы уадындзæй ныууас. Стæй уæд исты уыдзæни.

Хæйрæг уадындз радта Тугъанмæ æмæ фæцыдæр. Кæсы Тугъан, æмæ уæртæ саг фæлидзы. Фехста йæ, уæдæ куыд уыдаид. Саг афæлдæхт.

Уæдæй фæстæмæ æнæ сырды мард никуыуал раздæхт цуанæй. Цуаны цæугæйæ, йемæ хæринаг нал хаста. Йæ мад Косер тыхсти, æххормагæй дæхи цæмæн фæмарыс, зæгъгæ. Куынæуал æй уагъта, уæд ын хабар сæрæй-бынмæ радзырдта:

– Цуаны куы ацæуын, уæд уадындзæй ныууасын. Мæ зонгæ хæйрæг мæ разы фесты. Нæ разы фынг фæзыны, йæ уæлæ – алы диссаджы хæринæгтæ æмæ нуазинæгтæ. Хæйрæг адæймаджы хуыз райсы, – дзуры Тугъан йæ мадæн. – Иумæ фæбадæм, фæминас кæнæм. Бирæ цыдæртæ мын бацамыдта царды фæндтæй. Нæхимæ куы фæцæуын, уæд мыл сырд раскъæры.

Косер ыл куынæ бауæндыд, уæд хæйрæгæй бар ракуырдта æмæ хæринæгтæй йæ мадæн дæр æрхаста. Тугъан ус куы ракуырдта, уæд сæм фæзынди лæппуйы хуызы. Бирæ хæзнатæ йын балæвар кодта.

Рæстæг та – дугъон бæх, дымгæйау атахти. Тугъанæн рахъомыл æртæ фырты, йæхи хуызæн хорз цуанæттæ. Уыдоныл дæр хæйрæг йæ арм дардта, æххуыс сын кодта. Ахæм хæрзтæ дæр кодтой хæйрæджытæ адæмæн.

*Радзырдта йæ Саппиаты Ленæ, 75-аздзыд.*
*Ныффыста йæ Дзуццаты Хасан,*
*Дзæуджыхъæу, 2008 аз*

* * *

Дзгойты Хадизæт хæрз æрыгонæй баззади иунæгæй йæ ныййарджыты фæстæ. Смой кодта сæ хъæуккаг лæппу Хазбимæ. Сæнтыстис сын сывæллон – чызг. Фæлæ та ам дæр йæ хъуыддаг нæ ацыд, йæ цардæмбал æй ныууагъта. Æндæр сылгоймагимæ бацард.

Хадизæт куыста, хъомыл кодта йæ чызджы зын уавæрты, фæлладис, тыхстис. Иуæй-иу хатт-иу мæсты дæр сси æмæ-иу кæугæ дæр кодта. Йæ амондæн, чызг рæзыдис сабыр, коммæгæс сывæллонæй. Йæхицæн-иу хъазыдис иу ран, йæ мидбылты-иу бахудтис, йæ чындзытæн-иу цыдæртæ дзырдта.

Иухатт Хадизæт йæ хъуджы атардта хизынмæ. Фыдуаг хъуг иуварс лыгъди, æмæ-иу æй стыр лæдзæгæй раздæхта. Бафæллад æмæ, мидæмæ куы бацыд, уæд лæдзæг къуымы ‘рдæм мæсты æхст фæкодта. Афтæ йæм фæкаст, цыма лæдзæджы баппæрстимæ цыдæр уынæр фæцыди. Сывæллон ныхъхъæр кодта æмæ кæуын райдыдта. Уæдæй фæстæмæ йæ чызг фендæрхуызон. Райдыдта суртæ кæнын, кæуын, ссис мæстыгæр, йæ хъазæнтæ пырх кодта, нал хъуыста мадмæ.

Бафарста дæсныйы, æмæ йын уый загъта:

– Дæ сывæллонмæ дын цыдис хæйрæджы сывæллон, æмæ-иу иумæ

хъазыдысты. Фæлæ, ды лæдзæг куы фехстай, уæд ауад хæйрæджы сывæллоныл, æмæ амард. Ныр йæ мад йæ маст исы дæ чызгæй. Ныр цу æмæ æртыццæг æхсæв иу карк аргæвд, дыууæ чъиригйы скæн æмæ сæ хæйрæгæн ныххæлар кæн. Хатыр дзы ракур, мæн дæр, зæгъ, нæ фæндыд.

Хадизæт афтæ бакодта, стæй алы аз дæр хæйрæджыты æхсæв бæрæг кæнын райдыдта. Сывæллонæн дæр фенцондæр ис.

*Радзырдта йæ Рубайты Мурæ, 68-аздзыд.*
*Ныффыста йæ Дзуццаты Хасан,*
*Дзæуджыхъæу, 2009 аз*



# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***18 декабры*** Дзæуджыхъæуы уыд документалон киноныв «Садон: Сау цæугæдон»-ы премьерæ. Проекты режиссер у Анастасия Шкитина. Проект ивгъуыд азы сси культурон хъæппæристы Президенты фонды дыккаг грантон конкурсы уæлахиздзау.

► ***19 декабры*** Национ наукон чиныгдоны уыд чиныг «Ирон прозæйы зæрингуырд»-ы презентаци. Йæ автор – педагогон наукæты доктор Мзокты Аслан. Чиныг рухс федта ирон аивадон прозæйы бындурæвæрæг, поэт, фыссæг, рухстауæг Гæдиаты Секъайы райгуырды 170 азы бонмæ. Бакæсæн дзы ис Секъайы хуыздæр уацмыстæ, йæ царды хабæрттæ, стæй Джусойты Нафи æмæ, Секъайæ дæнцæг чи иста, уыдоны куыстытæ.

► ***19 декабры*** Дзæуджыхъæуы уыд поэт, Цæгат Ирыстоны сгуыхт ахуыргæнæг, Колыты Аксойы номыл премийы лауреат, Аланты Ныхасы сылгоймæгты комитеты уæнг Гæджынон-Хабæты Риммæйы сфæлдыстадон изæр. Риммæ йæ фæлтæрддзинадæй фæхай кодта суанг фæсарæнты дæр: фæхуыдтой йæ Туркмæ ирон сывæллæтты йæ программæмæ гæсгæ ахуыр кæнынмæ.

► ***20-21 декабры*** Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион тетры уыд спектакль «Отелло»-йы премьерæ. Сценæйы йæ сæвæрдта РЦИ-Аланийы адæмон артист, режиссер Уалыты Гиви. Отеллойы ролы ахъазыд Тыджыты Аслан. Дездемонæ – Сихъоты Фаризæт. Яго – Æлбегты Алан.

► ***13 январы*** Цæгат Ирыстоны Журналистты цæдис снысан кодта æрвылазон преми «Рухстауæг». Фыццаг премийы лауреат сси Дзæуджыхъæуы кадджын гражданин, Уæрæсейы сгуыхт ахуыргæнæг, Советон Цæдисы паддзахадон премийы лауреат Биазырты Валентинæ. Дыккаг премийы аккаг ссис Уæрæсейы культурæйы сгуыхт кусæг, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны сгуыхт журналист, информацион агентад «Иринформ»-ы бындурæвæрæг Таболты Иринæ, æртыккаг преми та лæвæрд æрцыд Мæздæджы районы газет «Моздокский вестник»-ы сæйраг редактор, Уæрæсейы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисты уæнг Сергей Телевнойæн.

*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 1. 2026 г.
Подписано в печать 21.01.2026 г. Выход в свет: 30.01.2026 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 15. Цена свободная

Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м². Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

**Цæгат Ирыстоны мыхуыры æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитет æмæ литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон æрвылмæйон журнал «Мах дуг» æртыккаг хатт расидтысты «МАХ ДУГ»-ы ДУНЕОН ПРЕМИ!**

*Йæ нысан у ирон æвзаг æмæ литературæйы кад фæбæрзонддæр кæнын, авторты литературон уацмыстæ фыссынмæ разæнгард кæнын, алы бæстæты цы ирæттæ цæры, уыдоны Ирыстонмæ æрбангомдæр кæнын, журналкæсджыты ног нæмттимæ базонгæ кæнын. Æмткæй райсгæйæ та, æмзиуунæй ирон литературæйы рæзтыл бакусын.*

*Преми райсыны конкурсы ис 5 номинацийы:*

- ✓ *поэзи;*
- ✓ *прозæ;*
- ✓ *публицистикæ;*
- ✓ *драматурги;*
- ✓ *аивадон тæлмац.*

*Конкурсы архайджытæ477 кармæ гæсгæ дихгонд цæудзысты 3 къордыл:*

- ✓ *7 азæй 15 азмæ;*
- ✓ *16 азæй 35 азмæ;*
- ✓ *36 азæй уæлæмæ.*

*Уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцæудзысты æхцайы преми, Премийы сæрмагонд нысан æмæ дипломтæй!!!*

*Конкурсы къæпхæнтæ:*

***20-æм январæй 31-æм августмæ** авторты бадæттын хъæуы сæ куыстытæ ахæм электрон адресмæ: mahdug@kpmk.alania.gov.ru «Конкурс» дзы фæнысан кæнгæйæ;*

***1-æм сентябрæй 30-æм сентябрмæ** сæрмагонд къамисы уæнгтæ аргъ скæндзысты авторты уацмыстæн;*

***Октябры кæрон** кадджын уавæры уæлахиздзау авортæ æрцæудзысты хорзæхджынгонд.*

*Бæлвырддæр æрмæг базонæн уыдзæн журналы æмæ Мыхуыры æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитеты сайты. Уæ хъус дарут Телеграм æмæ ВК нæ сæрмагонд фæрстæм дæр.*

*Фыццаг къорды архайджыты уацмыстæн къамис аргъ кæндзæн хицæн домæнтæм гæсгæ. Фыст сты Премийы Уагæвæрды журналы сайты.*

*Фæрнæйдзаг ут!*




Индекс 73247
12+